United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization
Birlashgan Millatlarning Ta'lim, fan va madaniyat ishlari bo'yicha tashkiloti
Tashkent Office
O'zbekistondagi vakolatxonasi

Britaniya Elchixonasi Toshkent

O'ZBEKISTON JURNALISTIKA VA OMMAVIY KOMMUNIKATSIYALAR UNIVERSITETI

Нозима Муратова
Назира Тошпўлатова
Гульноза Алимова

FAKE NEWS: МЕДИАДА ДЕЗИНФОРМАЦИЯ

Журналистика ҳәм коммуникация тараўлары студентлери ушын қолланба

ЮНЕСКО басылымлар сериясы
Өзбекистан ғалаба хабар қуралларын қоллап-қуўатлаў жойбары

Н.Ф.Муратова, Н.К.Тошпўлатова, Г.Б.Алимова

FAKE NEWS: МЕДИАДА ДЕЗИНФОРМАЦИЯ

Журналистика ҳәм коммуникация тараўлары студентлери ушын қолланба

Ташкент – “Инновацион ривожланиш нашриёт-матбаа уйи” – 2020

УДК 659.2(075)
ББК 76.0я73
М91

Муратова Н.
Fake news: медиада дезинформация [Матн]: қолланба / Н. Муратова, Н. Тошпулатова, Г. Алимова. – Ташкент: “Innovatsion rivojlanish nashriyot-matbaa uyi”, 2020. –104 б.
УДК 659.2(075)
ББК 76.0я73

“Fake news: медиада дезинформация” оқыў қолланбасы студентлерге информация ағымы оғада күшейген ҳәзирги шәраятта ҒХҚ арқалы узатылып атырған информациялар ишинде “фейк ньюс”, яғный жалған информацияның мазмун-мәниси, келип шығыў тарийхы, қолланыўдан гөзленген мақсети, бундай информация түрлери, олардың аудиторияға көрсететуғын тәсири, жәмийетшилик пикирин басқарыўда роли менен байланыслы түсиниклер ҳаққында билимлер береди, олардың алдын алыў бойынша әмелий көнликпелерине силтеме жасайды. Бул қолланба ЮНЕСКОның Өзбекстандағы ўәкилханасы ҳәмде ӨзЖҒКУ менен биргеликте Уллы Британия ҳүкимети тәрепинен қаржыландырылып атырған “Өзбекстан ғалаба хабар қуралларының жәмийетшилик мәплерине хызмет етиў имканиятларын арттырыў. 2-Фаза” атамасындағы жойбар шеңберинде жаратылған болып, журналистика, ғалаба коммуникациялар факультетлери студентлери ҳәм әмелий журналистика тараўында жумыс алып барып атырған қәнигелерге мөлшерленген.

Пикир билдириўшилер:

Алишер Матяқубов – филология илимлери кандидаты, ӨзЖҒКУ оқыў ҳәм тәрбиялық жумыслар бойынша проректоры.

Муслим Мирзажонов – Human.uz сайты бас редакторы.

Усы қолланба Өзбекстан журналистика ҳәм ғалаба коммуникациялар Университетиниң 30-декабрьдеги 5-санлы Илимий Кеңес протоколы менен баспаға усыныс етилген.

Билимлендириў, илим ҳәм мәденият мәселелери бойынша Бирлескен Миллетлер Шөлкеми (7, Place de Fontenoy, 75352 Paris 07 SP, France) ҳәм ЮНЕСКОның Өзбекстадағы Ўәкилханасы (Өзбекстан, 100037, Ташкент қ., Әмир Темур көшеси, 4-Ц, 1-жай) тәрепинен басып шығарылды.

Бул басылым ашық турдеги ресурста Attribution-ShareAlike 3.0 IGO (CC-BY-SA 3.0 IGO) (http://creativecommons.org/licenses/by-sa/3.0/igo/) лицензиясы негизинде усынылмақта. Пайдаланыўшылар бул басылым материалларынан пайдаланар екен, олар ЮНЕСКОнын ашық ресурс Репозиториясынан пайдаланыў қағқйдаларына бойсынады. (http://www.unesco.org/open-access/terms-use-ccbysa-en).

Қолланбада қолланылған атамалар ҳәм усынылған материаллар ЮНЕСКО тәрепинен бирде-бир мәмлекет, аймақ, қала ямаса олардың тийисли басқарыў шөлкемлери, сондай-ақ, шеклеўлер ямаса шегара сызықларының ҳуқықый статусына билдирилген пикир деп есапланбайды.

Усы китапта билдирилген көз-қараслар ҳәм де пикирлер бойынша авторлар жуўапкер. Олардың көз-қараслары ЮНЕСКОның рәсмий позициясына туўры келмеўи мүмкин ҳәм Шөлкемге ҳеш кандай жуўапкершилик жүклемейди.

Қолланба Уллы Британияның Өзбекстандағы елшиханасының техникалық жәрдеминде таярланды. Қолланбадағы материаллар Елшихананың рәсмий көз-қарасларын билдирмейди.

ISBN 978-9943-6348-0-0

© ЮНЕСКО
© Н. Муратова
© Н. Тошпулатова
© Г. Алимова
© “Инновацион ривожланиш нашриёт-матбаа уйи”, 2020 ж.

МАЗМУНЫ

АЛҒЫ СӨЗ.....4

I БАП. FAKE NEWS ТАРИЙХЫНАН.....7
1.1. Дезинформация түсиниги 7
1.2. Фейк жаңалықлар феномени: тарийх ҳәм раўажланыў 14
1.3. Жергиликли ҳәм халықаралық медиамәканда “фейк”лер.....30

II БАП. FAKE NEWS БҮГИН 39
2.1. Дәстүрий ҒХҚда “фейк жаңалықлар”дың көринислери.....39
2.2. Жаңа медиалар шәраятында fake news, мистификация ҳәм аудитория 43
2.3. Fact check платформалар ҳәм олардың ислеў өлшемлери 55
2.4. Нәтийжели fact checking: методлар ҳәм инструментлер (кейслер анализи) 58

III БАП. FAKE NEWS ВЕ КЕЛЕШЕК.....68
3.1. “Фейк жаңалық”тан информация аппокалипсисине шекем 68
3.2. “Фейк жаңалықларсыз жәмийет” теориясы 78
3.3. “Fake news” ҳаққында қәнигелер не дейди?.....88

ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ: 97

АЛҒЫ СӨЗ

Қолыңызға алған “Fake news: медиада дезинформация” оқыў қолланбасы бүгин журналистика тараўы изертлеўшилери ең көп мүрәжат етип атырған, жәмийетшилик арасында кең талқыланып атырған, сондай-ақ жәмийетти терең тәшиўишке салып атырған “fake” жаңалықлар, яғный жалған, қәлбеки информацияларды изертлеўге ҳәм анализлеўге бағышланады.

XXI әсирге келип информациялық технологиялардың раўажланыўына сәйкес жеделлик ғалаба хабар қураллары хызметине, ол арқалы информация алмасыў процесслерине де көшти. Нәтийжеде, анық мәканда жүз берген ўақыя секундлар ишинде информация тутыныўшыларына жетип бармақта. Бул жеделлик жәмийетте интерактив орталықты жүзеге келтирип, халық та информация алмасыў процесслеринде тең қатнасыў имканиятына ийе болды. Әдетте информация тутыныўшылары мудамы алып атырған яки узатып атырған информациясының туўры яки натуўры екенлигине, оны тексерип көриўге итибар қаратпайды. Бул болса жәмийетте жалған - “fake” информацияның көбейиўине себеп болмақта.

Итибарлы тәрепи бүгинги күнде тек интернет, социаллық тармақларда жәрияланған жаңалықлар емес, ал салмақлы электрон ҒХҚ, әсиресе информациялық сайтлардағы хабарлар ишинде де надурыс информациялар көп ушыраспақта. Жалған, қәлбеки информация болса аудитория санасына кери тәсир көрсетип, адамлар арасындағы түрли мүнәсибетлер, жәмийетте бар болған тәртип-қағыйдалар, қәдирият ҳәм дәстүрлердиң изден шығыўына алып келеди. Сол себепли, ҳәзирги шәраятта қәлбеки, жалған, тоқыма информациялар, яғный “фейк ньюс” мәселеси заманагөй журналистиканың әҳмийетли темаларынан бирине айланды.

Соңғы пайытларда заманагөй жәмийетлик пәнлер системасында илимпазлар ҳәм журналистлер, информациялық қәўипсизлик бойынша қәнигелер “фейк” жаңалықлар машқаласы менен шынтлап шуғылланып атыр. Айтып өтиў керек, усы ўақытқа шекем “fake news” машқаласы бойынша Өзбекстанда журналистика бағдары бар болған жоқары оқыў орынларында жазылған санаўлы питкериў қәнигелик жумыслары ҳәм магистрлик диссертациялары яки ҒХҚ хызметкерлери ушын шөлкемлестирилген түрли оқыўлар, семинар-тренинглерди есапқа алмағанда арнаўлы әдебият жаратылмады.

Усы көзқарастан “Fake news: медиада дезинформация” оқыў қолланбасы бул бағдарда дәслепки қәдем болып, жоқары оқыў орынларының журналистика факультетлери студентлери, сондай-ақ ғалаба хабар қуралларында ислеўши әмелиятшы журналистлерге арналады. Қолланба “фейк ньюс” түсиниги, оның келип шығыў тарийхы, мәниси, жәмийеттеги орны, жеткеретуғын зыяны, оннан қорғаныў усыллары ҳәм жоллары бойынша теориялық билимлерди өзинде сәўлелендиреди. Бул билимлерди өзлестириў болажақ журналистлерде “фейк ньюс” ҳаққында көбирек билиў, жалған, қәлбеки информациялардан рас, туўры информацияны ажырата алыў көнликпесин қәлиплестириў, қалыс ҳәм ҳақыйқый информация таярлаў қәнигелигин асырыў, информация менен ислесиў мәдениятын асырыўды нәзерде тутады.

“Fake news: медиада дезинформация” оқыў қолланбасы төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырыўды өз алдына мақсет етеди:

– “Фейк ньюс” (жаңалықлар) түсиниги ҳәм оның келип шығыўы ҳәм раўажланыўы тарийхы, “фейк” түрлери, миллий ҳәм халықаралық көринислери ҳаққында хабардар етиў;

– студентлерди журналистиканың раўажланыў басқышларында ҳәм жаңа медиалар шәраятында “фейк жаңалықлар”дың көринислеринен хабардар етиў;

– студентлерди Fact check платформалары ҳәм олардың ислеў өлшемлери, нәтийжели методлар ҳәм инструментлер (кейслер анализи) сыяқлы түсиниклер менен таныстырыў;

– ҳәр қандай ҒХҚ түринде информациялық дәреклер менен ислесиў, аналитикалық материал таярлаўда fact checking имканиятлардан пайдаланыўға үйретиў;

– студентлерде “Фейк жаңалықлар”сыз жәмийетти жаратыў ҳаққында қәнигелердиң пикирлерине сүйенип информацияның келешегин болжаў көнликпесин қәлиплестириў.

Сондай-ақ, қолланба информациялар ишинен “фейк”лерди ажыратыў, факт ҳәм санларды тексерип көриў бойынша толығырақ мағлыўмат бериў менен бирге, студент ҳәм журналистлерде бул бағдарда еркин ҳәрекет етиў көнликпесин қәлиплестириў ушын әмелий тапсырмалар бериўди де өз ишине алады.

“Fake news: медиада дезинформация” курсы тийкарынан, баянат ҳәм әмелий шыныығыўлардан ибарат болып, бир семестр даўамында оқыты-

лады. Студент-журналист билимлерин аныклаў ушын аралық ҳәм жуўмаклаўшы қадағалаў өткериледи.

БМШның ЮНЕСКО шөлкеми илим, билимлендириў, мәденият ислери бойынша дүнья көлеминде глобал әҳмийетке ийе болған (билимлендириўди раўажландырыў, саўатсызлықты жоқ етиў, медиасаўатлылықты асырыў) ҳәр түрли жәмийетлик-сиясий, руўхый-ағартыўшылық мәселелерди шешиўге үлкен үлес қосатуғын халықаралық шөлкем екени белгили. Оның Өзбекстандағы ўәкилханасы да хызмети шеңберинде билимлендириўдиң әҳмийетли мәселелерине бағышланған темаларда қәнигелерди оқытыў ҳәм оқыў әдебиятларын жаратыў бойынша қатар жойбарларды әмелге асырады.

БМШ турақлы раўажланыўдың мың жыллық режелери арасында да билимлендириў тараўы сапасын арттырыў, гендер мәселелери айрықша әҳмийетке ийе. Бул бағдарда болса информация узатыў ҳәм тарқатыў қуралларының өз алдына ўазыйпалары бар.

Болажақ журналистлердиң кәсиплик шеберлигин арттырыў, журналистлик материал таярлаўда информацияны тексериў ҳәм туўры дәреклер менен ислесиў көнликпесин қәлиплестириў журналистика билимлендириўинде әмелге асырылады. Бул болса оқыў процесин толық жетилистирип барыў, оқыў режеси, пән бағдарламаларын заманагөй билимлер тийкарында байытыў, тараўдың теориялық билимлери менен бирге турақлы әмелий процесслерди бақлап, оларға сәйкес тәризде заманагөй оқыў-методикалық дәреклер, оқыў қолланбалары ҳәм сабақлықлар менен тәмийинлеўди талап етеди.

Бул оқыў қолланба әне усы мақсетти әмелге асырыў жолындағы бир қәдем болып, журналистика ҳәм ғалаба коммуникация бойынша билим алып атырған студентлер менен әмелиятшы журналистлер, блоггерлер ушын қымбатлы дәрек болып хызмет етеди.

I БАП. FAKE NEWS ТАРИЙХЫНАН

1.1. ДЕЗИНФОРМАЦИЯ ТҮСИНИГИ

Гилт сөзлер: *информация, масс медиа, fake news, дезинформация, мисинформация, интернет, аудитория, жәмийет, глобалласыў, үйдирме, қәлбеки, веб сайт, социаллық тармақлар, блог, блоггер, форум, фото ҳәм видео хостинг, стандарт емес.*

Инсаниять тутынатуғын өнимлер ишинде ең қарыйдарбабы – информация саналады. Оған зәрүрлик ҳәмийше жоқары болған. Әсиресе, ҳәзирги шәраятта, оның орны ҳәм әҳмийети ҳәр қашанғыдан да артып бармақта. Информацияға болған талаптың жоқарылығы, тек оны узатыў қураллары, түрлерине емес, ал информацияның тийкарғы ўазыйпасы, мазмун-мәнисине де өз тәсирин өткерместен қалмай атыр. Информациялық технологиялардың раўажланыўы, әсиресе, интернеттиң пайда болыўы, **биринши**ден, информацияны таярлаў ҳәм жеткериў тезлигин бир неше есеге асырған болса, **екиншиден**, оны қабыл етиў имканиятларын көрилмеген дәрежеде кеңейтип жиберди. Сол себепли бул процессте узатылып атырған информацияның туўры яки натуўры екенлиги оншелли итибарға алынбай атыр. Нәтийжеде, информацияның негизиндеги мақсети абстрактласпақта, оннан түрли мақсет ҳәм мәплер жолында пайдаланылмақта. Жалған, тоқыма, қәлбеки информациялар болса аудитория санасына кери тәсир көрсетип, адамлар арасындағы ҳәр түрли мүнәсибетлер, жәмийетте бар болған тәртип-қағыйдалар, қәдирият ҳәм дәстүрлердиң изден шығыўына алып келмекте. Қала берсе, бүгинги күнде тек социаллық тармақларда жәрияланып атырған жаңалықлар емес, ал салмақлы электрон ҒХҚ, әсиресе информациялық сайтлардағы хабарлар ишинде де надурыс информациялар көп ушырасады. Бул болса жаңалықлар контенти тутыныўшылары оларды талқыламастан қабыл етиў ҳәм оларға көз-көреки исениўлерине алып келмекте.

“Ақырғы жылларда ҒХҚ информация жеткерип бериў каналларынан көре пикирлер алмасатуғын қуралға айланып қалмақта. Социаллық тармақларда барған сайын блоггерлердиң хызмети артып, жәмийетшилик жетекшилериниң пикирлери аудиторияны дәстүрий ҒХҚ ҳәм интернет мәлимлеме ресурсларынан әсте-ақырынлық пенен тартып алмақта. Соци-

аллық тармақлар, блоглар, форумлар, фото ҳәм видео хостингларда масса итибарына усынылып атырған материаллар пайдаланыўшылар арасында кең додаланбақта. Заманагөй коммуникация қураллары барған сайын тексерилмеген яки мыш-мышларға тийкарланып тарқатылып атырған информация дәреклерине айланып қалмақта.[1] Жалған, тоқыма, қәлбеки мағлыўматлардан ибарат бундай информациялар журналистикада "фейк ньюс" делинеди.

• • •

"фейк" сөзиниң жигирмадан артық мәниси болып, қәлбеки, жалған, ҳақыйқый емес, жала, алдаўшы, үйдирме, қалыс емес, жасалма, уйымластырылған, ҳайяр, шәлкес, сум, өсек, ҳийле, шалғытыў сыяқлы сөзлер усылар қатарында.

• • •

Фейк – инглисше fake сөзи анологы болып, заманагөй тил билиминде көбинесе еки түрде: trick – қуў, ҳайяр, алдаў, жасалма, қәлбеки деген мәнилерде қолланады, соның менен бирге гейде swindle – ҳәзил, дәлкек деген мәнилерин де билдиреди. Ҳәр түрли дәреклерге мүрәжат еткенде "фейк" сөзиниң жигирмадан артық мәниси барлығына гүўа болдық. Қәлбеки, жалған, ҳақыйқый емес, жала, алдаўшы, үйдирме, қалыс емес, жасалма, уйымластырылған, ҳайяр, шәлкес, сум, өсек, ҳийле, шалғытыў сыяқлы сөзлер усылар қатарында.

Кең мәниде "фейк ньюс" – бар нәрсени көрсетиўге қаратылған ҳәр қандай қәлбеки, өтирик жаңалықлар, ғыйбат, үйдирме, үгитлеў ҳәм сырлы-жасырын қағыйдалар араласпасынан ибарат. Бул ҳәдийсе әшкар етиў аңсатырақ болған әзелден бар жалған инфорациядан көре қәўиплирек. "Фейк ньюс" жалған хабарлар тарқатыўдан келип шығады, бирақ бул ҳәдийсениң жаңалығы зыян келтириўге урыныўдан ибарат. Информация имканиятлары оны шексизликке байланыстырады. Тийкарсыз, жалған хабарларды тарқатыўдан

[1] Комиссаров М. А. "Проблема распространения недостоверной информации в СМИ и социальных медиа"// Тезисы к выступлению на 20-й Центрально-Азиатской Конференции СМИ "Будущее журналистики".https://www.osce.org › representative-on-freedom-of-media

мақсет кимдидур яки ненидур жаманлап көрсетиў, надурыс, қәлбеки информация тарқатыў арқалы информация тутыныўшылары арасында, аудиторияда белгили шөлкем, офис, мәмлекетлик ғайраткер, сиясий шахс, танымалы адамларға болған исенимсизлик пайда етиў болып саналады.

Сөйлесиў тилимизге кирип келгенине еле онша көп болмаған бундай жаңалықлар, улыўма информация мәканын фейклестириў түсиниги жалатайлық, қәлбекилик, алдаў сыяқлы ҳәр түрли ҳәрекетти өз ишине алады.

Халық арасында наразылық кейпиятын оятыў мақсетинде топалаң шығарыў нийетинде ҳәр түрли жалғанларды ғалаба хабар қураллары арқалы тарқатады.

XXI әсирге келип интернеттиң көрилмеген раўажланыўы себепли "пүткил жәҳән бир қәдем"ге айланды. Ендиликте дүньяның бир мүйешинен жүз берген жаналық басқа мүйешине бирнеше секундларда жетип бармақта. Ҳәр күни жәҳәнде сан-санақсыз ўақыя-ҳәдийселер жүз береди. Инсан өзин орап турған барлықтағы ҳәр түрли сигналлар тәсирин, ҳәтте ҒХҚ арқалы узатылып атырған информациялардың басым бөлегин де тәбийий қабыл етеди. Сол мәниде ҒХҚ, сондай-ақ социаллық тармақлар арқалы узатылып атырған ҳәр қандай информацияны көбинесе туўры, деп есаплайды. Ҳәтте гейде өзин алдап атырғанын билип турып та буған қарсылық көрсетпейди. Ең үлкен машқала да әне сонда. Туўры, деп қабыл еткен информациялар натуўры болып шығады. Бир қәлбеки, жалған информация бир инсан өмирин пүткиллей өзгертип жибериўи мүмкин. Соның ушын ҳәзирги шәраятта қәлбеки, жалған, өтирик информациялар, яғный "фейк ньюс" (жаңалықлар) мәселен, заманагөй журналистиканың, қала берсе жәмийетлик турмыстың ең көп талқыланатуғын әҳмийетли темаларынан бирине айланды.

"Fake news" жер жүзи халқы, қайсы материк, қайсы мәмлекетте жасаўына қарамастан дерлик ҳәр бир инсан дус келиў итималы жоқары болған белсенди медиа платформа саналады. Хош, ол қандай платформа? Оны ким енгизген, ким таярлайды, ким басқарады? Ҳәзирги информация алмасыўы процесслеринде "фейк ньюс"тиң орны қандай? Ол қандай өлшемлерге бойсынады? "Фейк ньюс" жәмийетке, пуқараларға, кең аудитория аңына қандай тәсир көрсетеди? "Фейк ньюс"ти ҳақыйқый ҳәм туўры информациядан ажыратыў мүмкин бе? Жәмийетти, адамларды жалған, қәлбеки хабарлардан қутқарыў ушын не қылыў керек? Не себептен "фейк ньюс" заманагөй медиа маканның ажыралмас бөлимине айланып қалды? Бундай саўаллардың туўылыўы өз нәўбетинде, "фейк ньюс" әпиўайы информацияның бир түри емес, ал XXI әсирде ең көп додаланып атырған

информацияның жаңа феномени сыпатында теориялық ҳәм әмелий мәнисин анықлаў, изертлеўди талап етеди. Бул болса тәбийий, журналистика тараўы қәнигелерин де бийпарық қалдырмады. Соңғы пайытларда заманагөй жәмийетлик пәнлер системасында, илимпазлар ҳәм журналистлер, информация қәўипсизлиги бойынша қәнигелер "фейк ньюс" машқаласы менен шынтлап шуғылланбақта.

Тийкарында "Фейк ньюс" та барлығы ҳәм мазмунына көре "жаңалық" есапланады. Бирақ ол инсанның аңы ҳәм кеўлин аўлаў ушын дәбдебе көтериў белгилерин өзинде көрсеткени ушын белгили дәрежеде яки улыўма тексерилмеген информация саналады. Бундай "жаңалықлар"ды тарқатыўда ҳәр дайым кең аудитория еркинлигин есапқа алынған ҳәм белгили мәниде табысқа ерисиў мүмкинлиги мақсет етилген. "Фейк ньюс"тиң утысы ғалаба аудиторияда басым көпшилик жағдайда ҳақыйқый жаңалықларға қарағанда жоқары турыўында".[1]

"Фейк" жаңалықтың дыққатты тартатуғын тәрепи не?

Неге аудиторияда бундай түрдеги информация, жаңалыққа қызығыў күшли? Гәп сонда, әпиўайы оқыўшы, тамашагөй, тыңлаўшы яки интернеттен пайдаланыўшы бирден туўры информация менен "фейк ньюс"тиң парқын ажырата алмайды. Әсиресе, "фейк ньюс" өзиниң тартымлы, қызықтырыўшы тәбиятына көре, рәсмий, сыйқағы шыққан, қурғақ, тек фактлерден ибарат әпиўайы хабарларға қарағанда креативлиги, дәбдебелиги, итибарды тартыўы менен көпшиликти өзине тартады.

Қызығы, соңғы пайытларда жәмийетте, информация тутыныўшылары арасында сондай хабарлар ақыбетинде ғалаба аудиторияда тексерилген ҳәм рәсмий хабарларға қарағанда, ҳақыйқатты толық сәўлелендирмейди, бирнәрсени жасырады, деген көзқарас үстемлик қылмақта. Буған адамлар өзлери гүўа болған, билген, анық дәреклерден еситкен барлық ҳаққында ҒХҚ бир тәреплеме сәўлелендириўи яки фактлердиң жоқ етилиўи яки индемей турыўы да себеп болады. Ҳәтте жақынға шекем ҒХҚда ислейтуғын шебер журналистлердиң өзлери де хабарлардың қәлбеки, уйымластарылған, жалған болыўы мүмкинлигине исенбес еди. Енди болса ғалаба аудитория негедур "фейк ньюс"ти күтеди (алдынлары бул ўазыйпаны мыш-мышлар,

[1] Ильченко С.Н. 2016. Фейковая журналистика как элемент современной шоу-цивилизации. – Известия Уральского федерального университета. Сер. 1.Проблемы образования, науки и культуры. Т. 153. № 22-3. -С. 14-18.

өсек гәплер атқарған) ҳәм бундай жаңалықларды жеткериўшилер нийети жақсы болмаған юридикалық ҳәм физикалық шахслар есапланады.[1]

Интернеттиң, әсиресе социаллық тармақлардың пайда болыўы себепли ол аудиторияның өсиўине хызмет етиўши информация түрлеринен бирине айланды. “Фейк ньюс” жазатуғын авторлар жүз берген ўақыяларды талқыламайды, ал бундай ўақыяларды ойлап табады яки реал турмыста жүз берген, лекин зеригерли ўақыялар көринисинде күтилмеген стандарт емес усылларды қолланады. Көпшиликти услап турыў, қорқынышқа салыў, исендириў, фактлерди бир жақлама сәўлелендириў, “бузып” көрсетиў, пикирди бир информациядан басқасына шалғытыў, керексиз мағлыўматларды бериў, информация узатыўдың әне сондай усылларынан саналады. Әдетте анық жаңалықлар мүнәсибет етиўге, оннан айырмашылығы “фейк” жаңалықлар туўры “нышан”ға урады. Буның сыры сонда, әпиўайы оқыўшылардың 90 пайызы әдеттеги (экономика, мәденият) жаңалықларды өткерип жибереди ҳәм керисинше көзге тасланатуғын, итибарды тартатуғын ҳәм стандарт емес мазмунға ийе жаңалықларға қызығыў менен қарайды. Оқыўшы өткир сюжетти қәлейди, журналистлер оларды ислеп шығарады.

Биз жасап атырған дәўирди россиялы қәнигелер “постправда” - ҳақыйқаттан кейинги дәўир деп атамақта. Бундай тәрийип ҳаслында адамлардың сезим-туйғыларына қарағанда фактти ң қәдири пәсейген заманагөй санлы жәмийеттиң ҳалаты. Енди сезим-туйғы, баҳа, тәсир, шахсый тән алыў сыяқлы субъективлик алдында турмыста ҳақыйқаттан жүз берген ўақыя-ҳәдийселер

• • •

“Фейк ньюс” әпиўайы информацияның бир түри емес, ал XXI әсирде ең көп додаланып атырған информацияның жаңа феномени сыпатында теориялық ҳәм әмелий мәнисин анықлаў, изертлеўди талап етеди.

• • •

[1] Иссерс О.С. Медиафейки: между правдой и мистификацией. – Коммуникативные исследования.- М. 2014. № 2. С. 112-123.

ҳәм оларға тийисли факт ҳәм дәлийллер салыстырмалы түрде әҳмийетсиз көринеди. Мәселен, АҚШ ҳүкимети priori жынаят ислеўи мүмкин емес, деген адамға фактлер жәрдеминде оны жынаят ислеў мүмкинлигине қайта дәлийллеўге исендириў қыйын. Бундай шәраятта фактлердиң анық көриниси өзиниң ҳақыйқый қәдирин жойытады, бирақ тап сол фактлер әтирапында, фейк хабарларға байланыслы ҳәр түрли қатнас жасаўлар көбейеди.

Дәстүрий ҒХҚ “фейк”тен таза ма?

Соңғы пайытларда жалған, өтирик хабарлар тек кеўилашар басылымлар, интернет яки социаллық тармақларда емес, ал салмақлы, рәсмий басылымлар, ҳәтте абыройлы ҒХҚда да ушыраспақта. Буның себеби неде?

Себеби ақырғы жигирма жылда танымалы яки абыройлы ҒХҚдағы жаңалықлар бөлимин қәлиплестириў усыллары өзгерди. Интернетке шекем болған дәўирде жаңалық алыў ушын редакция журналистлерди ўақыя жүз берген орынға жиберген яки (қандай да бир себеплерге көре биринши болыўдың имканы табылмаса) информацияны исенимли хабаршылардан алған. Айырым жағдайларда ғана басылымның имканияты шекленген болса, информация агентликлери хызметлеринен пайдаланылған. Интернеттиң пайда болыўы менен редакцияларда сайтлар ҳәм социаллық тармақлардың мониторингин алып баратуғын, үлкен аудиторияны тартатуғын қызықлы ҳәм әдеттегидей болмаған информацияны табыў менен шуғылланыўшы арнаўлы бөлимлер хызмети қәлиплеспекте. Тәжирийбениң жетиспеўшилиги, редакциядан ажыратылған ўақыттың таярланатуғын жаңалықлар ушын жетиспеўшилиги, ериншеклик, итибарсызлық, шаршаў – сыяқлы себеплер ақыбетинде абыройлы ҒХҚ да өз фильтринен “фейк ньюс”ти өткерип жибермекте.

“Фейк” қандай информация?

“Fake news” бул аныклаў яки тексерип көриў имканы болыўына қарамай ойлап табылған ҳәм оқыўшыны, аудиторияны шалғытыўға қаратылған жалған, қәлбеки яки өтирик хабар болып табылады. Фейклер, яғный қәлбекилестирилген, қәлбеки хабарлар ҳәм жаңалықлар да информация өними есапланады. Тек оның қурамында туўры информация азырақ бериледи яки улыўма түсирип қалдырылыўы мүмкин.

““Fake news” барлығы ҳәм мазмуны бойынша - “жаңалық”. Лекин ол инсанның аңы ҳәм кеўлин аўлаў ушын дәбдебе көтериў белгилерин өзинде көрсеткени ушын азырақ яки улыўма тексерилмеген информация саналады. Бундай “жаңалықлар”ды тарқатыўда бәрқулла көпшилик еркинлиги есапқа алынған ҳәм мәлим мәнисте табысқа ерисиў мүмкинлиги мақсет етилген. Солай екен, “fake news”тиң жеңиси ғалаба аудиторияда көпшилик жағдайларда ҳақыйқый жаңалықларға қарағанда жоқары турыўда”.[1]

Бундай жаңалықлар стилистикалық жақтан әдеттеги жаңалықларға уқсап кетеди. Бирақ толық яки азырақ тексерилмегени менен ҳақыйқый жаңалықлардан айрылып турады. Ақырғы он жыллықта “fake news” ҳәр түрли интернет ресурсларын, социаллық тармақларын бегили дәрежеде кең қамтып алды. Нәтийжеде интерент-пайдаланыўшылары жалғаннан ибарат мыңлаған хабар ҳәм постларды туўры информация сыпатында қабыл етип, астына “унайды” белгисин қоя баслады.[2]

Фейклер ҳәр түрли форматларда: текстлерди фото, видеожазыўларды қәлбекилестириўден тартып, танымалы адамның буйыртпасы ҳәм тапсырмасы тийкарында жасалма информация материалын жаратыўға шекем болыўы мүмкин.

Әмелий шыныығыў ушын тапсырма

1. Өзиңиз қәлеген ҒХҚдан фейк жаңалықты табың ҳәм оның тәбиятын төмендеги өлшемлер тийкарында анықлаң:

а) өзине тартыў өзгешелиги;

б) исендире алыў усылы;

в) тексттиң қызықлы болыўы;

г) жалғанның расқа уқсаўы;

д) ҳәммеге бирдей қызық болыў ушын дәбдебели ўақыяны жаратыў.

[1] Ильченко С.Н. 2016. Фейковая журналистика как элемент современной шоу-цивилизации. – Известия Уральского федерального университета. Сер. 1.Проблемы образования, науки и культуры. Т. 153. № 22-3. С. 14-18.

[2] Макурин А.И., Возмищева М.А. 2016. Некоторые итоги деятельности Б. Обамы. – Гуманитарные научные исследования. № 11. Доступ: http://human.snauka.ru/2016/11/17653 (проверено 30.03.2019).

1.2. ФЕЙК ЖАҢАЛЫҚЛАР ФЕНОМЕНИ: ТАРИЙХ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎ

Гилт сөзлер: *тарийх, коммуникация, газета, қәлбеки, жалған информация, мыш-мыш, анализ, дәлийл, белги, халық аўызеки дөретиўшилиги, әдебият, хат, пикирталас, тираж.*

“Fake news” түсинигиниң пайда болыўы тарийхы ҳаққында гәп кеткенде, оның тамырлары антик дәўирлерге барып тақалыўы ҳаққында мағлыўматлар бар. Мәселен, бизиң эрамызға шекемги биринши әсирде Октавиан қарсыласы Марк Антонға қарсы надурыс мағлыўмат тарқатыў кампаниясын алып барады. Ол Маркти ишкиликке берилип кеткенлигин ҳәм Мысыр мәлийкасы Клеопатрия VIIның қуўыршағына айланғаны ҳаққында мыш-мыш тарқатады.[1] Соң Октавиан “Марк Антонның күши” деп аталған ҳүжжетти жәриялайды. Бул ҳүжжетте Марк өлиминен соң фараонлар мақбарасына көмилиўин ўәсият еткени жазылған болады. Сол пайытта бул хабар Рим халқының ғәзебине себеп болады. Бирақ кейиншелик хабардың қәлбекилиги, уйымластырылғанлығы мәлим болады.

Улыўма бүгин “Fake жаңалықлар” деп аталып атырған ҳәм информация әлеминде үйренилиўи, талқыланыўы ҳәм бундай хабарлардың алды алынбаса, жүдә үлкен кери ақыбетлер келтирип шығарыўы мүмкинлиги ҳаққында қызғын пикирталасларға себеп болған қәлбеки, жасалма, жалған информациялар еле журналистика пайда болмастан алдын да, мыш-мышлар көринисинде өзара сөйлесиў арқалы адамлар арасында кең тарқалған. Аўызеки коммуникацияның раўажланыўында бундай информациядан ҳәр түрли қарама-қарсылықлар, мәплер жолында пайдаланылған. Қәлбеки, жалған информацияның өзара сөйлесиўдеги аўызеки көриниси ҳәзир де сақланып қалған ҳәм оның тәсир күши заманагөй “фейк”лерден кем емес. Халық аўызеки дөретиўшилигиниң раўажланыўы нәтийжесинде “фейк” информациялардың бир бөлеги ертек-дәстанларға көшти. Ҳәр бир миллеттиң материаллық емес байлығы есапланған ертеклери, дәстанлары, әпсаналарында тил бириктириў, жалған, өтириклер арқалы унамлы қаҳарманларға жеткизилген жаманлықлар сәўлеленген. Олар ҳаслында анық бир халықтың тәбияты, миллий өзиншеликлери, турмыс тәризиниң көриниси болған. Жазба әдебият пайда болғаннан кейин қәлбеки, жалған информа-

[1] Kaminska, Izabella (January 17, 2017). “A lesson in fake news from the info-wars of ancient Rome”. Financial Times. Financial Times. Retrieved July 4, 2017.

ция сәўлеленген ҳалатлар көркем шығармалар мазмунында ушырасады. Буған жәҳән ҳәм миллий классикалық әдебият үлгилеринен тартып заманагөй шығармалардан қәлегенше мысал келтириў мүмкин. Пикиримизди бир шығарма арқалы тийкарлаўға ҳәрекет етемиз.

Атақлы жазыўшы Абдулла Қадирий "Өткен күнлер" романында хат деталынан өнимли пайдаланған. Атабек пенен Кумуш арасындағы жазыспалар шығармадағы күшли драматизмниң қызықлы ҳәм исенимли шығыўын тәмийинлеген. Ҳамид образы арқалы қәлбеки хатлар ҳәм олардың негизиндеги жалған ҳәм қәлбеки хабарлардың қандай уйымластырылғаны шеберлик пенен сүўретленген. Шығармада Атабек ҳәм оның қәйинатасы Мырзакәрим қутыдар өлимге ҳүким етилген эпизодын еслең. Бул қәлбеки айыплаўды Ҳамид уйымластырады. Жалған хабарды еситип, Худаярхан оларды өлимге буйырады. Атабек ҳәм қутыдарды қолларына кисен салып сарайға келтиреди. Қусбеги Атабекти Ташкентте Худаярханға қарсы бас көтериўде, қәйинатасы Мырзакәрим қутыдар болса, бул исти Марғуланда әмелге асырыўда көмекши болғанында айыплайды. Ханның пәрманы оқып еситтирилгеннен соң, ҳүкимди орынлаў ушын оларды дар астына алып кетеди. Усы пайытта қолында хат пенен Кумуш сарайға жетип келеди ҳәм оны Қусбегиге береди. Хатта Атабектиң айыплы емеслиги, керисинше Ташкент ўәлаятында пуқаралардың тынышлығы ушын жуўапкер болғаны жазылған еди. Усы хат себепли Кумуш атасы ҳәм ярын өлимнен сақлап қалады. Жалған хабардың дәлийли сыпатында Атабектиң Қусбегиге айтқан гәплеринен үзинди келтиремиз.

"...– Ҳәзир биз сизиң әдил ҳүкимиңизден бир нәрсе сораймыз: яғный, биз ҳаққымызда жаманлық мақсет пенен шағымшылық етиўши жалахор ҳәм нәпсиқаўлар усы мәжилиске таярлансын да, өзлериниң бахтықара ойлап тапқанларын ҳәм я көрген-еситкенлерин дәлийллеп, бизди қайта дар астына жиберсин. Дәлийллей алмас екен, бизге қазған шуқырларына өзлери жығылсын! Әдиллигиңизден бизиң талабымыз сол..."[1]

Атабектиң Кумушке жазған талақ хаты да "фейк" хабар еди. Шығармадағы хатларда сол дәўирде "фейк" информациялардан қандай пайдаланғаны ҳаққында оқыўшыға жетерли түсиник береди. Көркем шығармаларда сәўлеленген бундай информациялар халық арасында белгили адамлар тәрепинен тарқатылған ҳәм көп жағдайларда тексерилместен шара көрилген, айыпсыз "айыплы"лар жазаланған. Тарийхтан бундай мысалларды көплеп келтириў мүмкин.

[1] Қодирий А. Ўткан кунлар. Роман. – Тошкент. 2018. –Б. 120-121.

Журналистика “фейк”тен басланған ба?

Саўалды бийкарға булай қоймадық. Себеби еле газеталар пайда болмастан алдын көпшилик хабарлар мыш-мыш, өсек гәплер арқалы тарқатылған. Ғалаба информация тарийхында бир неше ҳалатлар журналистиканың раўажланыўында информациялардың үлкен бөлимин өсек гәплер, мыш-мышлар арқалы тарқатылғанын тастыйықлайды. Бундай информациялар тексерилмегенлиги себепли, ҳәммесин туўры деп болмас еди.

Мыш-мышлар информация дәреги сыпатында китап басып шығарыў ҳәм тарқатыўда да кең пайдаланылған. Булар арзан жаңалықларға тийкарланған тексерилмеген информациялар ҳәм китаплар. Орта әсирлерде Францияда бир қатар баспа басылымлар шыққан. Мәселен, “Canard” (французшадан аўдарылғанда “үйрек” жағымсыз ҳаўаз, сазланбаған нота-лар ҳәм күтилмеген гүрриңлер) газетасы болып өткен ўақыя-ҳәдийселер ҳаққында тийкарынан, адамлардың гәп-сөзлерине қарап ағымдағы күнделикли ҳәдийселер ҳаққында рәсмийлестирилмеген мыш-мышлар ҳәм өсек гәплер еди. Бирақ тастыйықланған туўры информация қымбат турар еди. Францияның улыўмамиллий газетасы “La Gazzet” (1631-ж.) басқа еллерде болып атырған жаңалықларды турақлы берип барған. Он еки бетлик газета оқыўшылардың қолына 4 су ға тең еди. Бул пулға пүткил шанарақтың балаларын бағыў ушын еки кило әпиўайы нан сатып алыў мүмкин болған. Газеталар қымбат болғаннан пулы жетпегенлер прокатқа алып оқыйтуғын болған. Американың “The Boston News Letter” газетасы (1704) арзан емес еди. Газетаның бас редакторы ҳәм баспашы, алдын китап дүканы сатыўшысы Джон Кэмпбелл газетаның стратегиялық режесин ислеп шығып, информация топлаўдың турақлы жолын тапты. Редактор өз шығыўларында мыш-мышлар ҳәм өсеклер ишинен қәлбеки информация дәреклерин көрсетип берген. Бахтына газетаны ҳәкимият ўәкиллери көрип болғаннан кейин басып шығарар еди. Қулласы, баспасөз басылымы дәстүрий журналистика үлгиси сыпатында қәлиплескенге шекем мыш-мышлар, өсек гәплер тийкарғы информация есапланған.

ҒХҚ тарийхында журналистиканың пайда болыўы ҳәм раўажланыўының дәслепки дәўиринде жаңалықлардың үлкен бөлимин мыш-мышлар, өсек гәплер қураған. Буның бир неше себеплери болған:

– баспа басылымлар пайда болғанға шекем ғалаба информацияның аўызеки ҳәм жазба түриниң раўажланбағанлығы;

– мыш-мышлардың салыстырмалы түрде арзан болғанлығы;

– цензураның қаттылығы;

– аудиторияны шалғытыўға умтылыў;

– информацияға зәрүрлиги болған ғалаба аудиторияның үлкен қатламын зәрүрлигинен шалғытыў ҳәм соның есабынан басылымның таралымын көтериў ҳәм басылым пайдасын асырыў гөзленген.[1]

“Fake” информациялар газеталарда қашаннан бериле баслады?

“Fake news” бүгин ушын жаңалық емес, дедик. Хош, қәлбеки, жалған информациялар газета бетлеринде қашаннан бери бериле баслады?

Рәсмий жақтан тәрийпленип атырған, тән алынып атырған бундай жаңалықлар баспа басылымлар пайда болғаннан берли бар. Қәнигелер бул тәрийпти үш жүз жылдан көбирек ўақыт алдын, анығырағы XVII әсирде биринши мәрте Германияда пайда болғанлыгын атап өтти. Газеталарда тексерилмеген информацияға қарата “газета үйреги” деген тәрийп қолланар еди. “Газеталарының таралымы ҳәм хабарларының даўрығын асырыўды қәлеген ҳәм өзлерин тәртипли есаплаған редакторлар гуманлы, тексерилмеген, бирақ итибарды тартыўшы жаңалықлардан соң еки ҳәрип “NT”– эн-те белгисин қойған. Ол “non testatum” – “тексерилмеген” деген мәнини билдирер еди. Бул белги астында шама менен төмендеги мазмундағыға “Таксис графлығы аймағында еки баслы ҳәм алты бармақлы бала туўылды”ға уқсас информация тарқатылар еди.[2]

Дәслеп қәлбеки жаңалықлар адамлардың кеўлин алыў, “көз көрип қулақ еситпеген” ўақыяларды тоқып шығарыў, көпшиликтиң дыққатын шалғытыў мақсетинде тарқатылар еди. Екинши тәрептен дәстүрий басылымларға тән болған “газета үйреги” көбинесе ҳәзил характерине ийе болып, тийкарынан автор түсинигин, айтпақшы болған пикирин күлкили сәўлелендирер еди.

Ҳәзил – халық аўызеки дөретиўшилиги үлгиси болып, адамлардың ҳәр түрли биймәни, тутырықсыз турмыслық жағдайларға қарата жаңғырығы сыпатында туўылады. ***“Ҳәзил – кимдидур күлкили жағдайға қойыў арқа-***

[1] Тертычный, А. А. Жанры периодической печати / А. А. Тертычный. — М., 2002. –с.294.

[2] Учёнова, В. В. Беседы о журналистике / В. В. Учёнова. — М., 1985. –с. 5.

лы адамларды шалғытыў мақсетиндеги ҳәрекет яки хабар предмети".[1] Ҳәзил авторлары ўақыя, ҳәдийсе, жағдай мазмунын көпшиликке жеткериў мақсетинде мыш-мышлардан еситкен, бирақ өзлери қатнаспаған ўақыяларды қыял менен жаратады. А.А.Тертычныйдиң пикиринше, егер автор өзи көрмеген ўақыяның тек екинши дәрежели деталларын қайта жаратқан болса, ўақыяның мазмуны өзгермейди. Егер ол өз алдына оқыўшылардың кеўлин алыў, шалғытыў мақсетин қойып, тек соның ушын жалған ўақыяны жаратқан болса, оның басынан ақырына шекем тоқып шығарылған болыўы мүмкин.[2]

Газеталар жумысында дәслеп "сары баспасөз"де жалған, өтирик хабарларды бериў арқалы ҳәр түрли жәнжеллердиң келип шығыўына себеп болар, бул болса басылымның кейинги саны ушын қызықлы мақалаға таяр тема еди. Бундай хабарлар аудитория тәрепинен жан-тәни менен, қызығыўшылық пенен қабыл етилер еди. Қармаққа илинген ҳәм ҳақыйқый жаңалыққа уқсаған бир ғана сын пикир де аудитория итибарын өзине тартар еди. Таблоидлардың базары шаққан болыўына да тоқылған информациялар себеп болған. Ҳәтте интернетте ғалабаласқан ***"clickbait"***лар рубрикасында да адамларды таң қалдырыў, итибарын тартыў, аудиторияны тартыў мақсетинде қәлбеки мағлыўматлардан пайдаланылған.

"Сенсациялық өним базарда ҳәмийше жақсы сатылған. Әсиресе, XIX әсир басларында заманагөй газеталардың пайда болыўы оның баҳасын әне де асырып жиберди. Дизайн ҳәм темалар жағынан өзине тән болған усы басылымлар алдында тек бир машқала, яғный тиражын қалай асырыў мәселеси көлденең турар еди.

"Сары баспасөз"диң пайда болыўы ақыбетинде дәбдебе көтериў, газеталар таралымын асырыў тийкарғы мақсетке айланған. Америка газеталары көпшилик итибарын тартыў, сол арқалы таралымын көтериў мақсетинде жалған, қәлбеки бирақ қызықлы гурриңлер бере баслады. 1835-жыл "The New York Sun" газетасында айда әне бир өмир барлығы ҳаққында мақала жәрияланады. Бул көпшиликте басылымды пайдалы газета сыпатындағы көринисиниң қәлиплесиўине түртки болады.[3]

[1] Тертычный, А. А. Жанры периодической печати / А. А. Тертычный. — М., 2002. –с.294.
[2] Сонда.
[3] J. Soll, "The Long and Brutal History of Fake News," POLITICO Magazine, 18-Dec-2016. [Online]. Available: http://politi.co/2FaV5W9. [Accessed: 02-Aug-2018].

“FAKE NEWS” АРҚАЛЫ КИМЛЕР КҮЛКИГЕ АЛЫНҒАН?

Еле газета пайда болмастан алдын, турмыстағы нуқсанларды, кемшиликлерди халыққа ким жеткерген? Турмыстағы кемшиликлер, нуқсанлар, наҳақлықларды әшкара айтыўдың илажы болмаған. Қарсы сөйлегенлер, наразы болғанлар жазаланған. Бундай кемшиликлерди шаҳлар, короллердиң сарайында ҳәммени күлдирип жүретуғын масқарапазлар айтқан. Олар халық арасында өсек гәплер болған мыш-мышларды, наҳақлықларды, зулымлықларды күлки жолы менен әшкар еткен. Бир қараста, қәлбеки жаңалықлар адамлардың кеўилин алыў, “көз көрип қулақ еситпеген” ўақыяларды тоқып шығыў, көпшиликтиң дыққатын шалғытыў мақсетинде етилгениндей көринеди. Лекин күлки, ҳәзил-дәлкек арқалы сарай ҳәмелдарларының бет жүзин ашып таслаў менен адамлардың сол мыш-мышларға итибарын қаратық мақсетинде тарқатылар еди. Соннан болса керек, дәстүрий басылымларға пайда болғаннан кейин “газета үйреги” де тийкарынан ҳәзил характериндеги текст болып, онда автор ойы, айтпақшы болған пикири күлки менен берилер еди. Ҳәзиллесиў, анекдот ҳәм лаплар ҳәр бир миллеттиң халық аўызеки дөретиўшилигинде бар. Буннан өзбеклер де қуры алақан емес. Әсиресе, ҳәзил-дәлкекке қурылған аския, анекдот, лаплар мазмунына итибар берсек, онда әлбетте қандайда бир социаллық машқала үстинен күлиў бар.

Пикир ҳәм гуманларға бай биринши информация алтыншы он жыллыққа тийисли. “ANECDOTA” (аўдармада “сырлы тарийх”) деп аталған сатиралық шығарма әйемги византиялылар дәўириниң ири тарийхшыларынан бири Прокопий Кесарийский дөретиўшилигине тийисли. Ол ири сәркарда Велизарияның юристи ҳәм хаткери болған. Прокопий сыртқы сиясаттағы түрли ойынлар ҳәм жалатайшылықларды ишинен бақлап турған. Әсиресе, ол ҳүкимдарлар Юстиниан ҳәм Велизарийлар турмысының, биреўлер байқамаған, ең нәзик деталларын да итибардан қашырмаған ҳәм сол пайытта көргенлери ҳаққында жүдә мүнәсип сыр сақлай алған. Прокопийдиң өлиминен кейин “Анекдот” дүнья жүзин көрди. Еле де илимпазлар “Анекдот” шығармасының авторы ҳәм ондағы ўақыялардың исенимли дереклерине сүйенип баян етилгени ҳаққында пикир таласады.

Кейиншелик италиялы жазыўшы ҳәм сатирик Пьетро Аретино Европа журналистикасына өзиниң тили зәҳәр памфлетлери ҳәм сонетлери менен үлес қосқан. Бул шығармалардың ярымы ҳақыйқатқа қурылған, ярымы, жоқары мәртебели адамлардың ҳүрметине қаратылған. Солай етип, күлкиде информация, социаллық машқала барлығы себепли, ҳәзил-дәлкек өз маңызын жойытпастан еле де халық арасында танымалы.

• • •

Дәслеп қәлбеки жаңалықлар адамлардың кеўлин алыў, "көз көрип қулақ еситпеген" ўақыяларды тоқып шығарыў, көпшиликтиң дыққатын шалғытыў мақсетинде тарқатылар еди. Екинши тәрептен дәстүрий басылымларға тән болған "газета үйреги" көбинесе ҳәзил характерине ийе болып, тийкарынан автор түсинигин, айтпақшы болған пикирин күлкили сәўлелендирер еди.

• • •

Ҳәтте газеталар өз таралымын асырыў ҳәм сол арқалы нобай табысқа ерисиў жолында, ҳеш нәрседен, ҳәтте урыс ошағын ашыўдан да бас тартпады. Америкалы белгили медиамагнат Уильям Хёрст сондай иске қол урады ҳәм буның үстинен шығады да. АҚШ пенен Испанияның Куба мәселесинде мүнәсибетлери салқын болып турған бир пайытта Хёрст газета хызметкерлери Р.Гардинг ҳәм Ф.Рамингтонды Кубаға жибереди. Ол жерге барған хабаршылардан "Ҳәмме жақ тыныш. Урыстан дерек те жоқ. Қайтсақ та бола береди" мазмунындағы хабарды алған соң, "Кубада қалыңлар. Сизлер мени мақала менен тәмийинлеңлер, мен болса сизлерди урыс пенен тәмийинлеймен" деп жуўап береди. Соннан кейин "Жорнел" газетасы бетлеринде үйдирме, қәлбеки хабарларды берип барып, еки мәмлекет басшысын бир-бирине қайрайды. Ақыр-ақыбетте урыс ошағын ашыўға ериседи. Нәтийжеде, газетаның оқыўшылары ҳәдден зыят артады.[1] Бүгин болса бундай информациялар баспалар тәрепинен емес, ал қандайда бир мәп яки материаллық табыс алыўды гөзлеген топарлар тәрепинен тарқатылмақта.

Жалған информациялар мәмлекеттиң жуўапкерли адамларын (мәселен президентлерин) абырайсызландырыў мақсетинде де тарқатылған. Әлбетте, бул оларға жақпаған. Мәселен, 2017-жылдың октябринде Fox Business каналына интервью берген Трамп ҳақыйқаттан да жалған информациялар тарқатыў басланғанын айтып өткен еди. Бәлким бул дәўирге келип **"fake news"** атамасының түсиндирмеси бираз өзгерген болыўы мүмкин, бирақ, ол елеберин өз мәнисин жойытпаған. Merriam Webster.Com сайтында

[1] Бобожонова З. Ғирром даҳо қисмати // "Тафаккур" журнали, 2012. № 1. –Б.82-92.

келтирилиўинше, бул атама 1890-жылдан баслап рәсмий дереклерде қолланыла баслаған.[1] Усы деректе “fake news” жаңа атама екенлиги аталғаны менен, оның жасы 125 те екенлиги де қыстырып өтиледи. Сол мәниде үйренген дәлийллер атаманың мәниси емес, ал оның аталыўында алжасықлар барлығын көрсетпекте. Себеби, ол тарийхта қәлбеки яки жалған аты менен жүргизилген. “Fake news” тәризиндеги тәрийп сол ушын да жаңа түсиник сыпатында үйренилмекте.

Соңғы жылларда жаңалықлар нықабы астында қәлбеки, жасалма хабарлар көбейўи сынға алынып, бул ҳәдийсе терең илимий талқыланыўы зәрүрлигин келтирип шығармақта. Нәтийжеде миллий ҳәм шет елли изертлеўшилер “fake news” феноменинин теориялық мәнисин аңлап жетиўге көп мүрәжат етпекте.

“… Ҳеш биримиз “fake news” не дегени, оларды қәлбеки информация яки дезинформациядан қандай парық ететуғынын анықлаўға урынып көрмедик. Бул түсиниктиң мәнисин анықлаўдың анық өлшеми ҳәм методологиясы жоқ”, - дейди Россия сыртқы ислер министрлиги баспасөз ҳәм информация департаменти ўәкили Максим Буякевич ОБСЕ тәрепинен өткерилген “Турақлы болмаған шәраятта ҒХҚ еркинлиги” темасындағы конференцияда сөйлеген сөзинде. Буның үстине, егер жаңалық – жақында болып өткен, сиясий, экономикалық яки социаллық әҳмийети, жаңалығы менен аудитория мәплерине байланыслы барлық ҳаққында жедел хабар бериў болса, “fake news” – бул стилистикалық дүзилиси жағынан тап жаңалық сыяқлы, бирақ жалған яки белгили дәрежеде жалғаннан ибарат хабар. Үлкен көлемдеги “fake news” анализи, олардың төмендеги түрлерге бөлиниўин көрсетеди:

[1] Merriam-Webster, “The Real Story of ‘Fake News,’” 23-Mar-2017. [Online]. Available: https://www.merriam-webster.com/words-at-play/the-real-story-of-fake-news. [Accessed: 02-Aug-2018].

1

Тексерилген яки тексерилмеген информация сәйкеслиги

Ҳәдийсениң жүз берген орны ҳәм ўақтына қарап тексерилген “жаңалық”

2

3

Fake newsда тилге алынған шахслар қурамы

Fake newstиң жаратылыўы ҳәм тарқатылыўы мақсети

4

5

Исенимлилик дәрежесине қарап “жаналық”тың қабыл етилиўи

I. Тексерилген яки тексерилмеген информация сәйкеслигине қарап:

1. Басынан ақырына шекем жалғаннан ибарат “жаңалық”. Мәселен: “Испания хүкимети жергиликли қызға үйленетуғын ҳәр бир эммигрантқа 5000 евродан пул бериў ҳаққында қарар қабыл етти”, сыяқлы жаңалық.

2. Саралап алынған, тексерилген, бирақ қурамында жалған болған информация көринисиндеги “фейк”жаңалық.

3. Анық жүз берген ҳәдийсе тийкарындағы “жаңалық”тың бузып көрсетилген бөлими. Мәселен, буған аудио яки видеожазыў, фотосүўрет, текстten жулып алынған цитата яки белгили мазмун ҳаққында түсиник бериўши ўақыяның бөлеги мысал болыўы мүмкин.

II. Ҳәдийсениң жүз берген орны ҳәм ўақтына қарап тексерилген жаңалық:

1. Ҳәдийсе жүз берген орны ҳаққында туўры информацияға уқсаған “жаңалық” .

2. Анық орында жүз берген ўақыяны басқа орында жүз бергендей етип көрсеткен “жаңалық”.

III. “Жаңалық”та тилге алынған шахслар қурамына муўапық:

1. Танымалы шахстың қатнасыўына силтеме берилген ”жаңалық”тың қәлбеки аккаунтта жайластырылыўы. Мәселен, Euronews телеканалының инглис тилиндеги сайтында Италияның Венето ўәлаяты аймақлық кеңеси тәрепинен Қырым статусын тән алыўға қаратылған резолюциясын қабыл етиўге шақырық ҳәм Россияға қарсы санкцияны бийкар етилиўге россиялылардың рәсмий мүнәсибети сыпатында Россия сыртқы ислер министри Сергей Лавровтың Twitterдеги аккаунты скриншот етип көрсетилген. Кейинирек Россия сыртқы ислер министрлигиниң рәсмий ўәкили Мария Захарова берген шолыўына муўапық, Лавровтың Twitter де аккаунты жоқлығы тастыйықланған.

2. Ўақыяда қатнасқан екинши дәрежели қатнасыўшының тийкарғы шахс сыпатында көрсететуғын “жаңалық”.

3. Шахстың қандай да бир ўақыяға гүўа болғанына тийкарланыўшы, тексерилмеген көрсетпесине тийкарланған “жаңалық”.

IV. Жаратылыўы ҳәм тарқатылыўы мақсетине қарай:

1. “Жаңалық”тың тутыныўшылар ўақтын кеўилли етиў мақсетинде жаратылыўы ҳәм тарқатылыўы. Заманагөй медиатараў өз қурамына “фейк” жаңалықларын ислеп шығарыўшы өз алдына (The Onion в США3,

FOGNEWS4, HOBOSTI5, FIBSTER6, NetLore) медиажойбарлар ҳәм басқа да информация ресурсларын алады.

2. Сиясий үстемликке ерисиў мақсетинде жаратылатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалықлар”: сиясий көзқарасласларды абырайсызландырыў (сондай-ақ, сайлаўалды гүреслер процесинде), масқаралаў, көшедеги тәртипсизликлердиң жүзеге келиўине үндеўши, күш ислетиў жолы менен ҳәкимиятқа ерисиў ҳәм басқалар.

3. Жәмийет пуқараларының келип шығыўы, жасаў орны, тили, миллети, расасы, жынысы, динге мүнәсибети, лаўазымы ҳәм мүлкке ийелик етиў жағдайы менен байланыслы белгилерине қарап ҳәр түрли топарға тийислилиги, сондай-ақ, басқа ҳалатларға қарап кемситиў мақсетинде таярланатуғын “жаңалықлар”.

4. Интернет-трафикти асырыў мақсетинде жаратылатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалықлар”. Бундай көринистеги “фейк” жаңалықларға Viber, WhatsApp мессенджеринен пайдаланыўшылар дус келиўине қатар мысаллар келтириў мүмкин. Социаллық тармақларда жоғалған балалар, үй ҳайўанлары, тезлик пенен кем ушырасатуғын қан топарын белгисиз вирусқа шалынғанларды қутқарыў зәрүрлиги ҳаққындағы “фейк” жаңалықлар есабынан мобил операторлар бир неше есе интернет-трафиктен пайда көреди. Мәселен, жаңа жыл қарсаңында пүткил мәмлекет бойлап социаллық тармақларда төмендеги мазмундағы жаңалық тарқалды: “Бизиң жуқпалы кеселликлер емлеўханамыздағы реанимация бөлиминдеги он баланың екеўи қайтыс болды. Буған себеп – ишинде қурт болған Қытай мандаринлары!” Бул “информация”ны ҳәр түрли елатлы пункттеги жуқпалы кеселликлер емлеўханасы врачлары үзликсиз бийкарлады.

5. Алдаўшылық жолы менен тутыныўшылардың пулларын ҳәм басқа да мүлкин өзлестириў мақсетинде жаратылатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалық”лар. Буған аўыр кеселге шалынған балалардың емлениўи ушын пул жыйнаў ҳаққындағы қәлбеки хабарларды мысал етип келтириў мүмкин. Бундай информациялар тексерилгенде көпшилик жағдайларда жалғанлығы мәлим болады.

6. Пайдаланыўшының компьютерде сақланатуғын информациясына зыян жеткериў мақсетинде таярланатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалық”лар. Мисли, Американың Fox News телеканалы арқалы танмалы актёр Бред Питтиң өлгенлиги ҳаққындағы “жаңалық” астына компьютерге зыян жеткериўши вирусы орнатылады, сол хабарға түймешени басыў менен компьютер истен шығады.

7. Ҳәр түрли компаниялар, жойбарлар, ҳәрекетлер яки айрықша шахслардың итибарын тартыў мақсетинде жаратылатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалықлар”. Бундай “жаңалықлар” көбинесе өспиримлерди өз жанына қаст етиў, компаниялардың дағдарысқа үндеўши қәлбеки, қасттан уйымластырылған хабарлары.

8. Экономикалық хызметтен белгили муғдардағы қәрежетти өзлестириў яки базарды манипулияция етиў мақсетинде жаратылатуғын ҳәм тарқатылатуғын “жаңалықлар”. Bloomberg market қәлбеки сайтында ҳақыйқый Bloomberg агентлиги сайты дизайнын “фейк”хабарына көширип алған. Хабарда қарыйдарлар Google арқалы кириўи мүмкинлиги көрсетилген.

V. Исенимлилик дәрежесине қарап “жаңалық”ты қабыл етиў:

1. Анық фейк көринисиндеги “жаңалықлар”.

2. Тутыныўшыларда алған информацияның қәлбекилигин тексериўге үндеўши “жаңалықлар”.

Бундай “фейк” информациялар соншелли исенимли шығады, ақыр-ақыбетте оның қәлбекилигин тексерип көриў ушын информация тутыныўшыларында ҳеш қандай қызығыўшылық қалмайды.[1]

“Фейк” жаңалықлар классификациясы белгили илимий мәплерге ийе. “Фейк” жаңалықлар жүз берген ўақыя ҳәм ҳалаттың ўақты ҳәм орны, ол бойынша жыйналған персонажлар, фейклердиң жаратылыўы ҳәм тарқатылыўынан гөзленген мақсет ҳәм ўазыйпалар, тексерилген информацияның қабыл етиў дәрежесине қарап информацияны көп яки аз дәрежеде тастыйықланбағанлығын аңлаў мүмкин.

Информацияның тастыйықланбаған дәрежесине қарап “фейк” жаңалықлар үш топарға ажыратылады.

[1] Суходолов А.П. Феномен “фейковых новостей” в современном медиапространстве”

• • •

“Сары баспасөз”диң пайда болыўы ақыбетинде дәбдебе көтериў, газеталардың тиражын асырыў тийкарғы мақсетке айланған. Америка газеталары көпшилик итибарын тартыў, сол арқалы тиражын көтериў мақсетинде жалған, қәлбеки бирақ қызықлы гүрриңлер бере баслады. 1835-жылы “The New York Sun” газетасында айда және бир өмир барлығы ҳаққындағы мақала жәрияланады. Бул көпшиликте басылымды пайдалы газета сыпатындағы көринисиниң қәлиплесиўине түртки болады.

• • •

Биринши топарға *бастан ақырына шекем жалған болған жаңалықлар киреди.* Мәселен, 2018-жылдың жазында айырым жаңалық тарқатыўшы дәреклер Россия ҳүкимети пенсионерлер тәмийнатын бийкарлаў бойынша жойбарды көрип шығып атырғаны ҳаққындағы “жаңалық”ты жәриялады. Бир киси бул “фейк”тиң классикалық көриниси екенлигин дәрҳал анықлайды, басқасы болса мине усы дәбдебели “жаңалық”қа исенеди. Бул адамлар арасындағы айырмашылық ақылының ҳәм мәдениятының қай дәрежеде екенлигин де көринеди.

Екинши топарға *белгили дәрежеде жалған болған “фейк” жаңалықлар киреди.* Ҳақыйқатында жүз берген ўақыяның тийкарында ашық “фейк”лер пайда болады. Мысалы Кемерово қаласында “Зимная вишня” саўда орайында шыққан өрт ақыбетинде социал тармақларда тарқатылған қурбанлар саны ҳаққындағы “жаңалық”лар рәсмий мағлыўматларға қарағанда россиялылардың ғалаба исенимсизлигине алып келген. Бундай түрдеги “фейк”лердиң жәмийеттшилик қәўипсизлиги ушын зыяны жүдә үлкен: адамлар тәшиўишлене баслайды, ҳүкимет алдап атырғаны ушын әдиллик ҳәм ҳақыйқатты талап етиў көринисиндеги шақырықлар пайда болады. Бундай түрдеги “фейк” жаңалықты Өзбекстанда да ушыратыў мүмкин. Мәселен, Әндижан қаласында жаңа қурылған үлгили жайларды кем тәмийинленген шанарақларға берилгени ҳаққында “Өзбекстан 24” каналы арқалы сюжет эфирге кетти. Онда жай алған пуқара Хуршида Тиллаева жаратылған шәраяттан қуўанышлы екенлиги ҳәм буның ушын мәмлекет басшысына миннетдаршылық билдирип интервью берген. Ертеси күни “Озодлик” социаллық тармақларда ҳаялдан үйи қайтарып алынғаны ҳаққындағы видеоны

шығарды. Кейин басқа хабар қураллары ўақыяны үйренди. Қулласы, бул ўақыя халық арасында кең додалаўларға себеп болды ҳәм белгили мәниде әмелдеги ҳүкиметке наразылық кейпиятын қозғады.

Үшинши топарға *жүз берген анық ўақыялар мазмунын бузып көрсететуғын "фейк" жаңалықлар киреди.* Булар толық сәўлеленген текстте үзип алынған үзиндилер, цитаталар болыўы мүмкин. Бундай "фейк"лер адамларды алдаўы, жолдан шығарыўы мүмкин болғанлығы ушын олар менен гүресиў қыйын. Мәселен, Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар агентилигине жаңадан сайланған директор орынбасары Наргиза Саидованың шахсий аккаунтындағы пикириниң Фейсбук социаллық тармағына қойып жиберилиўи ақыбетинде халық арасында наразылық көтерилген. Адамлар ҳүкимет ҳәм диний мәкемелерден оның жазаланыўын талап еткен. Ақыбетинде Н.Саидова халықтан кеширим сорап, ийелеп турған лаўазымынан босатылған. Яки қала ҳаял-қызлар комитетиниң есабатынан үзип алынған ҳаяллардың 23 тайпасы ҳаққындағы хабар ақыбетинде социал тармақларда басланған қызғын додалаў ҳәм наразылықлар ақыбетинде Өзбекстан Республикасы Бас министри орынбасары, Ҳаял-қызлар комитети баслығы Элмира Боситхонова Фейсбук арқалы халыққа мүрәжаты менен шықты. Солай екен, философияда бөлшекке қарап пүтинди додалап болмайды, деген көзқарас бар. Сол мәнисте бир цитатаға қарап пүтин текст яки шығып сөйлеў ҳаққында алдыннан жуўмақ шығарып болмайды.

Сондай-ақ, россиялы изертлеўши Суходолов А.П. "фейк" жаңалықлар информацияны қабыл етиўде исенимлилик дәрежесине қарап та 3 топарға бөледи:

Биринши топарға қәлбекилигине ҳеш ким гүман етпейтуғын "фейк" жаңалықлар киреди. Мәселен, бул Жерге (Қубла Африканың қайсы бир аймағына) өзге планеталылар ҳүжим еткенлиги ҳаққындағы хабар болыўы мүмкин.

Екинши топарға туўрылығы гүман оятатуғын ҳәм тутыныўшыда информацияны басқа дәреклерден тексерип көриў нийетин пайда ететуғын "жаңалық"лар киреди. Бул бәлким белгили бир аймақта жерде ушыраспайтуғын жанзаттың сүйек қалдықлары табылғанлығы ҳаққындағы дәбдебели хабар болыўы мүмкин.

Үшинши топарға туўры информацияға жүдә уқсап кететуғын, оның тексерилмегенлигине жүдә аз гүман оятатуғын "хабарлар" киреди. Мәселен, 2017-жылы Фейсбукта журналист Максим Кононенко ҳәзил аралас пост қалдырды. Онда АҚШ "Самалларда қалған сезимлерим" романын-

дағы Ред Батлер (аўқамшылар тәрепинде турып урыс қылғаны ушын) образын алып таслаўға қарар еткени жазылған еди. Бул постқа көпшилик исенди ҳәм мыңға жақын “лайк” алды. Кононенко қылған ҳәзили ушын кешерим сорағаннан кейин, Фейсбукда оны “фейк” хабар деп есаплап, алып таслады.[1]

Солай етип фейк жаңалықлар рәң-бәрәң тәбияты ҳәм белгилерине ийе. Дәбдебели тәбияты менен бундай “жаңалық”ларға жәмийеттиң белгили бөлиминде ҳәмийше зәрүрлик болады.

“Фейк” жаңалықтың қәўпи неде?

Жүз берген ўақыя ҳаққындағы анық фактти “фейк”тен ажыратыў айырым жағдайларда қыйынлық туўдырады. Биринши нәўбетте информацияға болған сын қатнас, алынып атырған информацияны талқылаў, оны басқа дәреклер менен салыстырыў ҳәм еркин жуўмақлар шығарыў лазым. Соны ядта тутыў керек, бул жуўмақлар бизиң исенимимиз, тәжирийбе ҳәм билимимизге тийкарланыўы керек. Мәмлекет ҳәм жәмийет ушын “фейк” жаңалықлар анық үлкен ҳәм потенциал қәўип саналады. Адамлар қыял етип болмайтуғын мыш-мышлар, жалған хабарлар ҳәм постларға аңсат-ақ исенеди. Соның ушын Россияда 2019-жылы март айында Мәмлекетлик Дума ““Фейк” жаңалықлар ҳаққында”ғы нызамды қабыл етти. Оған көре, “фейк” жаңалықлар тарқатқан физикалық шахслар 100 мың, юридикалық шахслар 500 мыңға шекем рубльда жәрийма төлейди. Тәкирар нызамбузыўшылыққа жол қойылса ҳәм таярлаған “фейк” хабары адам өлимине, жәмийетшилик тәртибин бузыў сыяқлы аўыр ақыбетлерге алып келсе, “фейк” жаңалықларды тарқатыўшылар қатты жазаланады.

[1] Красовская Н.Р. Гуляев А. А., Юлина Г. Н. Фейковые новости как феномен современности// Власть. 2019.№4.-с.79-82

Әпиўайы оқыўшылардың 90 пайызы (экономика, мәденият) әдеттеги жаңалықларды өткерип жибереди ҳәм керисинше көзге таслана-туғын, итибарды тартатуғын ҳәм стандарт емес мазмунға ийе жаналықларға қызығыў менен қарайды.

Әмелий шыныығыў ушын тапсырмалар

1. Миллий ҳәм жәҳән әдебиятынан фейк жаңалықларға мысал табың.
2. ҒХҚ ҳәм интернеттеги социаллық тармақлардан фейклердиң түрлерине мысал табың ҳәм олардың парқын топарларда додалаң.

1.3. ЖЕРГИЛИКЛИ ҲӘМ ХАЛЫҚАРАЛЫҚ МЕДИАМӘКАНДА “ФЕЙК”ЛЕР

Гилт сөзлер: *объективлик, виртуал информация, платформа, контент, дезинформация, бийкарлаў, трол, пост, линк (силтеме), аккаунт, бот.*

Журналистикада ҳәмийше қалыс, объектив, сапалы информация менен қәлбеки, натуўры информация бирге жүреди. Улыўма, жүз берген ҳәр қандай ўақыя-ҳәдийсе менен ол ҳаққында жаратылған информация бирдей болмайды. Бул информацияны узатып атырған адамның қатнас жасаўына байланыслы. Соннан болса керек, Жалалиддин Румий, “хабар ўақыяның өзи емес, ал оның саясы” деп атаған. Ўақыяны өз көзи менен көрмеген, ол ҳаққында еситкен адам, оған исениўи тәбийий. Әсиресе, сол информация рәсмий ҒХҚ арқалы узатылса, аудитория оны туўры деп қабыл етеди. Лекин информациялық технологиялардың раўажланыўы информация узатыў қуралы сыпатында рәсмий түрде тән алынған интернет ақыбетинде аудиторияның ҒХҚна болған исенимин сезилерли дәрежеде төменлетти. Нәтийжеде тексерилмеген, натуўры информациялар көбейип кетти. Бүгинги күнде “фейк” информацияның салмақлы бөлими интерактив ҒХҚ сыпатында тәрийипленип атырған интернеттиң үлесине туўры келмекте.

Миллий ҒХҚ ушын “фейк”жаңалықлардың қандай қәўпи бар?

Ҳәзирги ўақытта миллий журналистикада виртуал информация ағымын тәртипке салыўшы ҳуқықый тийкардың болмаўы яки мәмлекетте қабыл етилген тийисли нызамшылық ҳүжжетлери еле бул тараўды жетерлише қамтып алмағаны “фейк” жаңалықлардың көбейиўине тийкар жаратпақта.

Миллий виртуал мәканда информация тарқатыўшыларды үш түрге ажыратыў мүмкин. Булар: рәсмий сайтлар, өз бетлеринде хабарларды жайластырып барыўшы социаллық тармақ пайдаланыўшылары ҳәм блоггерлер. Социаллық тармақлардың пайдаланыўшылары “фейк” хабарлардың тарқалыўына көбирек себепши болады.

Бундай информациялардың формасы, мазмуны, көлеми ҳәрқыйлы болыў менен бирге көбинесе дәрек тексерилместен тармаққа қойылады. Миллий виртуал мәканда “фейк” жаңалықлар көбейип кеткен социаллық тармақлар ҳәм жаңалықлар сайтлары тутыныўшылары еки тайпаға бөлин-

ген. Биринши тайпадағылар дәбдебели информацияға оншелли әҳмийет бермейди. Екинши тайпадағылар ҳәр бир қойылған “пост”қа (ол ким тәрепинен, не мақсетте қойылғанына карамастан) исенеди, ҳәтте басқаларға тарқатыўға көмеклеседи. Россиялы изертлеўши Елена Пронинаның пикиринше, халық тәсирине түскен ҳәрқандай адам жалған мағлыўматларға тийкарланған хабарды қабыл етиўи мүмкин.

Өзбекстанда интернеттен пайдаланыўшылар 20 миллионға, социаллық тармақлардан бир күнде белсене пайдаланыўшылар 1,6 млн.ға жеткен. Бул санлар интернет әллеқашшан халықтың дыққатын бир ноқатқа қарата алған платформаға айланғанын, контенттиң исенимли яки жоқлығы үлкен әҳмийетке ийе болып атырғанын көрсетеди.

Миллий виртуал мәканды талқылағанымызда социаллық тармақлар биринши информация дәреклеринен көре силтеме (линк)ли хабарлар көплигине гүўа болдық. Ең қызығы, әп-әнедей рәсмий сайтлар ҳәр түрли социаллық топарлардағы мағлыўматларды тексерместен силтеме етеди. Мысалы, Facebook социаллық тармағындағы бир қатар топарлар рәсмий сайтларымыз ушын информация дәрегине айланған. Ал, информацияны тексериў ҒХҚ ҳәм журналистлердиң тийкарғы ўазыйпалары. Солай екен, ҒХҚ сыпатында дизимнен өткен рәсмий сайтларға социаллық тармақ пайдаланыўшыларын информация дәреги сыпатында көрсетиў натуўры, бизиңше. Себеби, социаллық тармақ пайдаланыўшылары барлыққа оғада субъектив қатнас жасайды. Яғный олар гейде ҳәр түрли кейпият, ҳалат, шәраяттан келип шығып басына келген ой-пикирди ямаса пүткиллей ойлап табылған барлыққа тийкарланған “фейк” информацияны тармаққа жайластырады.

Буның қандай унамсыз ақыбетлерге алып келиўин дизимнен өткен миллий сайтларымыздың соңғы жыллардағы тәжирийбеси мысалында көриўимиз мүмкин.

Атап айтқанда, xabar.uz сайты “Телеграмм” социаллық тармағындағы рәсмий каналында 13-март күни “МИБ өзиниң “мәжбүрий” статусынан айрылыўы мүмкин” атамасында мақала жәриялады. Оған рәсмий жуўап берген Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы Баспасөз хызмети жоқарыда аты тилге алынған сайтта басылған мақаладағы мағлыўматлар ҳақыйқаттан пүткиллей жырақ екенлигин айтады. “Мәжбүрий орынлаў бюросы өз жумысын Президентимиздиң 2017-жыл 29-майда қол қойылған ПФ-5059-санлы Пәрманында белгиленген тәртипте орынламақта ҳәм келешекте Бюро хызметин, оның атын ҳәм тиккелей бойсыныўшы жоқары

шөлкемин өзгертиў яки алмастырыў көзде тутылмаған”[1] деп жазылады баспасөз хызмети рәсмий сайтында.

Және усы xabar.uz сайты Өзбекстан Мусылманлары мәкемеси баслығы, муфтий Усмонхон Алимов ийелеп турған лаўазымынан азат етилген. Бул ҳаққында “Azon.uz” өз дәрегине сүйенип хабар берди, деген.

“Муфтий Усмонхон Алимов, бүгин Өзбекстан халықаралық Ислам академиясында Бас министр Абдулла Арипов басшылығында Өзбекстан Мусылманлары мәкемеси, оның ўәлаят ўәкилликлери хызметкерлери, Дин ислери бойынша комитет басшылығы қатнасыўында өткизилип атырған мәжилисте жумыстан алынған” делинеди хабарда. Лекин дәслепки хабарлардан еки саат өтип, ҳәр түрли дәреклерде оның еле жумыстан алынбағанлығы ҳаққында бийкарлаўлар бериле баслады. Дәслеп @davletovuz каналы муфтийдиң жумыстан алынғаны ҳаққындағы хабар “дезинформация” екенин, ол өз лаўазымында ислеп атырғанын жазды. Бул хабарды ӨзА, Kun.uz сайты тастыйықлады.

Соған уқсас танымалы шахслар менен байланыслы бундай “фейк” информациялар Өзбекстанның биринши Президенти Ислам Каримовтың қызы Гулнора Каримованың қайтыс болғаны яки Түркменстан Президенти Гурбангули Бердимуҳамедовтың қайтыс болғаны ҳаққында да болды. Бирақ, көп өтпей хабарлар “жалған” екенлиги аныкланды.

Миллий медиа мәканда “фейк” жаңалықлардың анализи

“Фейк” жаңалықлар ҳүкиметтиң қабыл еткен қарарлары яки мәмлекет мәкемелериниң хызметине қарата да көп қолланылады. Мәселен, социаллық тармақларда ҳәм айырым ғалаба хабар қуралларында жол ҳәрекети қағыйдаларын бузғанлық ушын жәриймалар көлеми 2019-жылдың 1-августтан баслап бирнеше есеге асырылатуғынлығы ҳаққындағы хабарлар кең тарқалды. Бирақ, интернет тармағында кең тарқалып атырған “асырылып атырған” жәриймалар көлеми ҳақыйқатқа туўры келмейди. Олар ФЕЙК, яғный жалған хабар. Жол ҳәрекети қағыйдаларын бузғанлық ушын жуўапкерлик Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкерлик ҳаққындағы кодекске муўапық белгиленеди. Усы Кодекстиң жол ҳәрекети қағыйдаларын бузғанлық ушын жуўапкерликти белгилеўши статьяларына соңғы мәрте Өзбекстан Республикасының 2019-жыл 24-майдағы ӨРҚ-542-санлы

[1] Ўзбекистон Республикаси Бош прокуратураси Матбуот хизмати https://prokuratura.uz (18.03.20190375) https://www.xabar.uz/jamiyat/muftiy-usmonxon-alimov(10.09.2019 18:31)

Нызамы менен өзгерислер киргизилген болып, олар бүгинги күнде әмелде қолланылып келинбекте. 2019-жылы 1-августтан бул бағдардағы жәриймалар өзгериўи белгиленбеген.[1]

Айырым журналистлердиң бундай жағдайларда анық ҳәмде ҳақыйқый мағлыўматты тарқатыўға ҳәрекет етпеўи, ўақыя бойынша терең тексериў ҳәм сорастырыў алып бармаўы, туўрыдан-туўры хабарды тарқатқан биринши дәрекке силтеген ҳалда, ол сенсациялық болса да, бирақ тийкарсыз, ҳақыйқатқа сәйкес келмейтуғын информацияны тарқатып, өз сайтының яки баспа басылымының оқыўшыларының санын асырыўға урыныўлары адамды ойландырады, иренжитеди.

Дәстүрий ҒХҚда тийкарынан, баспа басылымлар қандай да бир информацияны жәрияласа, кейин оның “фейк” екенлиги белгили болып қалса, сол натуўры информация кетип қалған санды жоқ етип болмайды. Интернетте ше? Оны аңсат ғана алып таслаў мүмкин. Жоқарыда муфтий менен байланыслы информацияны алып таслағанын буған мысал етиў мүмкин. Бул информацияның “фейк” екенлигин жазған рәсмий дәреклер түсиндириўинен кейин информация алып тасланды. Лекин арадағы ўақыт ишинде қанша адамлар оннан хабардар болды. Хош, бундай хабарларды ким тарқатады? Бул саўалға усы жылдың 25-сентябринде “Ҳуррият” газетасының 32-санында басылған блоггерлер ҳаққындағы “Блоггерди журналист деп болмайды”, “Информация майданында ҳеш қашан бос орын табылмайды” мақалаларына мүнәсибет билдирип жазылған автор Отабек Исроиловтың “Жалған хабар (Fake news) мәканында алданып қалмаң!” атамасындағы мақаласында былай жуўап берилген: “Әдетте, бул сыяқлы жалған информация, социаллық тармақ пайдаланыўшыларының сөзи менен айтқанда, “трол”лар тәрепинен тарқатылады. Социаллық тармақ пайдаланыўшысы — троллдың артында тири шахс турыпты. Лекин исми-шәрипи яки лақаплар, профил мағлыўматларының барлығы қәлбеки. Троллар өзлери тарқатып атырған информациясы сыяқлы жалған шахс.[2]

Автордың мүнәсибетинде тийкар бар. Себеби, ҳәр түрли ўақыяларға қарата, қәлбеки исмли аккаунтлар, троллар ең көп пикир билдиреди. Оксфорд университети изертлеўшилери 70 еллерде компанияның социаллық тармақларында жәмийетшилик пикирин үгит-нәсият етиў, оппозицияны бастырыў ҳәм манипуляция етиў дәлийллерин тапты. Олар арасында

[1] Сулаймонов У. Жарималар миқдори ўзгармаган. https://adolat.uz/news/umid-sulajmonov-zharimalar-miqdori-ozgarmagan

[2] http://uza.uz/oz/society/yel-on-khabar-fake-news-makonida-ald

Өзбекстан да бар, деп хабар береди Spot. Өзбекстан қәлбеки аккаунтлар ушын ботлардан емес, ал ҳақыйқый адамлардан пайдаланатуғын бир неше мәмлекетлердиң қатарына кирди. Олар әдетте басқа адамлардың урланған яки бузылған аккаунтларынан пайдаланады. Изертлеўшилер Өзбекстанда информацияны манипуляция етиўшилердиң тийкарғы шөлкемлестириўшилери пуқаралар екенлигин анықлады. Ҳәтте арнаўлы "Тролл фабрикасы" бар екенлиги де жәмийетшилик арасында көп додалаўға себеп болды. "Дарё.uz ""Ол шыны менен де ўатанға хызмет етип атырман деп ойлайды". "Троллар фабрикасы"н әшкар еткен қыз бенен сәўбетин[1] жәриялады.

Троллар кимге хызмет етеди?

Усы жылдың 16-сентябрь күни Telegram'дағы Alimoff каналында блоггер Нурбек Алимов ҳәмде жас журналист Дилбар Исматуллаева тәрепинен алып барылған тексериў нәтийжелери жәрияланды. Бул екеўи Ташкент информациялық технологиялары университетинде жумыс алып барып атырған "троллар фабрикасы"н әшкар етип, социаллық тармақларда ис алып барған үлкен нызамсыз топарға тийисли дәлийллерди ашып берди.

"Дарё" менен болған сәўбет соңында тексериў алып барған қыз Д.Исматуллаева өз жуўмақларын былай айтады: Сиз сораған "тамырлар" мәселесинде және бир нәрсени айтпақшы едим. Социаллық тармақларда додаланып атырған бул мәселениң тийкарғы айыпкери сыпатында Н. – мени бул жумысқа мирәт еткен бала көрилип атырғаны ҳәм мәселениң тийкарғы түбирине итибар қаратылмай атырғаны, ҳақыйқаты менен мени таң қалдырды. Ажырықты тамыры менен қопарып тасламаса, ол өсип шыға береди. Тамыр бар болған соң, мәжбүрликтен өсип шығып атырған ажырықларды не деўге болады?

Буның менен мен "Группа-4" ағзаларын пүткиллей айыпсыз демекши емеспен, лекин (бәлким пул жолында, бәлким басқа мақсетти гөзлеп) бул жолға кирген онлап, бәлки жүзлеп әпиўайы жумысшыларды әшкар етиў менен мәселе жеңиллесип қалмайды. Бул мәселениң түбине жетиўде, яғный ҳәмме айып төмендегилердиң мойнына түспеўин тәмийинлеўде, жумыстың тийкарғы шөлкемлестириўшилерин табыўда ҒХҚ ўәкиллеринен жәрдем сорап қаламан."[2]

[1] "У чиндан ҳам ватанга хизмат қиляпман деб ўйлайди". "Троллар фабрикаси"ни фош қилган қиз билан суҳбат. https://daryo.uz › 2019/09/17

[2] Сол дәрек.

Тролларға мүнәсибетте де ҳәр түрли көзқараслар бар. Мәселен, блоггер Умид Ғафуров өзиниң Troll.uz жеке бетинде ирония ҳәм сарказм арқалы жәмийеттеги ҳәр түрли машқалаларды көтериўи менен интернетте недәўир аудиториясына ийе. Телеграмдағы топар ағзалары Troll.uz каналы телеграмын блокировкасы бойынша акцияда қатнасыўға шақырған хабар алды. Хабарда канал авторын Өзбекстан жоқары оқыў орынларындағы аҳўал ирония ҳәм сын етиўинде айыплаған. Буннан тысқары, хабар жалған мағлыўматларға ийе болып, мисли Troll.uz каналы авторының жоқары мағлыўматы жоқ екенлиги, оның үстине қамақта жазасын өтеп атырғаны айтылады. Бул мағлыўматлардың қаншелли ҳақыйқатқа жақынлығын Anhor.uz тексерип көреди. Тексериў нәтийжесинде исенимли дәректен У. Ғофуров Бухара мәмлекетлик университети экономика факультетин тамамлап, магистратураны Италияда оқығаны анықланады.

“Биз ақыр-ақыбет бундай фейк хабарлар артында ким турғанлығының түбирине жеттик. Исми-шәриплери ҳәм олардың аккаунтларын ҳәзирше жәриялаўдан өзимизди тыйып турмыз. Жағдай толық айдынлассын”, деп жазады “Anhor.uz” сайты бас редакторы Лола Исломова.[1]

Интернет шексиз-шегарасыз информация дәреги. Бирақ, бул информацияның туўры яки натуўры екенлигин қалай ажыратыў мүмкин? Қандай информациялардан сақ болыў, қандайларына исениў керек? Улыўма интернеттеги информацияның туўрылығына ким жуўапкер болыўы керек? Бул сыяқлы саўаллар жүдә көп ҳәм олар усы тараўдың раўажланыўына терең қатнас жасаўды талап етпекте. Сайтлардан пайдаланыўшылар информацияны туўры деп қабыл етеди, оған исенеди. Әттең, жоқарыда қәниге айтқанындай, рәсмий сайтлар гейде информацияны тексерместен силтеме арқалы тарқатады. Бул пайдаланыўшылар арасында түсинбеўшилик, ҳәр түрли шахслар, топарлар, қатламлардың, ақырында пүтин жәмийеттиң мүнәсибетлерине тәсир етеди. Бундай ҳалатларды әсиресе, соңғы жылларда социаллық тармақлар мысалынан да көриўимиз мүмкин.

[1] Troll.uz ни тўхтатишга уриниш орқасида ким турибди?https://anhor.uz › uz › migplus › troll.uz-ni-tuhtat.

Жәҳән тәжирийбесинде “fake news”ке болған мүнәсибет

Жәҳән тәжирийбесинде “fake news”қа болған мүнәсибет ҳәм оның ғалаба хабар қуралларында тарқатылыўында өзине тән өзгешеликлери бар. Төменде олардың гейпаралары ҳаққында сөз жүргиземиз.

Ҳиндстанда қәлбеки жаңалықлар ҳәтте мәмлекетлик сиясатқа да тәсир өткизбекте. Олардан бири касталар ҳәм динлер арасында зорлық-зомбылыққа себеп болған. Мәмлекетте қәлбеки жаңалықлар, тийкарынан, WhatsApp мессенджери арқалы тарқатылады.[1] Мағлыўматларда келтирилиўинше, 2017-жылы февральда елде 200 миллионнан артық пуқара усы социаллық тармақта белсенди болған.

Испанияда 2010-жылы тарқалған қәлбеки мағлыўмат жәҳән жәмийетшилиги итибарын да тартты. Сонда АҚШ Филипинди Испаниядан сатып

[1] Doshi, Vidhi (October 1, 2017). “India’s millions of new Internet users are falling for fake news — sometimes with deadly consequences”. Washington Post. Retrieved December 30,2017.

алғаны ҳаққындағы мақала жәрияланған. Ол мәмлекет тарийхында ең ғалабаласқан хабарға айланды.[1]

Сингапурда қәлбеки жаңалық тарқатқанлар жуўапкерликке тартылады. Әмелдеги нызамшылыққа көре, мәмлекетте кимдур жалған яки қәлбеки хабарды тарқатса, ол нызам талапларын бузған есапланады.[2]

Филиппинде қәлбеки хабарларды тарқатыў әҳмийетли машқала түсин алған. Себеби, социаллық тармақларда тарқалған хабарлар сиясий турмысқа да тәсир көрсеткен.[3] Атап айтқанда, 2016-жылы мәмлекетте өткен сайлаўлардан соң базы сенаторлар қәлбеки жаңалықларды тарқатыў имканын бериўши социаллық тармақ платформаларынан наразы болған. Гәп сенаторлардың сайлаўалды бағдарламаларын натуўры түсинилгени ҳаққында кетип атырғанын аңлаған шығарсыз. Бул жағдайда олар қәлбеки хабарларды тарқатқан социаллық тармақ платформаларын жазалаў усынысы менен шыққан.

Қубла Африкада ғалаба хабар қуралларында қәлбеки, жалған хабарлардың тарқатылыўы барған сайын көбеймекте. Мәмлекетте, әсиресе, сиясий оппозиционерлерди абырайсызландырыўға қаратылған ҳәрекетлер көп гүзетилмекте. Бул болса ғалаба хабар қуралларына болған исенимниң кемейиўине себеп болмақта.

Фейклердиң ең жаман иллети өз-өзин көбейте алыў уқыплығы. Яғный бундай хабарлар бирден балалайды, жалған деталлар менен байып барады, адамларды барған сайын көбирек шалғытады. Фейктен мақсет адастырыў, шалғытыў, көпшилик пикирин басқарыў

[1] Cabreza, Vincent. “Fake news also hounded 1896 Philippine revolution”. newsinfo.inquirer.net. Retrieved June 5, 2017.
[2] Telecommunications Act (Cap. 323), retrieved from [1]on June 20, 2017
[3] Javier, Kristian. “Pangilinan Wants Facebook Penalized over Fake News”. philstar.com. Retrieved June 2, 2017.



Өзбекстан халқының 41 пайызы оқыған мағлыўматын тексерип, кейин оған исенеди, 31 пайызы қабыл етилген хабарды тексермейди, 19 пайызы болса айырым жағдайларда ғана хабарлы басқа дереклер менен салыстырады.

Әмелий шыныығыў ушын тапсырмалар

1. Uz.домениндеги ҒХҚ сыпатында дизимнен өткен миллий сайтлардағы “фейк” жаңалықларды мониторинг етиң.

2. Рәсмий сайтлар, сондай-ақ блоггерлер тәрепинен тарқалып атырған информациялардың қаншасын “фейк”лер қурайтуғынын анықлаң.

3. Социаллық тармақларда троллар ҳәм қәлбеки аккаунтларды анықлаң ҳәм олар узатып атырған информация мазмунын анализлең.

4. “Фейк” жаңалықларға қарсы гүресиў бойынша жәҳән ҳәм миллий тәжирийбесин салыстырмалы анализ етиң.

Бап бойынша қадағалаў саўаллары

1. “Fake news” түсиниги ҳаққында нелерди билесиз?

2. “Фейк” жаңалық қашан пайда болған, оның дәслепки көринислери ҳаққында нелерди билесиз?

3. “Фейк” жаңалықтың дәстүрий жаңалықтан парқы неде?

4. Не ушын адамлар “фейк” жаңалықларға қызығады, оның өзине тартыўшы тәрепи неде?

5. “Фейк” жаңалықты қалай ажыратыў мүмкин?

II БАП. FAKE NEWS БҮГИН

2.1. ДӘСТҮРИЙ ҒХҚДА “ФЕЙК ЖАҢАЛЫҚЛАР”ДЫҢ КӨРИНИСЛЕРИ

Гилт сөзлер: *информациялық запас, ресурс, бюллетен, муғдар, сапа, социаллық медиа, информация соққысы, вирус, реклама, информация базары, қәўипсиз мәкан.*

Инсан тәбияты ҳәмде информация феномени арасындағы өзара байланыс технологиялық революцияның басланыўы ҳәм интернеттиң жүдә тез темпте раўажланыўы шәраятында өзгеше әҳмийетке ийе. Интернеттиң шексиз имканиятларының жүзеге келиўи ақыбетинде информацияның ҳақыйқыйлығы принципи недәўир зыян көрди. Ҳәмме орында “фейк” жаңалықлар басып кетти. “Фейк” жаңалықлар кең жайылыўына еки тийкарғы фактор себепши:

1) **муғдарлық** – интернетте тексериў имканы болмайтуғын жүдә үлкен муғдардағы информация запасы бар;

2) **сапалы** – технологиялық: жаңа технологиялар себепли информацияны жыйнаў ҳәм сақлаў қураллары, сондай-ақ, оны ислеп шығарыўшы субъектлер ҳәм узатыўшы каналлар көбейген.

Биринши ҳалатқа итибар қарататуғын болсақ, информациядан пайдаланыў бойынша үлкен әўлад ўәкиллериниң ҳәзирги жаслардан айырмашылығы сонда, олардың тийкарғы үйренетуғын дәреклери китаплар, ҳүжжетлер, күнделикли басылымлар (газета, журнал, бюллетен ҳәм басқалар), илимий мақалалар, ҳаўазлы ҒХҚ ҳәм басқа дәстүрий қураллар болған. “Информациялық жәмийет” шәраятында билим алыўдың ең әҳмийетли дәреги интернет есапланады. Буның үстине бул үлкен қоймаға кириўге ҳеш қандай күш талап етилмейди.

Талқылаўларға көре, 1980-жыллардың орталарында бир күнде бир адамға орташа 40-50 газета саны мазмунына тең жаңа информация алыў туўры келген болса, бул көрсеткиш 2007-жылда шама менен 175 газета мазмунына шекем өсип барды. Бул ақырғы он жыллықта ғалаба информация алыў имканияты асқанын көрсетеди. Соның менен бирге жалған, сапасыз информацияның муғдары да асқан. Әлбетте, машқалалы жағдайлар көзқарасынан қарағанда өзлериниң қаржылық қураллары арқалы жа-

ратыўшыларға үлкен пайда келтиретуғын мәкан – социаллық тармақларда аймақлық реклама бериўшилер “фейк” хабарлар жуқпалы (вирусли) кеселлик сыяқлы тарқалған.

Бүгин интернетке шама менен 97 пайыз пайдаланыўшылар информация дәреги сыпатында қарайды. 47 пайызы адам ушын социаллық медиа тийкарғы жаңалықлар дәреги болып қалды. Себеби, әйне интернет, әсиресе социаллық тармақлар “фейк” жаңалықларды тарқатыў ушын қолайлы ҳәм қәўипсиз мәкан, бизиңше. Буның бир неше себеплери бар.

• • •

Талқылаўларға көре, 1980-жыллардың орталарында бир күнде бир адамға орташа 40-50 газета саны мазмунына теңжаңа информация алыў туўры келген болса, бул көрсеткиш 2007-жылда шама менен 175 газета мазмунына шекем өсип барды. Бул ақырғы он жыллықта ғалаба информация алыў имканияты асқанын көрсетеди.

• • •

Бириншиден, социаллық тармақлар арқалы информация базарына шығыў ҳәм ол жерде контент жаратыўға болған ҳәрекет жүдә аңсат кешеди.

Екиншиден, социаллық тармақлар зәрүрликлер форматы – жаңалықларды телефон арқалы яки компьютер экранында тамашалаў қолайлы, бирақ бул информацияның исенимлилигин додалаў ушын қыйыншылық туўдырыўы мүмкин.

Үшиншиден, социаллық тармақлардан пайдаланыўшылар саны барған сайын жүдә үлкен тезликте аспақта. Бундай шәраятта дәстүрий ҒХҚна болған исеним кемейип кетеди. Нәтийжеде тексерилген информация дәреклери социаллық тармақлар пайдасына өзгерип, тексерилмеген, сапасыз информацияның раўажланыўына кең жол ашып береди.

Төртиншиден, илимпазлар (дәслеп Facebook мысалында) социаллық медиа идеялық жақтан адамларды бир-биринен жеке қалыўын дәлийллеген.

Әне сол себеплер ақыбетинде интернет ҳәм әсиресе, социаллық тармақлар арқалы жүдә үл-

кен муғдардағы информацияның кирип келиўи, дәстүрий ҒХҚның статусы ҳәм абырайын түсирип жиберди.

“Fake news” атамасы инглис тилиндеги ҒХҚын салыстырмалы үйренгенде жақында пайда болды, 2016-2017 жылларда (сондай-ақ, араб илиминде де) кең ғалабаласты.

Мәселен, Сирияда “жалған жаңалық” атамасы астында жаңалықлардан манипулияцияны шөлкемлестириў процесинде, мәмлекеттеги сиясий, идеялық, экономикалық турмысына байланыслы информация ҳәм съёмкалардан манипулияция субъектлериниң мәплеринен келип шығып адамлардың итибарын тартыў, барлықты қабыл етиўде олардың пикирлери басқарылады.

Сирияда жалған түрлерине қарап айрылады:

1) **толық жалған** (абсолют) — аңлаған ҳалда пүткиллей жалған информация бериў;

2) **азырақ жалған** — басқа туўры дәреклер қатарында реал барлыққа туўры келмейтуғын бир жалған менен тийкарланбаған информация таярлаў;

3) **тыныслық сақлаў** арқалы берилетуғын жалған — автор жүз берген реал барлыққа сәйкес фактлерди биледи, бирақ аудиторияға анық бир образ бенен тәсир көрсетпеўге ҳәрекет етеди.

Айтып өтиў орынлы, бизиң дәўиримизде фейк хабарларды жаратыў бойынша күшли техникалық қураллардың жүдә раўажланғанлығы ақыбетинде нийети бузық “сторителлер”лер ҳәмийше заманагөй технологиялардан пайдаланып, реал барлыққа сәйкес келетуғын ҳәм ҳақыйқатқа уқсайтуғын жалған материалларды жаратады. Бул мақсетти әмелге асырыў ушын, мәселен Photoshop, Adobe Illustrator, AdobeAfterEffect, AdobeInDesign видеомонтаж яки графикалық бағдарламаларды мысал етип келтириў мүмкин. Олар жәрдеминде дуньяның жалған көринисин анық көриўге болады. Әсиресе, ҳәр түрли ҳаўаз ҳәм съёмка қураллары қосылғанда олар және де ҳақыйқый ҳәм исенимли информацияға айланады.

Фейк жаңалықлар көбирек информациялық урыслар қуралы сыпатында қолланады ҳәм буны Сириядағы дағдарыстың ҒХҚда сәўлелениўинде бир неше рет қолланылғанын айтыўымыз орынлы. Бир неше ўақыя-ҳәдийселерди ҒХҚ ҳәр түрли сәўлелендириўде бир образдан пайдаланған. Мәселен, Қубла Гуота (Ghouta)да жүз берген еки ўақыяда бир сириялы қыз сүўрети берилген. Биринши рет Сирия армиясы аймаққа етилген ракета ҳүжими қурбаны сыпатында, екинши мәрте химиялық қуралдың қурбаны

сыпатында берилген. Ҳәр еки ҳәдийседе де Сирия армиясын пуқаралардың өлиминде айыплаў мақсети қойылған еди. Бирақ, ҳақыйқат кейинирек, Сирия армиясы қубла Гуотаның азат етилгенинде, қыз ҳәм оның шанарақ ағзалары тири екени мәлим болады. Үйренилип атырған машқалада гәп, ең әҳмийетли тәреп, информация тутыныўшысы "жалған" информацияны ажырата билиўинде. Ҳәзирги пайытта FactCheck.org, Snopes.com, WashingtonPostFactChecker ҳәм PolitiFact.com сыяқлы жалған хабарлар менен арнаўлы шуғылланатуғын ҳәм олардың барлығын тексерип көретуғын изертлеў орайларының қатар веб-сайтлары бар. Олардың ишинде АҚШтың Пенсилвания университети қасындағы сиясий жәмийетшилик орайының — FactCheck.org, жойбары тәрепинен алып барылған изертлеўлер исенимлилиги менен итибарға ийе болған.

Әмелий шыныығыў ушын тапсырмалар

1. "Фейк" жаңалықты жаратыўда пайдаланатуғын жалған түрлерине қарап, социаллық тармақтағы информацияларды анализлең.

2. "Фейк" хабарларды жаратыў бойынша күшли заманагөй технологиялардан пайдаланып, реал барлыққа сәйкес келетуғын ҳәм ҳақыйқатқа уқсайтуғын жалған материалларды үйрениң.

3. "Фейк"хабарларды бар платформалар арқалы тексериң.

2.2. ЖАҢА МЕДИАЛАР ШӘРАЯТЫНДА FAKE NEWS, МИСТИФИКАЦИЯ ҲӘМ АУДИТОРИЯ

Гилт сөзлер: *мистификация, манипулятив информация, дезинформация, мисинформация, малинформация, баспа басылымлар, профессионал, ойлап табыў, пранкер, излеў сөзлери, сүўретлер, хештеглер, полилог.*

2017-жылдың февралында Science журналы — дүньядағы ең абыройлы илимий басылымлардан бири, фейк жаңалықларды газета номери темасына айландырды. Илимпазлар Twitter социаллық тармағында он жыл даўамында тарқатылған 126 000 қәлбеки ҳәм ҳақыйқый жаңалықларды топлады. Олардың анализинде жалған ҳақыйқатқа қарағанда бираз тез ғалабаласқаны анықланды.[1]

“Fake news” сыяқлы информацияның бузылыўы түри бойынша айырым авторлар мынадай толығырақ түсиник береди: **күлиў (ҳәзил), толық емес информация, манипулятив информация, уйымластырылған информация, шалғытыўшы контент, натуўры түсинилген информация.**[2]

Бирақ, Fake news пенен шалғытыўшы ҳәм қәлбеки мағлыўмат тасыўшы контентти айырыў зәрүр. Информацияның бузылыўы көбинесе төмендеги үш формада әмелге асырылады:

• **Disinformation** – Дезинформация: адамға, жәмийетлик топарға яки мәмлекетке зыян жеткериў мақсетинде қасттан жаратылған қәлбеки информация.

• **Misinformation** – Информацияның толықсызлығы: информация қәлбеки, бирақ зыян жеткериў мақсетинде жаратылмаған.

• **Malinformation** – Анық мағлыўмат, лекин оннан адамға, жәмийетлик топарға яки мәмлекетке зыян жеткериў ушын пайдаланылады.

[1] Козловский, Б. Максимальный репост: Как соцсети заставляют нас верить фейковым новостям / Борислав Козловский. — М. : Альпина Паблишер, 2018. — 198 с

[2] The Impact of CrossCheck on Journalists & the Audience, by Smyrnaios, N., Chauvet,S.,& Marty, E., November 2017

Информация бузылыўының үш түри[1]

Жоқарыдағы сүўреттен соны көриўимиз мүмкин, информация бузылыўының үш түри де қәлбеки информация тарқатыў ҳәм зыян жеткериўге қаратылған. Соны айтыў керек, бүгин турақлы информация қоршаўында жасап атырған жәмийетлер жүдә көп ҳалатларда исенимсиз, бузылған мағлыўматлар тәсирине түсип қалмақта. Әсиресе, сиясий ўақыялар, сайлаўлар, әскерий ҳәрекетлер, халықаралық әҳмийетке ийе ҳәдийселер менен байланыслы жаңалықлар, яғный әҳмийетли қарарлар қабыл етиўди талап ететуғын ўақыялар арасында “fake” тарқатыў жағдайы манипулятив инструмент сыпатында қол келмекте.

Информацияның жәмийетшилик санасына тәсири бойынша ең ири изертлеўшилеринен бири канадалық ***философ Герберт Маршалл Маклюэн***ның идеясы соннан ибарат, ғалаба хабар қураллары “тәбийий ресурслар” есапланады. Соның ушын заманагөй дүньяда информация ресурсларына кириў ушын гүрес алдынғы орынға шықты. Мыш-мышларға тийкарланған фейк хабарлардың тәбиятын түсиниў “информация” ҳәм “дезинформация” түсиниклерин анық шегаралаўға жәрдем береди.

[1] ClaireWardle, Hossein Derakhshan, “Information Disorder. Toward an interdisciplinary framework for research and policymaking”, Council of Europe, 2017

Информация көбинесе ҳақыйқат/жалған ҳәм исенимлилик түсиниклери менен характерленеди. Информация реаллыққа сәйкес келетуғын болса, ҳақыйқат есапланады. Ҳақыйқат фактти туўры усыныў арқалы тәрийпленеди. Демек, факт бул – тексерилген, ҳақыйқатында жүз берген барлық ҳаққындағы исенимли мағлыўмат.

Дезинформация – информацияның сондай түри, ол аудиторияда барлықтың натуўры көринисин қәлиплестиреди. Фактлерди толық яки белгили дәрежеде бузыў, информацияны жасырыў, сөйлесиўде хабарға натуўры пәт бериў ҳәм басқалар дезинформация қураллары есапланады.

Интернеттиң пайда болыўы нәтийжесинде тармаққа кириў имканына ийе болған ҳәр бир пайдаланыўшыда информацияны ислеп шығарыў, оны тарқатыў ҳәм информация алыў имканияты жаратылды. Бул белсенди пуқаралық позициясына ийе болған шахс ушын үлкен имканиятлар есигин ашады. Инициатор блоггерлер журналистлердиң ўазыйпасын атқара баслайды, олар ҳақыйқатында да өзгерислерди тезлик менен сәўлелендиреди. Бир тәрептен, бул демократиялық қәдириятлардың жеңисин көрсетеди, басқа жағынан, ғалаба хабар қуралларының фактлер менен ислесиў принциплерин тән алмайды ҳәм нәтийжеде фейклер пайда бола баслайды. Соңғы жылларда, профессионал болмағанлар “жаңалық” жаратыў ушын үлкен имканиятларға ийе болды. Буған мысал ретинде *2012-жылдағы Қырымда жүз берген суў тасқыны ҳаққындағы хабарды келтириў мүмкин.*

Бул ўақыяға қарата рәсмий мәкемелер “тынышлық”ты абзал көрди, нәтийжеде ҳәр түрли блогларда фейк хабарлар тарқала баслады. Ең үлкен резонанс келтирип шығарған материал Юлия Антопропованың “ЛивеЖоурнал”,

• • •

Информация қәдириятына айланатуғын заманда баспа ҳәм электрон ҒХҚ (ҳәтте ең зорлары да) жәмийеттеги бар пүткил информация жүгин көтере алмай қалады. Сол себепли, бундай ҒХҚ өз орнын “үшинши толқын” цивилизациясында максимал дәрежедеги ҳәр түрлиликти тәмийинлей алатуғын ҳәм ҳәтте жеке сораўларға да жуўап бере алатуғын интерактив ҳәм ғалаба болмаған қуралларға босатыўға мәжбүр болады.

• • •

“Фасебоок”, “ВКонтакте” да жәриялаган Небержаев суў қоймасының ашылыўы ҳаққындағы мағлыўматлары болды: “Егер ашылмаса, Новороссийск суўын тосады, егер ашылса, Қырым жуўылып кетеди”. Тастыйықланбаған мағлыўматлардың тәкирарланыўы нәтийжесинде пайда болған адамлардың қәўетерин тоқтатыў ушын көплеп энергия сарплаўымыз керек еди.

Жоқарыдағы мысалдан көринип турыпты, бүгинги күнде журналистикада профессионал болмаған шахслар да күнниң ең соңғы жаңалықларына сәйкес рәўиште тез информация (ҳақыйқатқа тийкарланбаған) тарқатыўы мүмкин. Бул тийкарынан, коммерциялық яки кеўилашарлық мақсетлерде әмелге асырылады.

• • •

Қәлбеки хабарлар әўлады социаллық тармақлар шегарасынан сыртқа шықты ҳәм дәстүрий ғалаба хабар қураллары, биринши нәўбетте, телевидение арқалы ғалабаласты. Бул көп жақтан сан-санақсыз халықаралық соқлығысыўлар ҳәм информация урыслары менен байланыслы.

• • •

Қәлбеки хабарлар әўлады социаллық тармақлар шегарасынан сыртқа шықты ҳәм дәстүрий ғалаба хабар қураллары, биринши нәўбетте, телевидение арқалы ғалабаласты. Бул көп жақтан сан-санақсыз халықаралық соқлығысыўлар ҳәм информация урыслары менен байланыслы.

Информациялық технологиялардың жедел раўажланыўы ҳәмде техникалық имканиятлардың кеңейиўи шәраятында мыш-мышлар ҳәм ярым шын, ярым ҳәзил түриндеги материалларды ҳақыйқыйларынан ажыратып алыў қыйын. Себеби, ҳәзир ҳәр бир пайдаланыўшыға ҳүжжетлер, съёмкалар, аудио файлларды аңсат көшириўге имкан беретуғын технология бар болып, бул бәркулла исенимли информацияға болған тосық болады. Оның пайда болыўына, тоқтатылыўына ҳәм бийкар етилиўине жол қоймаў ушын биз журналистлер жумысларын профессионал дәрежеде шөлкемлестириўге жәрдем беретуғын техникалар ҳәм фильтрлерге мүтәжбиз.

Бүгинги күнде жаңа медиалар ҳәм интернет журналистика барған сайын раўажланыўы про-

цесинде бул ҳәдийсениң аудитория қатнасы ҳәм оқыўшыларға тәсир көрсетиў усыл ҳәм қураллары менен парықланыўшы және басқа түсиник масс медиа майданына кирип келди. Оның аты мистификация.

Мистификация да "фейк хабар" мәнисине жақын, лекин бул түсиниктиң толық мәнисин ашып бермейди. Бизге белгили, көркем әдебиятта да реал фактлерге мүрәжат етиледи, бул фактлерди көркем дөретиўшиликте бийкарлаў унамсыз нәтийжелерге алып келиўи мүмкин, сол себепли авторлар әдебиятта да реал фактлер қуралындағы образлардан пайдаланады.

Ботлар, тролл ҳәм пранкерлер бул – интернет раўажланыўы нәтийжесинде пайда болған, авторлардың жаңа ныҚапланыў усылы. Текстти қәлбеки авторы бул – белгили бир процесстиң субъекти болып, ол өз материалларында турмыслық ўақыя-ҳәдийселерди гүрриң етеди ҳәм оның қыялды жанландырыўы арқалы тийкарында жүз бермеген жағдайларды "ҳақыйқыйдай" көрсетеди.

Мистификатор-авторлар ҳақыйқый дөретиўшилик авторлардан өзгешелиги, өз шығармаларында руўхый дүньяны толық көрсетпейди. Мистификаторлар инсанның сөйлесиў процесиндеги ролин нәзерде тутады ҳәм сол арқалы өз хабарларын басқа инсанларға тарқатады. Буннан гөзленген мақсет мағлыўматларды фалсификациялаў, яғный қәлбеки хабарға айландырыў яки үгитлеўге қаратылады.

Бот не?

Ботлар – мистификатор-авторлардың тийкарғы көринислеринен бири болып, күнделикли турмыста қәлеген интернет пайдаланыўшы оларды бағдарлама сыпатында түсиниўи ҳәм қабыл етиўи мүмкин. "Бот" сөзи инглис тилиндеги "робот" сөзинен келип шыққан. Ол ҳәзир жаслар арасында үрп болған онлайн ойынлар, ҳәр түрли аукционлар да усы түр қурамына киреди. Социаллық тармақларда да ботлар (социал ботс) бар болып, олар белгили аккаунт жәрдеминде компьютер бағдарламалары арқалы басқарылады. Ботлардың бундай түри интернет буйыртпашылар тәрепинен коммерциялық мақсетлерде жаратылады.

Интернетте усы ботлардан пайдаланыў процесинде оларды ҳақыйқый адамлар қадағалап атырғандай қыял оятады. Ботлар аңсатлық пенен басқа пайдаланыўшылардың информация сораўлары алгоритмлерин тезлик пенен, бир неше секундлар ишинде есаплаў (излеў сөзлери, сүўретлер, хештэглар арқалы) имканына ийе. Екиншиден, олар бул сораўларға муўапық

арнаўлы таңланған контентти тарқатыўға да уқыплы. Бундай ботлар белгили бир контентке қызыққан пайдаланыўшыларға ғалаба рәўиште кеминде бир мәрте керекли мағлыўматты жөнетеди. Олардың тийкарғы ўазыйпасы – социаллық тармақларды мақсетли аудитория мәплерине сәйкес рәўиште хабарлар менен, соннан, қәлбеки мағлыўматлар менен толтырыў. Баҳалы қағазлар ҳәм биржа комиссиясына усынылған есабатта Твиттер 2014-жылдағы ботлардың санын жәриялады. Оған көре айына 23 миллионнан артық (8,5%) Твиттер пайдаланыўшылары ботлар екенлиги анықланған. Фэйсбуктағы мағлыўматларға көре, тап усы дәўирде бул социаллық тармақта ботлар 5,5 тен 11,2 ге шекемги пайызды қураған. 2016-жылда президентлик компаниясы даўамында ФСС хабарларының шама менен 20 пайызы автоматик рәўиште жаратылған.

Биринши чат-робот Элиза аты менен аталған болып, ол инсан сөйлеўине сәйкес рәўиште шама менен 40 жыл алдын сөйлесиў мақсетинде жаратылған. Бағдарламаның қалған барлық чатбот шаңарағы Элизадан соң иске түсирилген. Бағдарламаның ислеў принципине көре, чат-роботларын еки түрге бөлиў мүмкин. Биринши ҳәм ең ғалабаласқан түрдеги ботлар сөйлеў шаблонларын киргизиў ҳәм олардың жазыспаларына тийкарланады. Екинши түр - “фейилли ботлар” деп аталады. Бағдарлама сөйлеўдеги даўыс, объект ҳәм белгилер арасындағы байланыслылық тийкарында дүзиледи. Мәселен, “орынлаў” фейили туўрыдан-туўры мәниде жанлы субъект (ким?)тиң ис-ҳәрекетин сәўлелендиреди.

Ботларды ҳақыйқый пайдаланыўшылардан айырыў қыйын болса да, лекин буның имканы бар. Ҳақыйқый пайдаланыўшы ҳәм бот арасындағы айырмашылық, олардың тийкарынан жазба сөйлесиў түринде сөзлер арқалы сәўбетлесиўи. Ботлар сәўбетлеслер менен тек диалог түринде сәўбетлеседи, яғный онда таярланбаған, спонтан сөйлеў түри жетекшилик етеди. Ботлардан айырмашылығы дөретиўши автордың сөйлесиўинде диалог та, монолог яки полилог та болыўы мүмкин. Бул бағдарда ботлардың имканияты бираз шекленген болып, олар ушын монолог дүзиў жүдә қыйын, себеби монолог – баянатшының сөйлеўинде қолланылатуғын ҳәм тыңлаўшының күшли тәсири нәтийжесинде пайда болатуғын жанр есапланады. Бул сөйлеў өз-өзинен тиккелей тыңлаўшыға қаратылмайды. Бот ҳәм полилог сәўбети қыйын кешеди. Себеби, бул жанрда сөйлеўши спикерлер ҳәм тыңлаўшылардың бир-биринен үстем болыўына умтылмаўы керек. Ботлар автор-мистификатор сыпатында сәўбет процесинде турақлы жетекшилик етиўди, яғный лидерликти қәлейди.

Дәслепки чат-роботлар “белсенди тыңлаў” стратегиясын атқарып, адамлар менен пикирлес болыў тактикасын (“аўа, мен сизди түсинемен”) қоллаған, қандай да бир тема шеңберинде сәўбет болса “бул жүдә қызық” яки “даўам етиң” түриндеги хабарларды жөнеткен ҳәм т.б. Буннан басқа, виртуал сәўбетлес пенен тема шеңберинде сәўбетлесиў процесинде ботлар сәўбеттиң интервью усылын қолланады. Мәселен, егер пайдаланыўшының гәпи “ата”, “ана”, “бала” ҳәм басқа сол сыяқлы сөзлерди өз ишине алған болса, чат-робот “Шаңарағыңыз ҳаққында көбирек айтып бериң” сыяқлы гәплер арқалы сәўбетлесетуғын болды.

Узақ ўақыт даўамында адамлардан өзгешелиги ботлар сөйлеў ҳәрекетиниң тийкарғы кемшилиги сыпатында сәўбетти баслаў ҳәм оның темасын өзгертиў имканиятының жетиспеўи еди. Сондай-ақ, сөйлеўдиң полилог түри де виртуал сәўбетлеслер, яғный ботлар тәрепинен қолланылмайды. Себеби, полилог сөйлеўде уқсатып салыў қыйын есапланады.

Троллар ше?..

Тролл – автор-мистификатор болып, өзиниң виртуал әлемде танымалы болыўға ерисиў мақсетинде интернет пайдаланыўшылардың аноним тәриздеги ис-ҳәрекетлери троллинг деп аталады. Троллар тармақ пайдаланыўшылары болып, өз материаллары арқалы этика қағыйдаларын бузыўшы ҳәм интернет пайдаланыўшылары арасында қарсылықларды келтирип шығарыўшы шахслар. Троллинг – провокациялық хабарларды жазыў болып, тармақ пайдаланыўшылары арасында арнаўлы қарсылықты келтирип шығарыўшы процесс. Троллингниң бир неше усыл ҳәм технологиялары болса да, лекин буннан гөзленген тийкарғы мақсет бир – виртуал сәўбетти дестабилизация етиў. Троллингниң пайда болыўының тийкарғы себеплеринен бири сыпатында “виртуал анонимлик” есапланады. Себеби, интернеттиң кең тарқалыўы нәтийжесинде жәмийетлик-мәдений шеклеўлер ҳәмде өзин айыпсыз деп сезиў процеси күшейип кетти.

“Троллинг” атамасы инглис тилинен алынған болып, бул түсиник 90-жыллардың басларында Usenetalt.folklore.urban топарларынан биринде тарқалған. Лекин, ол пайытларда “троллинг” ҳәзирги заманагөй мәнисинен бираз басқаша қолланған. Яғный троллинг көбинесе жаўызлық пенен емес, ал салыстырмалы жеңил ҳәзил мәнисинде ислетилген.



Троллар ҳақыйқый адамлар тәрепинен басқарылатуғын хабарларды профиллар арқалы узатыў системасы. Әдетте, олар қарыйдарлардың мәпи ушын контент жаратыў мақсетинде арнаўлы жумысқа жалланған адамлар. Троллинг балық аўлаў менен салыстырылады, себеби троллар тәрепинен провокациялық хабарлар арқалы адресаттың нервин шығарыў мақсетинде қолланады. Социаллық тармақларда тролл, тийкарында бар болмаған шахс профилин жаратады, оған қысқа биография ҳәм оның менен досласқанлар шеңбери шөлкемлестириледи (шахсый беттеги қысқа хабарлар, силтемелер ҳәм шолыўлар арқалы). Бир тролл бир неше профилди басқарыўы да мүмкин. Бундай профиллер жынысы, жасы, кәсиби (мәселен, 30 жаслы үй ийеси, пенсияға шыққан әскер, медицина тараўындағы студент) жағынан бир-биринен кескин парық етеди.

Тролларды сәўбетлесиў усылынан ғана анықлап алыў мүмкин. Олар көбинесе интернет пайдаланыўшылардың мәпи ушын жумыс ислейди. Мәселен, информацияға қалдырылатуғын шолыўларда, репост ҳәм лайклар процесинде бәрқулла белсенди болады ҳәм ең тийкарғысы, бул сыяқлы шеңберлерде троллар мудамы провокация көринисинде бой көрсетеди. “Бундай шолыў (комментарий) ҳәм түсиндирмелердиң барлығы дерлик бир қыйлы методикалық бирликлер ҳәм клише, яғный қәлип сөз ҳәм гәплерден ибарат болады”. Троллар гейде шахсыятқа да өтеди. Бул процессте олар абайлап сәўбетлесиў усылынан пайдаланады ҳәм бир қатар дәлийллерди келтиреди.

Пранкерлер қандай ислейди?

Пранкерлер – мистификатор-авторлардың және бир түри болып, аноним тәризде пайдаланыўшыға коңыраў етеди яки интернетте қәлбеки аккаунт жаратады. Пранкерликтиң дәслепки көриниси сыпатында телефондағы утыслы ойынларды мысал етиў мүмкин. Бул ойынлардан кимге қоңыраў етиў тосаттан сайланбаса да, ким утыўы ҳәм кимниң утылыўы алдыннан мәлим болады. Ҳәзирги интернет раўажланыўы нәтийжесинде пранкерлик те жетилисти. Енди пранкерлер телефон арқалы сәўбетти, съёмканы жазып алыў ҳәм кейин оны интернет тармағында жайластырыўы мүмкин. Пранкерлик провокация мақсетинде шөлкемлескен болып, оның ўазыйпасы адамларды манипуляция етиў ҳәм керек болса, пайдаланыўшыларда қарсы кейпиятты оятыў. Ҳәзирде пранкерлер: микрофонлар ҳәм сәўбетти жазып алыўшы қурылма, даўысты өзгертиўши арнаўлы үскене сыяқлы бир қатар техникалық имканиятларға ийе.

Мистификация түрлери

Мистификатор-авторлар қәлбеки хабарды жаратады. Бүгинги күнде мистификация руўхындағы медиатекстлер төмендеги тараўларда қолланылмақта:

- илимий ҳәм сиясий процесслер;
- жаңалықлар;
- ҳужжетлер;
- реклама.

Ҳақыйқатында да, ҳәзир мистификация тараўында “рефрейминг” (фраме – инглис тилинде жүз берип атырған ўақыя-ҳәдийселерди түсиниў мәнисинде қолланады) процеси бақланбақта.

Илимий мистификация. Бул түрде автордың дыққат орайында сенсация турады. Илимий фейклердиң көпшилиги адамлардың турмыслық мүтәжликлерин қандырыўға қаратылған белгили мәпке тийкарланған информациялардан ибарат.

Илимий “фейк”лерде берилген дәреклер гуманлы болады. Журналистлер де өз нәўбетинде, исенимли, изертлеў нәтийжелери сынаўда болған дәреклерди көрсетпейди, атамалардан пайдаланбайды ҳәм мәлим илимий ойлап табыўлардың әҳмийети ҳаққында дәрҳал жуўмақ шығарады. Мәселен, 2002-жылда Би-Би-Си радиостанциясы немис изертлеўшилериниң баянатына көре, кейинги еки әсирде сары шашлы инсанлардың туўылыўы

кескин рәўиште кемейип кеткенлигин, буған рецессив генди (нәсилден нәсилге өтпейтуғын ген) себеп сыпатында көрсетеди.

Бир жыл өткен соң “The New-York Times” газетасы жоқарыдағы хабар “фейк” екенлигин атап, бийкарлаў жәриялады. Сонысы әҳмийетли, бар болмаған усы изертлеў нәтийжелери және 10 жыл исенимли факт сыпатында келтириледи. Тап усыған уқсас ўақыя 2007-жылда да жүз берген. “Procter ҳәм Gamble изертлеў лабораториясының нәтийжелерине көре, ҳақыйқатында да сары шашлылар жақын жылларда жоғалып барады”. Компанияның бул хабарды бериўден мақсети сол жол арқалы сары шаш бояўлары саўдасын асырыў болған. Илимпазлар изертлеў нәтийжелерин дәрҳал бийкар етти: “сары шашлар ушын жуўапкер болған мутациялы ген, ҳәтте еки ата-ана да қара шашлы болса да, егер әўладында сары шашлылар болған болса, балаға өтиўи мүмкин”.

• • •

Троллингтиң пайда болыўының тийкарғы себеплеринен бири сыпатында “виртуал анонимлик” есапланады. Себеби интернеттиң кең тарқалыўы нәтийжесинде жәмийетлик-мәдений шеклеўлер ҳәмде өзин айыпсыз деп сезиў процеси күшейип кетти.

• • •

Илимий мистификацияны анықлаў қыйын емес, оның ушын мақсетти белгилеўге итибар бериў керек. Қәлбеки илимий-көпшилик текстлерди жаратыўдан мақсет жалған илимий информацияны ғалаба аудитория ушын сәйкеслестириў. Ғалаба хабар қураллары әмелиятынан мысаллар келтиремиз.

Сиясий мистификация. Сиясатшылардың жалған тастыйығы болып, көбинесе бул хабар кең жәмийетшилик ҳәм журналистлерде екилениўди келтирип шығарады. Усы түрдеги текст авторларының тийкарғы мақсети - мәмлекетлик, қандай да бир сиясий шөлкем, белгили топарлар мәпин көрсетиўши сиясий көзқарасларды жасырыўдан ибарат.

Американың болажақ президенти, республикашылар партиясынан кандидат Дональд Трамп “әсиресе, өз мәпи ушын Twitterда бундай қәл-

беки, “фейк” хабарларды (егер бул хабарлар өз мәпине хызмет етсе) қоллап-қуўатлаған ҳәм басып шығарған. Март айында Трамптың Огайо штатындағы Дейтон аэропортында сайлаўшылар менен ушырасыўда шығып сөйлеўи пайытында қолайсыз ҳәдийсе жүз береди. Бир жас жигит тосықтың үстинен секирип өтип, талабан Трамптың алдына келеди. Бирақ, ол дәрҳал полиция хызметкерлери тәрепинен қолға алынады. Көп өтпей, социаллық тармақларда тәртипбузардың ИШИД пенен байланыс орнатқаны ҳаққында хабарлар тарқалады. Дональд Трамп бул “фейк” хабарларды дәрҳал Твиттер ҳәм Фэйсбукта миллионлап интернет пайдаланыўшыларына жәриялады. “НБС Ньюз” шоуда “Баспасөз бенен ушырасыў” атамасындағы көрсетиўде баслаўшы Чак Тодд Трамптан не ушын ол аңсатлық пенен бундай қәлбеки, “фейк” хабарларға исенгенин айтып, “- дәлийллерди қаерден алдыңыз?”- деп сорайды. Бул саўал арқалы журналист ўақыяға анықлық киритиўге ҳәрекет етеди. Дональд Трамп төмендегише жуўап береди: “Интернетке қараң, бул жигиттиң жер жүзинде АҚШ байрағын көтерген көплеп клиплерин табыўыңыз мүмкин”. “Бул қәлбеки еди, сер”, - деди Чак Тодд. “Ол жигит ИШИД пенен байланысқан, жазысыўлар алып барған. Билиўимше, бул ҳаққында информация интернетте бар”, - деб жуўап береди президентликке талабан Трамп.

Сиясий мистификация – сиясий мақсетлерде мәлим информацияны жәмийетшилик пикирин оятыў ушын жалған тәризде тарқатыў.

Сиясий мистификацияны жаратыў ушын қолайлы майдан бул – сиясий дебатлар болып, бу процессте фактлерди бузып көрсетиў ансат кешеди. Американың 45-президентлигине сайлаўлар процеси тарийхқа көплеп “фейк” хабарлардың тарқатылыўы ҳәм сайлаўшылардың белсенди социаллық тармақ пайдаланыўшыларына айланған дәўири сыпатында кирди.

Сиясий мистификацияның кериси сыпатында үгит ҳәм пикирталас руўхындағы текстлерди келтириў мүмкин. Соны айрықша атап өтиў керек, үгит бул – жалған хабар емес. Ол базы сиясий, социаллық, экономикалық ҳәм пуқаралық қәдириятларды қорғаў ҳәм тарқатыў дегени. Пропаганда тийкарында жаратылған текстлерди үгит текстлери деп те атаў мүмкин.

Ҳүжжетлер мистификациясы. Ҳүжжетлер қурамында басқарыў ҳәм басқарыўға байланыслы текстлер (буйрық, пәрман, қарар ҳәм басқалар) болып, оларда ҳүкимет қарарлары өз көринисин табады.

Заманагөй кино ҳәм телевидениеде бүгинги күнде ҳүжжетли, жалған ҳәм қәлбекилестирилген еликлеў менен тәрийпленетуғын псевдо-ҳүжжетли фильмлер кең тарқалған.

Бул фильмлердиң жанрын белгилеў ушын “мокументерий” (инглисше, москументарий, “қәлбекилестириў”, “мазақ етиў” ҳәм “ҳүжжетлилик” сөзлеринен келип шыққан) арнаўлы атамасы киритилди.

Мокументерий атамасының пайда болыўы тек жалған ҳәм тоқыма тийкарындағы хабарлар емес, ал ҳүжжетлердиң “жуўылыў”ы процеси менен де тиккелей байланыслы. Бул – глобал дәрежеде ҳүжжетлердиң қәдирсизлениўи нәтийжеси есапланады. XX әсир бул процесстиң ғалабаласыўына кең жол ашып берген дәўир сыпатында тарийхқа кирди: қайнап атырған орталықтан алынған фотосүўретлер қайта исленди, қашақлардың күнделиклери болса, буржуа ўәкиллери жалғанлар тийкарында қайта жаратылды. Дүньяның дәстүрий көриниси исенимсиз түске кирди. Инсаният өз қулағы менен еситкен (радио пайда болғаннан кейин) хабарларына, кейиншелик өз көзи менен көрген (кино ҳәм телевидение пайда болғанда) көрсетиўлерге исенбеўге көнлиге баслады.

Базы жағдайларда рәсмий бетлерде де “фейк”ке тийкарланған хабарлар орын алады. Буннан тысқары тармақ пайдаланыўшылары тәрепинен жаратылған информациялық троллинглер де бар. Заманагөй санлы коммуникациялар тараўында мағлыўматтың исенимлилиги машқаласы ең әҳмийетли ҳәм салмақлы мәселелерден бири есапланады. Усы машқаланы шешиў елеге шекем ашық қалмақта. Соны айтыў керек, мағлыўматтың исенимлилик дәрежесин анықлаў журналист ҳәм редактордың кәсиплик ўазыйпасы. Редакция ҳәм социаллық медиада информацияның тексерилмеўи ақыбетинде зыян көргени ҳаққында көплеп мысалларды келтириў мүмкин. Бул жағдайда жоқары социаллық статус та, байлық та, танымалылық та, ҳәтте мағлыўматлылық ҳәм кәсиплик шеберлик те жәрдем бере алмайды.[1]

Әмелий шыныгыў ушын тапсырмалар

1. Өзиңиз алыўыңыз мүмкин болған бот ҳәм аккаунтларды анализлең, олардың “фейк” өзиншеликлерин анықлаң.

2. Социаллық тармақлардағы тролларды талқылаң. Олардың аудитория пикирине қандай тәсир етиўин түсиндириң.

3. Пранкерлердиң ислеў тәртиби ҳәм “фейк”лерин талқылаң.

4. Мистификация түрлерине мысаллар табың.

[1] “Journalism, fake news & disinformation: handbook for journalism education and training. ЮНЕСКО. 2018. Б. 109

2.3. FACT CHECK ПЛАТФОРМАЛАР ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ИСЛЕЎ ӨЛШЕМЛЕРИ

Гилт сөзлер: *кәсиплик компетентлик, инновация, халықаралық жойбарлар, фактчекинг, базалық стандарт, кросчек, ресурс, лого, онлайн билимлендириў, типология.*

Бүгинги күнде тексерилмеген мағлыўматлар тарқалыўына анаў яки мынаў редакцияда ислеп атырған журналисттиң кәсиплик потенциалының жетиспеўшилиги де себеп болыўы мүмкин. Бул халықаралық жойбарлар шеңберинде информацияның ҳақыйқыйлығын қайта тексериўге байланыслы искерлик нәтийжесинде журналистлер арасында факт-чекинг командаларының қәлиплесиўине түртки болды.

Буның ушын редакцияларға жәрдем сыпатында халықаралық фактчекинг шөлкеми "The International Fact-Checking Network" жаратылған болып, ол Poytner Institute бөлимшеси сыпатында пүткил дүньяда факт-чекерлерди бирлестириўге бағдарланғаны менен әҳмийетли. IFCN 2015-жылдың сентябринде шөлкемлескен болып, оннан гөзленген тийкарғы мақсет - информация алмасыў арқалы тез раўажланып баратырған информацияларды тексериў әмелиятын қоллап-қуўатлаўдан ибарат.

The International Fact-Checking Network қандай ўазыйпаларды атқарады?

Бул шөлкемлердиң ўазыйпалары төмендегише:[1]

- Пүткил дүньяда фактлерди тексериў бойынша тенденциялар, форматлар мониторинги ҳәм сиясатын ислеп шығарыў менен шуғыллана-ды, турақлы түрде усы тема бойынша мақалалар басып шығарады.
- Факт-чекерлер базалық стандартларын, принциплер комплексин ҳәм факт-чекингди раўажландырыўға мөлшерленген жойбарларын алға сүреди.
- Усы тема бойынша инновациялар ҳәм бағдарламалар ушын жыллық стипендиялар, грантлар ажыратады.

[1] https://www.poynter.org/channels/fact-checking

• Журналистлерди ҳәр жылғы конференцияларға шақырады (Global Fact) ҳәм халықаралық көлемде факт-чекинг бойынша улыўма ҳәрекетлерге көмеклеседи.

• Факт-чекинг темалары бойынша онлайн билимлендириўди әмелге асырады.

Бир сөз бенен айтқанда, усы жәмийетшиликлер ҳәм онлайн ресурслар контенттиң ҳақыйқыйлығына бийпарық болмаған журналистлер ҳәм профессионаллар арасында жәҳән нетворкингин жаратыў ҳәм жәҳән медиа орталығында информацияны натуўры қоланыўдың ҳәр түрли формаларын сапластырыў мақсетин гөзлейди.

• • •

Жалған информациялар тарқалыўы сол дәрежеде кең түс алды, инсаният өз қулағы менен еситкен (радио пайда болғаннан кейин) хабарларына, кейиншелик өз көзи менен көрген (кино ҳәм телевидение пайда болғанда) көрсетиўлерге исенбеўге көнлиге баслады.

• • •

Фактлерди тексериў ушын Washington Post редакциясы тәрепинен жаратылған Storyful.com, FactCheck.org, PolitiFact.com яки The Fact Checker сыяқлы қәнигелескен жойбарлар ҳәм сервислер хызмет алып барады. Өкинишлиси, олар тийкарынан инглис тилинде сөйлесиўшилер ушын мөлшерленген. Бирақ және де универсал инструментлер де бар. Mediakritika.by сайты “Оқыўшыға тармақтағы контенттиң исенимлилигин тексериўде жәрдем беретуғын 5 жаңа бағдарлама ҳәм қосымша” мақаласында бир қанша пайдалы сервислерди усыныс еткен. Булар: Trooclick, Truth Goggles, Lazy Truth, Skeptive, Genius.

CrossCheck платформасында ҳәр бир басылған материал редакция яки ресурс логосына ийе болған ҳәм контенттиң исенимлилигине байланыслы анализ алып барыў нәзерде тутылады. Сондай-ақ, материал төмендеги типология бойынша айрықшаланады:

• Ҳақыйқат,

• Жалған,

- Ескертиў,
- Жетерли дәрежеде исенимли емес,
- Абайлы болыў талап етилетуғын мағлыўмат.

Сондай-ақ, әпиўайы веб-инструментлер де бул бағдарда қолайлы келиўи мүмкин, Мәселен, Яндекс, Google сайтлары арқалы атама, тексттиң мәлим бөлеги яки гәплерди тексериў мүмкин. Google images яки TinEye сервислери болса сүўретлерди (картинкаларды) тексереди.

Әмелий шынығыў ушын тапсырмалар

1. Өзиңиз қәлеген “фейк” хабарды, белгили бир факт-чекингди қолланған ҳалда тексерип көриң.

2. The International Fact-Checking Network тәрепинен усынылған факт-чекинг платформасын “фейк” хабарды тексериў арқалы сынап көриң.

2.4. НӘТИЙЖЕЛИ FACT CHECKING: МЕТОДЛАР ҲӘМ ИНСТРУМЕНТЛЕР (КЕЙСЛЕР АНАЛИЗИ)

Гилт сөзлер: *әлипбе, тренд, метод, жаңалықлар, атама, сырлы, адресат, фактор, қурал, эмоционал, рационал, пикир.*

Фактчекинг – журналистика әлипбеси

Журналистикада фактлерди тексериў бул кәсиплик зәрүрлик саналып, анаў яки мынаў мағлыўматтың ҳақыйқыйлығын көрсетиўге қаратылған, оның туўры қолланылыўын тәмийинлеў мақсетинде әмелге асырылатуғын хызмет түри.

2018-жылда ЮНЕСКО тәрепинен басылған "Journalism, fake news & disinformation: handbook for journalism education and training"[1] қолланбасында Даниэл Патрик Мойнихан (Daniel Patrik Moynixan), Нью Йорк штаты сенаторы ҳәм Ҳиндстанда Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң елшисиниң төмендеги пикири келтириледи:

"Ҳәр бир инсан өз жеке пикирине ийе болыў ҳуқықына ийе, лекин өз жеке фактлерине ийе бола алмайды."[2]

Яғный, факт ҳәмме ушын бирдей улыўмалық, оны өзлестириў, өзгертиў, натуўры мәнис бериў мүмкин емес.

Усы қолланба авторлары сондай-ақ, фактлерди тексериўди журналистикада еки атама менен байланыстырады: ФАКТЧЕКИНГ ҳәм ВЕРИФИКАЦИЯ. Олар арасындағы айырмашылық төмендеги схемада анық тәрийпленген:[3]



[1] "Journalism, fake news & disinformation: handbook for journalism education and training. ЮНЕСКО. 2018. Б. 109

[2] Moynihan D., Weisman S. Дэниел Патрик Мойнихан. Нью-Йорк: PublicAffairs, 2010.

[3] Journalism, fake news & disinformation: handbook for journalism education and training. ЮНЕСКО. 2018. Б. 111

Бүгинги күнде аудиторияда фактчекингке қарата журналистикадағы жаңа тренд яки қандай да бир купыя сыр сыпатында қараў ғалабаласқан. Тийкарында, фактчекинг – бул журналистика әлипбеси, ол тек жаңалықлар емес, ал аналитикалық материалларды да таярлаў сапасын асырыўшы әҳмийетли қурал. Профессионал журналистикадан узақ болғанлар ушын фактчекинг шыны менен де бәлким жаңа түсиник шығар, лекин журналистиканың жетекши принциплери есапланған анықлық ҳәм исенимлиликке ерисиў журналисттиң күнделикли хызметиндеги ең әҳмийетли ўазыйпасы болып, фактлерди тексериў арқалы әмелге асырылады.

Дәреклер ҳәм контентти тексериў бойынша WAN-IFRA ның усыныслары

1. Социаллық тармақта пайдаланыўшының бети қашан ашылғанын тексериң.

Гейде жаңа аккаунтлар дезинформация тарқатыў ҳәм мистификация ушын жаратылады. Twitterдиң пайдалы функцияларынан бири сонда, ол жаңа дизайнлы профилдиң қашан ашылғанын көрсетип турады.

2. Пайдаланыўшының белсендилигин үйрениң.

Ол ким менен досласқан, ким менен жазысады, профилине кимлерди қосқан, не ҳаққында жазады, не ҳаққында айтады? Социаллық тармақ инсанның өзара байланыслары ҳәм тәсири ҳаққында көп мағлыўматларды береди.

3. Пайдаланыўшының басқа социаллық тармақтағы аккаунтларын излең.

Излеген адамның исми интернеттиң және қайсы бетинде ушырайды? Оны излеўде Spokeo, Pipl.comдан пайдаланың. WebMii ҳәм Linkedln — телефон номери, мәнзил ҳәм басқа мағлыўматларды алыўға ҳәрекет етип көриң.

4. Жаңалықты жүклеп алған, басып шығарған инсан менен байланысың.

Бул тексериў ушын оғада әҳмийетли. Қосымша мағлыўматлар алың ҳәм материалға қандай талаплар қойылғанын билиң, мағлыўматтан пайдаланыў ушын рухсат алыў мүмкин яки мүмкин емеслигин тексерип көриң.

5. Пайдаланыўшының сиз билгенлер менен сөйлесип атырғанын салыстырың.

Сизди қызықтырып атырған ўақыяларға байланысы болған басқа аккаунтлерди излең. Буннан басқа, пайдаланыўшыдан қосымша фотосүўрет/видео бар яки жоқлығын сораң.

6. Қайерда жайласқаны ҳаққындағы мағлыўматларды салыстырың.

Twitter, Facebook ҳәм басқа платформалар пайдаланыўшыларға өз постларын мәнзил менен байланыстырыў имканын береди. Бул адамның ҳақыйқатында да айтқан мәнзилде болғанын анықлаўға жәрдем бериўши белги.

7. Сүўрет бойынша қайта излеўден пайдаланың. Жақында алынған фото көбинесе ески сүўрет болып көриниўи мүмкин. Буны тексериў ушын Google Reverse Image Search яки TinEye ден пайдаланың. Интернетте усы сүўрет пайда болғанын көресиз. Усы функция миниатюра видео ушын да

ислейди – излеў хызмети бул онлайнды және қайерде көриў мүмкинлигин айтады.

8. EXIF-фотосүўрет мағлыўматларын тексериң. Ҳәр бир санлы сүўрет метамағлыўматқа ийе болып, ол сиз көрмей атырған нәрселерди көрсетип турады. Бир қатар пайдалы мағлыўматлардан тысқары, EXIF сүўретке алған камераның түрин анықлаўға жәрдем береди. Гейде географиялық мағлыўматлар жазылады.

Фактчекингди билиў ушын төмендеги базалық қағыйдаларға әмел етиў керек:

1. Дәслепки дәрек яки бир қанша бийғәрез дәреклерден алынған мағлыўматлар тастыйығын излең

Бул қағыйда әллеқашан бәрше редакцияларды сапалы қуралландырыў ушын қолланып болынған. Биринши дәрекке мүрәжат етиў – жуўапкерли журналист ушын кәсиплик талап.

Дәрек – бул биринши пикир билдирген инсан яки ҳәрекет. Дәслепки дәрек, фактти ң “альфа ҳәм омега”сы. Сондай-ақ, ўақыяда қатнасқан (гүўа) адам яки оған жақын шахс та дәрек болыўы мүмкин.

Егер дәрек жансыз, белгилеў қуралы болса, нур үстине нур. Онда дәрек жеке баҳа, шамалаўлардан жырақ болады ҳәм менталь қәтелерден қамсызландырылады. Булар ҳәр қандай қурылма – айнадағы термометрдан

баслап машинадағы видеорегистратор үскенеге шекем болыўы мүмкин. Бирақ, бул жерде фактчекер профессионал көзқарастан нәрсе ҳәм ҳәдийселерге: өнимниң исенимлилигин тексериў ҳәм сыртқы араласыў болғанын анықлаўға гуман менен қараўы да керек:

Мағлыўматларды ҳәр түрли дәреклерден тексериў, экспертлер ҳәм адамлардың темаға байланыслы пикирлерин билиў ҳеш қашан артықмашлық етпейди.

Лекин шолыўдан дәректи ажырата алыў керек. Егер кимдур "оқымағанман, лекин додалайман" формуласы бойынша "ақыл"лы көринисте пикир жүритетуғын болса, ол дәрек бола алмайды. Бундай пикирлер материалды байытыўы мүмкинлигине қарамай, ең тийкарғысы, оларды безеў екенин умытпаў керек. Олар дәреклердиң анық дәлийли ҳәм анық фактлердиң скелетин өзгерте алмайды.

2. Қарама-қарсы тәрепти сорастырың

Логикалық жақтан алып қарағанда биринши қағыйда екиншисин келтирип шығарады: қанша дәректи сорастырмаң, олар бир позицияда турып алса, материалыңыз қалыслығын жойытады. Егер қандай да бир жабық сектаның жүзлеген тәрепдарлары менен сәўбетлессеңиз, онда бирдей жуўап бериўшиликти көресиз. Бул жерде сан сапа ҳәм қалыслыққа хызмет етпейди.

Ҳәр қандай жағдайдың кеминде 2 тәрепи ҳәм 2 полюси бар. Ўақыяға тартылған мәпдар тәреплер ҳәм қатнасыўшылар менен сәўбетлесиўге ҳәрекет етиў зәрүр. Көбинесе журналистлер ашынарлы жағдай ҳәм шерменделиктен қутқаратуғын ески принципти нәзерге илмейди.

Rolling Stone журналы менен байланыслы ҳалат буған айқын мысал болады. Усы журнал Виржиния университети кампусында студент қыздың

зорланғаны ҳаққындағы дәбдебели материалды өширип таслаўға мәжбүр болған. Бул ўақыя бойынша қайта алып барылған тергеў жумысларының көрсетиўинше, журналист ҳаял басқа дәреклер арқалы фактлерди тексермеген. Соның ишинде, тек қарсы тәреп – айыпланыўшы менен емес, ал кеўилсиз ҳәдийседе студент қызға жәрдем берген дослары менен де сәўбетлесип көрмеген.

Аудитория итибары көзқарасынан жас студенттиң топар болып зорланғаны ҳаққындағы материалға көплеп мүнәсибетлер билдирилген: усы видеоны дерлик 3 млн адам көрген. Әлбетте, бул журнал тәрепинен арнаўлы исленбегени анық болса да, лекин аяўсыз гүрес дәўиринде бул ўақыя көпшилик итибарын тартыўда басылым ушын кеўилсиз ҳалат болғаны анық.

3. Фейклерди анықлаўға үйрениң

Нәўбеттеги зәрүр көнликпе – фейклерди анықлаўға үйрениў. Бул бир қарағанда аңсат жумыс емес. Фейкти тек жасалма, деп түсиниўден сақланыў керек. Бул бәлким бийпәрўалық ақыбетинде типографиялық ҳәм техникалық қәтелер де болыўы мүмкин. Сол себепли тилге алынған адамлардың исми, кәсиби ҳәм атағын жазыўда тексериў, мүддет, аты, мәнзиллерди салыстырыў оғада әҳмийетли.

Фейк анық бир мақсетке қаратылған ҳәрекет те болыўы ҳәм көпшиликтиң кеўилашар тамашасына хызмет етиўи мүмкин. Биз ашық видеопранкерлер яки жәмийетлик тәжирийбелерди көрип шықпаймыз. Бирақ псевдожаңалық ҳәм квазижурналист жойбарлар феномени оғада қызық.

Мокьюментари форматында қазақстанлы журналист Борат Сагдиевтиң образын жаратқан Америкалы комик актёр Саша Барон Коэн ислейди. Толық метражлы фильм ҳәм көп қысқа сюжетлерде усы персонажлар бар. Саша Барон Коэнниң Бруно исмли фешн-журналист образы да бар. Россияда Андрей Лошак тәрепинен “Россия. Полное затмение” табыслы мокьюментари-жойбар әмелге асырылған.

Псевдожаңалықларды ислеп шығарыўшы жойбарлар танымалы. Олардан айырымлары кеўилашар медиалар сыпатында, мәселен Onion жойбары ашық ислейди. Басқалары өзин “салмақлы” баспа сыпатында көрсетеди. Мәселен, World News Daily Report сайтындағы Мерилион Монроны өлтирген адамның табылғаны ҳаққындағы жаңалықты көплеген медиа басқан. TJournal фейк жаңалықлардың турақлы обзоры менен шуғылланады – материаллар менен #фейлҒХҚ ҳәм #фейклер арқалы танысыў мүмкин.

4. Фактлердиң анықлығы дәбдебели хабардан да әҳмийетлирек екенин ядда тутың

Сезимлер – фактчекердиң қәўипли душпаны (бирақ журналисттиң ең жақсы досты да). Көп жағдайларда бизиң жумысымызда улыўмалық кейпият ҳүкимранлық етеди. Айырым медиалар қанаатланыўшылық пенен фактоидлар шығарады, олар аудитория арасында оғада белгили. Сезимлер менен бирге бийпәрўалық, жәҳәнди дүньялық жаңалық пенен тезирек ҳәм биринширлерден болып хабардар етиў турады.

Профессионаллардың кеңес бериўинше, оператив ҳәм тексерилмеген хабарларды олардың исенимли емеслигин атап өткен ҳалда социаллық тармақларда бериў керек. Бул болса мағлыўматты анықластырыў ҳәм тексериў имканын береди.

Көбинесе адамлар еле жағдайды билмей турып, есерлене баслайды. Жақында Швецияның қорғаныў министрлиги ҒХҚда басылған мағлыўматларға, анық көринбеген фотосүўретке таянған рәўиште мәмлекет шегарасы қасында Россияның суўасты кемесин излеген еди. Ақыбетинде ҳеш нәрсе табылмаған ҳәм министрлик сарп-қәрежетлер ушын салық төлеўшилерден кеширим сораўға мәжбүр болған еди.

Лекин шведлер ушын суўасты кемеси темасы өз-өзинен әҳмийетли болғаны жоқ. 1980-жылларда Швециянинг әскерий теңиз базасы жақынында ҳақыйқатында да Совет суўасты кемеси авария ҳалатына ушыраған еди. Соннан бери Россия суўасты кемеси темасына қорқыныш пенен қаралады.

Өтмиште қалған қорқыў “дәбдебели хабар”ды ҳақыйқатқа айландырмақта. Бул медиа ҳәм сиясатшыларға қолай келиўи мүмкин. Лекин жәмий-

ет гезектеги тынышлықты бузатуғын ҳалатқа дус келмекте ҳәм оны ең әҳмийетли машқалалардан шалғытпақта.

Гейде биймәни жаңалықлар ҳақыйқатқа айланады. Таңланарлығы сонда, жаңалық ҳақыйқатында да исенимлирек шығады. Бул жанрда, мәселен, Breaking Mad жойбары ислейди. Айырым жаңалықларға сын менен қарайтуғын адам да исенеди. Медуза баспасы басылым форматын раўажландырмақта. Бул жерде жаңалықтың қайсы бири ҳақыйқат, қайсы бири ойлап табылғаны бағдарында тесттен өтиў усыныс етиледи. Мәселен, “Молебен яки як?” тести.

5. Социаллық тармақлардан абайлап пайдаланыў

Социаллық тармақлар бир ўақыттың өзинде журналистлердиң ҳәм редакцияның жумысын аңсатластырады ҳәм қыйынластырады. Тийкарында ҳәр бир фактти кеминде 2-3 дәректен тексериў лазым.

Фактчекинг процесинде мағлыўмат ҳәм дәректи ажыратыў зәрүр. Анығырағы онысын да, бунысын да тексериў керек. Бәрқулла Интернет ҳәм социаллық тармақлар шарапаты менен инсанның хызмети ҳаққында мағлыўмат алыў, туўысқанлары ҳәм дослары менен байланыс орнатыў, кәсиплеслер ҳәм таныслар арасында сораў өткериў мүмкин.

Пүткил жәҳән редакторлар (WAN IFRA қурамындағы SFN) форумы - “Trends in NewsRooms - 2014”тиң баянатында социаллық медиа арқалы мағлыўматтың верификациясы тийкарғы трендлер онлығына киргизилген.

Солай етип, The New York Times редакторы Маргарет Салливан Storyful типиндеги сервистен пайдаланған ҳалда Twitterди мониторинг етиўди усыныс етеди. Басқа редакциялар жаңалықтың басылыўы социаллық тармақларда пикир ҳәм додалаўларға себеп болған жағдайда “ашық тексериў” усылын әмелиятқа енгизеди. Бул фактлердиң исенимлилигин тәмийинлейди.

“Тәўекелшилик социаллық тармақларда қәлбеки бетлерди оғада аңсат жаратылыўы менен түсиндирмекте. Тап усындай аккаунтлар жалған мағлыўматлар ағымының көбейиўине себеп болмақта. Жақсы нийеттеги адамларда да түсинбеўшилик жүзеге келип, гейде олар фактлерди усыныўда анықсызлықларға дус келмекте. <…> Социаллық тармақлардан алынған контентти сапалы тексере алмаў аудитория исенимин ақлаўды қәўип астына қоймақта”, - деп SFN экспертлери ескертпекте.

Соңғы пайытларда ҳәр түрли платформалар ушын мағлыўматларды тексериў сапасының ҳәр түрли стандартлары концепциясы ғалабаласып бармақта. “Биз Facebooktағы бетимизге тексерилмеген жаңалықты жайластырыўымыз мүмкин, бирақ биз бәрше мағлыўматлар өз тастыйығын тапғанша материалдың басылыўына рухсат бермеймиз”, - деп мәлим етеди медиаэкспертлерден бири SFN.

Ҳәр қандай жағдайда да фактчекинг – бул беккем қағыйдаларға әмел ететуғын мағлыўмат емес. Бул биринши гезекте фактчекердиң жуўапкерлик, мәпдарлық ҳәм бийпарық емеслиги, медиаландшафтты, технология ҳәм сервислерди түсиниў дегени.

“Фейк” жаңалықлар биринши адресатқа ҳақыйқый информацияға қарағанда алты мәрте тез жетип барады екен. Айрықша алынған қәлбеки “жаңалық”қа исениў итималы болса 70 пайыздан жоқары.

Статистикаға көре, 2018-жылда жәрияланған фейк материаллар саны 32 пайызға артқан. Бул адамлардың рәсмий информациялық дереклерине болған исеними 32 пайызға түсип кеткенин аңлатады.

Әмелий шынығыў ушын тапсырмалар

1. Өзиңиз қәлеген “фейк” жаңалықты жоқарыдағы фактчекинг түрлерин избе-изликте пайдаланған ҳалда қолланып көриң.

2. Жоқарыдағы фактчекинглер жәрдеминде белгили муғдардағы “фейк” информациялардан қаншасын тексериўде нәтийжели болғанын мониторинг етиң.

3. Әмелде сынап көрген фактчекинг ҳаққында жуўмақларыңызды билдириң.

Бап бойынша қадағалаў саўаллары

1. Информацияны бузып көрсетиўдиң қандай түрлери бар?

2. Факт не, оның анық тәрийпи бар ма?

3. Бот ҳәм троллар не? Олардың “фейк” жаңалықларды тарқатыўдағы орны қандай?

4. Фактчекинг не? Оның қандай түрлерин билесиз?

5. Фактчекингди журналистикада жаңалық деп есаплайсыз ба?

III БАП. FAKE NEWS ВЕ КЕЛЕШЕК

3.1. “ФЕЙК ЖАҢАЛЫҚ”ТАН ИНФОРМАЦИЯ АППОКАЛИПСИСИНЕ ШЕКЕМ

Гилт сөзлер: *постиндустриал жәмийет, постҳақыйқат дәўири, информация сапасы, ғалаба жалған, информация аппокалипсиси, гаджет, подкаст, цивилизация, футурология, ток шоу, арзан ҳәм ҳәммебап, мизинформация, генератив нейротармақ, спамер, кибер ҳийлекер, хакер, хайп.*



Тоффлер өзиниң “Үшинши толқын” китабында болжағанындай, енди информация постиндустриал жәмийеттиң таўсылмас шийки затына айланды. Информация қәдириятқа айланатуғын заманда баспа ҳәм электрон ҒХҚ (ҳәтте ең зорлары да) жәмийеттеги бар болған пүткил информация жүгин көтере алмай қалады. Соның ақыбетинде, бундай ҒХҚ өз орнын “үшинши толқын” цивилизациясында максимал дәрежедеги рәңбәреңликти тәмийинлей алатуғын ҳәм ҳәтте шахсый сораўларға да жуўап бере алатуғын интерактив ҳәм ғалаба болмаған қуралларға босатыўға мәжбүр болады,[1] дейди футуролог өз болжаўында. Баспа басылымлардың бүгинги күндеги аўҳалы (әсиресе, мәжбүрий жазылыў бийкар болғаннан кейин), ТВ өз аудиториясын сақлап қалыў ушын ток-шоу ҳәм реалити шоуларға күш берип атырғаны, радиоға болған мүтәжликтиң кескин түсип кетиўи (жаңа гаджетлер радио қосымшасыз шығарылмақта) ҳәм орнын подкастларға (белгили темаға бағышланған аудиожазыў, музыкалар лентасы) дерлик босатып бергени Тоффлердиң болжаўы тийкарлы екенлигин көрсетпекте.

Заманагөй тенденциялар, коммуникация қураллары темасына бағышланған мақалалардың дерлик ҳәр биринде XXI әсирди “информация әсири”

[1] Элвин Тоффлер. Глава 13 Демассификация средств массовой информации // Третья волна. — Москва: АСТ, 2004. — 781 с.

деп аталған тәрийпке дус келиў мүмкин. Тоффлердиң постиндустриал жәмийет теориясында информация қәдирияттан товарға айланар екен, оның сапасы да талап дәрежесинде өзгериўи тәбийий жағдай екенлиги айтылады. Халықаралық экспертлердиң информация ресурслары барған сайын "фейк" хабарларға толып баратырғаны ҳәм инсаният жаңа дәўир – ҳақыйқаттан кейинги (постправда-post-truth) дәўирге өтип атырғаны ҳаққындағы қәўетерлери өзин ақлады. Оксфорд сөзлигине көре, "пост-ҳақыйқат" термини 2016-жыл термини сыпатында тәрийп етилди.[1]

Социал тармақлар қәнигелери ескерткениндей, тотал информация аппокалипсис (ақырзаман)тиң жақынласыўы ҳақыйқат ҳәм жалған арасындағы шегаралардың жоғалыўында көрине баслайды. Күнниң тийкарғы бөлимин социал тармақларда өткеретуғын инсанларда бара-бара зеригерли реаллыққа апатия (зеригерли контент лайк жыйыў қыйын) қәлиплесип, ҳақыйқатты жалғаннан айырыў зәрүрлиги жоғалып барады. Мәселен, Facebook, Twitter ҳәм Googleда клик, лайк, репостлар тәмийинлеп беретуғын рекламалы өтиўлер ҳәм сол арқалы пул табыў әҳмийетли (таргетинг рекламаның сазлаўлары) болыўы мүмкин. Информация сапасы болса екинши дәрежели мәселеге айланды.

Ҳақыйқый барлықты бузып көрсетиўши арзан ҳәм ҳәммебап қураллардың кең тарқалыўы инфокалипсистиң тийкарғы себеби. Бундай шәраятта ҳәр қандай инсан тийкарында ол жүз берген бе я жоқ па, қәлеген ўақыяға уқсатыўы мүмкин.

Барлықты бузып көрсетиўши технологиялар: кимге пайда, кимге зыян?..

Барлықты бузып көрсетиўши технологиялардың дәслепки үлгилери әллеқашан бәршеге белгили. Генератив нейротармақлар жаңа мультимедиа әлемин қәлиплестириўди әллеқашан баслап жиберген. Олар жәрдеминде адамлар ҳеш қашан ислемеген жумысларын ислейтуғын яки ҳеш қашан айтпаған гәплерин айтатуғын етип көрсетиўши видеосюжетлер жаратыў мүмкин. Бул технология тийкаршысы Ян Гудфеллоудың өзи де усы мәселелер менен байланыслы қәўиплерди тән алған ҳәм және 10 жылдан соң YouTube социаллық тармағы ҳақыйқыйларынан ажыратыў қыйын болған қәлбеки видеосюжетлер менен толып кетиўин шамалаған еди.

Жақында Nvidia алгоритми қәлбеки видеосюжетлерди жаратыўдың исенимли жолларын билип алды. Бизге белгили, тармаққа жайластырылған

[1] Word of the Year 2016 is.... Oxford Dictionaries. Мурожаат: 2019 йил 7 ноябрь

порнографиялық видеоларда атақлы шахслар яки қәлеген инсанның жүзин сүўретке алыў имканын беретуғын бағдарлама әллеқашан пайда болған. Соның менен бирге, дүньядағы илимпазлар адамлар сөйлеўди дөретиў, жүз белгилери ҳәм ым, мимикалар үстинде ислемекте. Енди танымалы сиясий жетекшиниң өзи ҳеш қашан айтпаған сөзлерин тап айтқандай етип көрсетиўши видеолар жаратыў ҳеш қандай қыйыншылық туўдырмайды. Бунда оның даўысы ҳәм мимикаларының тийкарғысынан дерлик айырмашылығы болмайды.

Бундай өзгерислер дипломатиялық манипуляцияны келтирип шығарыўы мүмкин. Мәселен, зәрүрлик туўылса, Дональд Трамп яки Ким Чен Инниң ядро урысын жәриялаўы ҳаққындағы онлап видеоларын жаратыў мүмкин ҳәм буның қандай аянышлы ақыбетлерге алып келиўин көз алдымызға келтириўимиз қыйын емес. Усы ўақытқа шекем фейк жаңалықлар жәмийетте қандай резонанс берип атырғанын жәмийетте болып атырған ўақыя-ҳәдийселерден оғада жақсы аңлаўымыз мүмкин.

Мәселениң мазмунын еле де тереңирек аңлаў ушын бул бағдарда айырым мысалларды көрип шығыў мақсетке муўапық.

Пакистан фейк жаңалыққа жуўап ретинде Израилге ядролық қурал менен қәўип салды[1]

2016-жылдың декабрь айында Хаваджа Асиф Исроил, Исламабадқа ядролық қурал менен қәўип салғанда Пәкистанның да ядролық қуралы барлығын умытып қоймақта, деп жазады Twitterде. Қорғаныў министри фейк жаңалықлар тарқатыўшы AWD Newsде жәрияланған “Израил қорғаныў министри: егер Пакистан ҳәр қандай себеп пенен Сирияға армия жиберсе, биз оны ядролық соққы менен жоқ қыламыз” атамасындағы мақалаға сондай жуўап берди:

“Ҳақыйқатында, “сары” мақала авторлары әмелдеги емес, ал бурынғы қорғаныў министри Моше Яалон ҳаққында жазған. Сондай-ақ, олар бир неше басқа лаўазымларды да адастырып қойған”.

Израил Қорғаныў министрлиги өз гезегинде Яалон ҳеш қашан бундай баянатлар ислемегенин билдирип, Асиф келтирген ўақыя толық тоқып шығарылғанын атап өтти. Соннан кейин түсинбеўшилик басты-басты етилди. Лекин бул фейк жаңалық себепли еки мәмлекет арасында келиспеўшилик пайда болыўына аз қалды.

[1] https://eadaily.com/ru/news/2016/12/25/pakistan-prigrozil-izrailyu-yadernym-oruzhiem-ne-proverivnovostnoy-feyk

Британиялы медицина хызметкериниң мақаласы қызылша эпидемиясына алып келди[1]

1999-жылға шекем Уллы Британияда халықтың 95 пайызы қызылшаға қарсы емленген еди. Кейин емлеўге қарсы шығыўшылар ақыбетинде көрсеткиш 80 пайызға шекем түсип кетти. 2008-жылы ноябрь айында қызылшаға шалынғанлар саны пүткил 1996-жылдағы санға теңлести. Қәўетерге түсиўге Эндрю Уэйкфилд исмли медицина хызметкери себепши болды. Ол қызылшаға, тамақ без кеселлигине қарсы емлеў аутизмге алып келиўи мүмкинлигин жәриялады. Шыпакердиң вакцинацияға қарсы болған усы мақаласы абыройлы Lancet медицина журналында басылған еди. 1998-жылға шекем Эндрю Уэйкфилдти аз адам билер еди. Lancet мақаланы жәриялағаннан соң, ҳәммеси өзгерди: оны телевизор арқалы тез-тез көрсете баслады.

Ҳеш ким Уэйкфилд нәтийжелерин тәкирарлай алмады ҳәм The BMJ журналы усы мәселе бойынша бийғәрез тергеў өткизди. Анықланыўынша, шыпакер тосаттан адаспаған, ал изертлеў нәтийжелерин қәлбекилестирген еди. Әпиўайы емлеў аутизмди шақырыўы мүмкинлигин дәлийллеўден ол пайда гөзлеген еди. Себеби болса әпиўайы: Уэйкфилд ҳәм оның кәсиплеси Carmel Healthcare тийкаршыларынан бири еди. 1996-жылда илимпаз организмде қызылша излерин анықлаў бойынша жаратқан экспресс-тест топламына патент алыўы ҳәм бул топлам Carmel Healthcareниң тийкарғы бизнесине айланыўы керек еди. Эндрю үш жыл даўамында олардың жәрдеминде 28 миллион евро ислеп алыўды режелестирген еди. Үлкен қаржыға ийе болыўды гөзлеп таярланған фейк мақалаға исенип перзентин емлетиўди қәлемеген мыңлап британиялылар кеселликке шалынды.

Манипуляцияның басқа бир түри халық күшин көрсетиў арқалы демократиялық процесслерге тәсир өткериў имканын береди. Тек бунда пуқаралардың ўазыйпасын қәлбеки ботлар атқарады. Олар онлайн референдумларда даўыс береди, администрацияға рәсмий хатлар жибереди ҳәм мәмлекет көлеминдеги сораўнамаларда қатнасады. Атап айтқанда, тап усындай жағдай 2018-жылы жазда АҚШ Федерал байланыс комиссиясы сайтында да жүз берди. Миллионлап виртуал “пуқаралар” тармақ нейтраллығын бийкар етиўин сорап, комментарийлер қалдырған.

Ўақыт өтиўи менен қәлбеки ботлар орнын ҳақыйқый адамлар ийелеўи мүмкин. Яғный, қара базарда олардың социаллық тармақтағы бетлери ҳәм оны жүргизиў сатып алыныўы мүмкин. “Троллар фабрикалары” ҳәзир де бар, лекин келешекте олар буннан да көбейип, активлесип бара береди.

[1] https://www.forbes.ru/tehno/meditsina/62381-privivka-ot-doverchivosti

• • •

Информация қәдириятқа айланатуғын заманда баспа ҳәм электрон ҒХҚ (ҳәтте ең зорлары да) жәмийеттеги бар болған пүткил информация жүгин көтере алмай қалады. Соның ақыбетинде, бундай ҒХҚ өз орнын "үшинши толқын" цивилизациясында максимал дәрежедеги рәңбәреңликти тәмийинлей алатуғын ҳәм ҳәтте шахсый сораўларға да жуўап бере алатуғын интерактив ҳәм ғалаба болмаған қуралларға босатыўға мәжбүр болады.

• • •

Усы орында эксперт "аў нышаны" менен байланыслы және бир қәўипти ескертти. Алдынлары спамерлер ҳәм кибер ҳийлекерлер жуўап алыў үмити менен ҳәммеге бирдей хат ҳәм хабарлар жиберген болса, енди хакерлер ҳәр бир пайдаланыўшыға өз алдына мүрәжат етиўи мүмкин. Мәселен, тап оның достының характери яки сөйлеў усылына еликлеген ҳалда пул сораў яки және басқа нәрселер.

- Бара-бара адамлар өзлерине келген почта хабарларын тексермей қояды", - дейди социал тармақ бойынша жетекши қәнигелерден бири Авдив Овадья[1] BuzzFeed Newske берген интервьюинде. – Нәтийжеде интернет пайдаланыўшыларында "ҳақыйқатқа бийпарықлық" пайда болып, бара-бара ҳақыйқатты жалғаннан ажырата алыў дәрежеси жоғалып барады. Адамлар жаңалықларға итибар бермей қояды. Бул демократия ушын зәрүр болған өлшемлерден бири – пуқаралардың жәмийетлик-сиясий турмыстан хабардарлық дәрежесин кескин кемейтип жибериўи мүмкин.

"Қәўип көринип турыпты, лекин ең жаманы мен оның менен гүресиў жолларын көрмей атырман. Инфокалипсисти тоқтатыў ушын интернет пенен беллесе алатуғын арнаўлы бағдарлама жаратыў лазым", дейди Овадья . Қәниге қәўипти сүўретлеп атыр, бирақ оның сапластырылыўы ушын усынып атырған шешимине өзи жүзеки қатнас жасамақта. Туўры, интернет пенен беллесе алатуғын бағдарлама ҳәзирше жаратылмаған, лекин интернеттиң өзинде фактчек ушын инструментлер жетерли. Гәп олардың бар-жоқлығында емес, бар болғанда да оларга зәрүрлик болмаўында. Өз почтасына келген хабарды тексериўге итибар қаратпайтуғын ериншек халық еситкен, оқыған жаңалығын фактчек етермеди? Бүгин ҒХҚ ҳәм социаллық тармақтығы хабар ҳәм жаңа-

[1] https://hightech.fm/2018/02/13/information_apocalypse

лықлар қызықлы яки зеригерли деп бөлинеди. “Фейк”лер әдетте зеригерли болмайды.

Ҳәзирги дәўирде адамлардың “фейк”ке қаншелли өш екенлигин түсиндириў мақсетинде өзбек жәмийетиндеги бир мысалға итибарыңызды қаратамыз. Наманганлы Жуманазар аға ҳәм өзге планеталылар ҳаққындағы фейкти жақсы билесиз. Буның зыянсыз мизинформация екенлигине (Misinformation – информация қәлбеки, лекин зыян жеткериў мақсетинде жаратылмаған) медиасаўатлылығы курсларында оқымаған оқыўшының да ақылы жетеди. Бирақ, бул темаға қызығыў, жәмийетте бар болған әҳмийетлирек мәселелерден де үстем келди. Төменде интернет жулдызына айланған Жуманазар аға ҳаққындағы хайп ҳәўижге шыққан пайытта жәмийетте әҳмийетли болған басқа темаларға қызығыў қандай болғанын бир сайт (daryo.uz) материаллары мысалында көрип шығамыз:



Көрип турғанымыздай, өзге планеталылар менен ушырасқан әпиўайы аўыл адамы ҳаққындағы хайп мәмлекет басшысының әҳмийетли сапары, көпшиликтиң итибары ҳәм исенимине ерискен сайттың жабылыўы бойынша мағлыўматлары, ҳәттеки жәмийет ушын әҳмийетли болған ең дыққатқа сазаўар мәселелерден есапланған нан баҳасының өсиўи темасынан да адамларда бир неше он есе көбирек қызығыў оятқан. Мақала 214 мыңнан зыят адам яғный, усы күнде берилген басқа ең әҳмийетли темаларға бағышланған мәселелерден дерлик он есе көбирек оқылған.

Қызықлы контентти қалай жаратыў мүмкин?

Қызықлы контент жаратыўда пайдаланыў мүмкин болған мультимедиа бағдарламалардың көпшилигиниң тийкарында фейк жаңалықлар

жаратыўшы платформалар сыпатында да үйрениў мүмкин. Kun.uz сайты ҳәм Ташкент қаласы ҳәкими арасында жүз берген ҳәм пүткил елде дәбдебеге себеп болған ўақыя аудиожазыўларын еситкенсиз. Төмендеги бағдарламалар арасында мине сол сыяқлы контент жаратыўға болатуғынлары да бирталай.[1]

Бағдарламалардың көпшилиги бийпул. Айырымлары белгили ўақыттан кейин сатып алыўды талап етеди, оның өзине түсер баҳасы көби 1-10 АҚШ доллары әтирапында. Сырт елде журналистлер бир бағдарламаға таңылып қалмай, фото, аудио, видео монтаж ушын өз алдына бағдарламалардан пайдаланады. Ҳәр бири ушын арнаўлы бағдарламадан пайдаланыў қолайлы, лекин егер ақырғы өним биреў болса, яғный бир визуал материал үстинде ислеп атырған болсаңыз, үзиндилерди бир бағдарламаға алып кире алыўыңыз керек.

Мәселен, аудионы аудио бағдарламада тазалап аласыз. Сүўретлерди фото редакторда, видеоны видео редакторда кесип таярлайсыз. Кейин ҳәммесин бир бағдарламада тересиз.

Видео:

Quik – мобил видео монтаж (бийпул, iOS ҳәм Android). Социаллық тармақлар ушын ҳәр түрли формадағы қысқа видео гүрриңлерди таярлаў мүмкин. Жасалма интеллект жәрдеминде видеоға ең жарқын кадрларды автомат рәўиште таўып береди, оларды қолдан өзгертиўиңиз мүм-

• • •

Бугун ОАВ ва ижтимоий тармоқдаги хабар ва янгиликлар қизиқарли ёки зерикарли ёрлиғи билан тавсифланади. “Фейк”лар эса одатда зерикарли бўлмайди.

• • •

[1] 2019-yil 4-6-sentabr TOSHKENTда ўтказилган “O’ZBEKISTON RAQAMLI TEXNOLOGIYAGA TAYANIB MATERIAL TAYYORLASH VA IJTIMOIY TARMOQLAR BILAN ISHLASH” мавзусидаги семенар материаллари асосида

кин. Смартфондағы видео ҳәм сүўретлер менен ислейди. Видеоларға текст, аудио, өтиў эффектлерин қояды.

Wirewax – mobil video montaj (бийпул, iOS ҳәм Android) Видеоларға текст қойыў. Бағдарламаның өзи видео қаерден екенин ҳәм нени сәўлелендирип атырғанын анықлап береди. Теглер қояды. Оларды өширип қойыў мүмкин. Өзиңиз қәлеген текстти бай формада монтаж етеди.

Unfold – вертикал видео ҳәм фото монтаж (бийпул, iOS ҳәм Android) Вертикал форматта видео ҳәм фото постлар жаратады. Текст ҳәм стикерлерди қойыў мүмкин. 150ден артық шаблонға ийе. Қосымша төлеў есабынан кеңирек функцияларды ашыў мүмкин.

Фото:

Phonto – сүўретке текст қойыў (бийпул, iOS ҳәм Android) Смартфондағы сүўретлерге текст қосыўға имкан беретуғын әпиўайы бағдарлама. 200 ден артық латын шрифтлери бар. Шрифтлерди жүклеп, олардан пайдаланыўыңыз мүмкин. Эмодзи ҳәм стикерлар менен де ислейди.

Juxtapose.JS – фото анализ. Алдын қандай еди, ҳәзир қандай? Сүўретлерди қатарма-қатар қойып, анализлеп береди.

Befunky – фотоколлаж (бийпул, компьютер). Фотоколлажларды жаратыўда оғада қолайлы. Сүўретлерге текст қосса болады. Қосымша төлеў есабынан жаңа функцияларын ашыў мүмкин.

JamSnap – сүўретке даўыс. Фотоларға аудио қосады, байытады.

Awesome screenshot – скриншот (бийпул, компьютер, Chrome) Компьютерде скриншотлар алады ҳәм оларға аннотациялар қояды. Буннан тысқары компьютер яки сыртқы дискте сақланған сүўретлерди қыйыў (crop) ушын жүдә қолай. Бийпул версиясида 30 секундқа шекем компьютер экранын видеоға алса болады. Бу функция көплеп заманагөй гаджетларде (apple 8 кейинги әўлад) де бар.

Диджитал гүрриңлер:

Infogr.am – инфографика (бийпул, компьютер)

Кесте, инфографика ҳәм карталарды жаратыў имканын береди. Таяр санларды визуализациялаў ушын әпиўайы ҳәм қолайлы онлайн хызмет. Бийпул версияда карта ҳәм инфографикалар саны шекленген.

Piktochart – инфографика. Текстти графикаға айландырыў. Таяр дизайнлер.

Timeline.JS – хронологиялық графика.

The Knight Lab foundation: Хронологиялық мағлыўматларды анық ҳәм логикалық графикаға айландырады.

Juxtapose.JS – фото анализ. Алдын қандай еди, ҳәзир қандай? Сүўретлерди қатарма-қатар қойып, анализлеп береди.

Adobe Spark – мультимедиа мағлыўматты көп қырлы формада жайластырыў - сүўретлер, видео, анимация ҳәм инфографика арқалы баянлаў.

Flourish.Studio – мультимедиа, кестедеги мағлыўматты, мәселен MS Excelден карта ҳәм графика жасайды.

Thinglink – мультимедиа, виртуал барлық жаратады. Онлап, жүзлеп сүўретлер менен ислесиў мүмкин. Мәселен, сайлаўларды сәўлелендириўде яки көпшилик пикирин түсиндириўде.

Story Spheres – Виртуал барлық. Интерактив графика жаратады. “Thinklink”тан да көбирек имканиятлар усынады.

Аудио:

Anchor – аудио/подкаст ушын платформа. Сынап көриў ушын кимгедур телефон етип, сәўбетлесиң. Таяр аудио менен монтажлаң. Еситтириў таярлаң.

Әмелий шынығыў ушын тапсырмалар

1. М.Маклуэн, Э.Тоффлер ҳәм басқа жәҳән футурологларының “фейк” жаңалықлардың информациялық жәмийетине көрсететуғын тәсири ҳаққындағы болжаўларын анализлең.

2. Барлықты бузып көрсетиўши технологияларға мысаллар табыў ҳәм оның жеткеретуғын зыянын анализлең.

3. Жоқарыда усынылған платфрмалардан пайдаланып қызықлы контент жаратыў шынығыўын ислеп көриң.

3.2. “ФЕЙК ЖАҢАЛЫҚЛАРСЫЗ ЖӘМИЙЕТ” ТЕОРИЯСЫ

Гилт сөзлер: *образ, фото шоп, видеоредактор, баннер, алгоритм, медиахолдинг, метадата, мем, картография, когнитив, экспертиза, фейк жаңалықларға зәрүрлик, фоторедакторларсыз жәмийет, фейк жаңалықларға қарсы гүрес, нәтийжесиз фактчекинг, инструментлар, футурология..*

“Фейк”лердан толық жырақ жәмийетти қыял ете аласыз ба? Толық жырақ дегенде дезинформациялардың жоқлығын емес, ал “фейк”тиң улыўма ҳәр қандай белгилеринен таза екенлиги нәзерде тутылады. Айтайық, инсанлар фото ҳәм видеоредакторлардан пайдаланбайды, инстаграмм бетлеринде жүзинде супержулдызларды уялтатуғынлар, олардың әжайып саяҳатлары, таңсық тағамлары сүўрети жоқ. Оның орнында боянбаған (бояныў да бет-әлпетти тийкарғысындай етип көрсетиўге тосық жаратады) ҳәм фотошопта қайта исленбеген жүзлер, образлар, предметлер көриниси бериледи. Фейсбук ҳәм Твиттерде хайп жоқ (ол көпшилик тастыйықланбаған информация тийкарында көтериледи). Ҳәмелдарлар өз абыройына туўры келмеген яки өзине мақул болмаған ҳәр қандай информацияны фейкке таңбайды, блоггерлер менен “салқын урыс” алып бармайды, ким ҳақ, ким наҳақлығын түсине алмай еки ортада қалған халық алдында кешириим сорап, теманы “басты-басты” қылмайды. Дин ҳәм диний қәдириятлар ше? Оғада қурамалы мәселе, дурыс па? Улыўма, адамлар тек өз көзи менен көрип, қолы менен услай алатуғын дәрежедеги информацияға ғана исенетуғын заманда исенимлер ҳаққында гәп болыўы мүмкин бе?!

Бундай жәмийетти қыял етиў ушын бир мысал. 2012-жылда АҚШ ҳәм Россия биргеликте сүўретке алған футурология руўхындағы “Москва 2017” фантастикалық фильминиң соңғы кадрларын еслең. Фильм жуўмағында маркетинг ҳәм реклама тәсири астында жасап атырған жәмийетти қутқарыўдың жалғыз жолы сыпатында рекламаның ҳәр қандай түри жоқ етиледи ҳәм нәтийжеде баннерлер, led экранлар ҳәм т.б. жоқ болған реңсиз турмыс, көшелерде қәлеўлери реклама манипуляциясынан еркин инсанлар күнделикли жумыслары менен бәнт болысады. Бос ўақытларында рекла-

ма ушын қарыйдар тартыў зәрүрлиги жоғалған телеканаллардан зеригерли бағдарламаларды тамаша етиседи.

“Фейк”лерсиз жәмийет те шама менен әне сондай қыял оятады. Тән алыў керек, бүгинги күнде информация қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң бир қатар ис-илажлары менен бирге “фейк” жаңалықларға қарсы гүресиў мәселеси де үлкен әҳмийетке ийе болмақта. Бул мәселе сол дәрежеде әҳмийетли түс алды, мәмлекетлер жарыспаққа “фейк” жаңалықларды сапластырыўдың нызамлы аспектлерин ислеп шығыўға күш салмақта. Оның әмелий шешими сыпатында пайда болған фактчек платформалардың базары жүрисетуғын болды.

Фейкнюсқа қарсы гүресиў керек пе ҳәм буны қалай әмелге асырыў мүмкин?

Өткен жылы январь айында Россия мәмлекетлик Думасы “фейк” жаңалықларға қарсы нызам жойбарын рәсмий түрде қабыл етти.

Германия Парламенти тәрепинен 2017-жылдың 30-июлинде қабыл етилген нызам 2 млн.нан артық пайдаланыўшыларға ийе социал тармақларға исенимсиз контентти өширип таслаў ўазыйпасын нызамлы түрде жүкледи. Контент белгили мүддетте өширип тасланбаса, әдеўир жәриймаға тартылады.

Францияда 2018-жылда сайлаўалды процесинде “фейк”лер тарқалыўының алдын алатуғын 2 нызам қабыл етилген.

Малайзия “фейк” жаңалықларға қарсы нызамды 2018-жылы апрельде қабыл еткен. Оған көре тек “фейк” авторлары емес, бундай информация менен бөлискенлер де жуўапкершиликке тартылады. Нызамбузыўшылар 123 мың АҚШ доллары муғдарындағы жәрийма яки 6 жыллық қамақ жазасына ҳүким етиледи.

Кенияда “фейк” хабарларды тарқатыў жынаят пенен теңлестирилген. Қатарда 2014-жылы қабыл етилген нызамға тийкарынан мәмлекет ҳәм жәмийет қәўипсизлигине қәўип салыўшы қәлбеки информацияларды тарқатыў ҳалатларына 3 жыллық қамақ жазасы яки 137 мың АҚШ доллары муғдарында жәрийма белгиленген.[1]

“Фейк” хабарларға қарсы гүрес қаншелли кең түс алып барып атырғанын бақлаў ушын излеў системаларының биринде усы темадағы сораўды

[1] https://news.rambler.ru/other/41616357-mezhdunarodnyy-opyt-borby-s-feykami-na-kogo-ravnyaetsya-rossiya/?updated

киргизиўдиң өзи жетерли. Мәселен, google “жәҳәнде фейкқа қарсы” сораўына 5 млн.ға жақын дәректи көрсетти.



Бизде ше? Өзбек жәмийетинде социал тармақлардың ғалабаласыўы, блоггерлер ҳәм пуқаралық журналистикасы ўәкиллерине исенимниң қысқа пайыт ишинде дәстүрий ҒХҚна болған исенимнен асып кетиўи нәтийжесинде “фейк” жаңалықларға қарсы нызамлы гүрес зәрүрлиги ҳаққында қайта-қайта айтылмақта.

Жәмийетти “фейк” жаңалықлардан “тазалаў”ды тек медиа әлеми көрнеклилери ғана емес, ал әскерлер де қәлейди. “Әскерлер “фейк”ке қарсы: Пентагон қәлбеки контентти анықлайтуғын арнаўлы алгоритм ислеп шықпақта” деп аталған сюжетте Rossiya_RT каналы хабаршылары темаға айдынлық кириткен.[1]

Социал тармақлар, медиахолдинглер ҳәм бул бағдарда жаңадан-жаңа жойбарлар ислеп шықпақта. Adobe, Twitter ҳәм The New York Times компаниясы социаллық тармақларда дезинформация ҳәм плагиаттың тарқалыўына қарсы гүресиў бойынша ислеп шығылған биргеликтеги жойбарды

[1] “Военные против фейков: Пентагон разрабатывает алгоритм для вычисления фальшивого контента” https://www.youtube.com/watch?v=RuTRxkyWdc0 Мурожаат: 14.12.2019

усынды.[1] “Контент (социаллық тармақ пайдаланыўшысы)тиң ҳақыйқыйлығын анықлаў басламасы” (Content Authenticity Initiative)на көре, аккаунттың ҳақыйқыйлығын анықлаў мәлим стандарт тийкарында әмелге асырылыўы шәртлигин қатаң белгилеп қойған.

Бул системаны интернеттеги фотосүўретлер, видеожазыўлар, текстли ҳүжжетлер сыяқлы қәлеген түрдеги файлларға сәйкеслестириў мүмкин. Adobe қәнигелериниң пикирине көре, “Контенттиң ҳақыйқыйлығын анықлаў басламасы” тармақ пайдаланыўшысы тәрепинен қойылып атырған материалларды турақлы исенимли тәризде бақлап барады. Нәтийжеде басқа пайдаланыўшылар (бақлап барыўшылар, ықласбентлер) тек ҳақыйқый мағлыўматты алыў имканиятына ийе болады. “Фейк-ньюс” яки плагиатларды болса аңсат өшириў мүмкин болады.

Жойбардың тийкарғы мақсети социаллық тармақлардың ашықлығын тәмийинлеў (қәлбеки хабарлардан тазалаў), тармақ пайдаланыўшылары менен байланыслы тәртипсизликлердиң басқарыўын аңсатластырыў, контенттиң қәлбеки яки ҳақыйқыйлығын анықлаўда жәрдем бериўден ибарат.

“Контенттиң ҳақыйқыйлығын анықлаў басламасы” жойбары Adobe MAX-2019 илажында усынылды. Жойбардың техник дүзилиси жетилистирилип, турақлы рәўиште жаңаланып баратырғаны себепли оның қандай ислеўи ҳаққында еле толық мағлыўмат жоқ. Ҳәзирги пайытта көплеген компаниялар ҳәм авторлар ушын ашық, бирден-бир ҳәм ғалаба ислетиў мүмкин болған улыўмалық концепция ислеп шығылмақта. Усы бағдарламаның тийкарғы файлға бириктирилген қосымша метадата дәрежесинде жаратылыўы болжанбақта. Соның менен бирге, бағдарлама мағлыўматларды қәлбеки ҳәм өзгертилген ҳалда тарқатылыўын қадағалап барады.

Ҳәзирги күнде Adobe “Контенттиң ҳақыйқыйлығын анықлаў басламасы” жойбары үстинде Twitter ҳәм The New York Times компаниясы қәнигелерин тартқан ҳалда бийғәрез жумыс алып барып атырған болса да, жақын келешекте бул жойбарға басқа компаниялардың да қосылыўы күтилмекте.

Хош, “фейк” жаңалықлар соншелли қәўипли екен, жәмийетте информация пайда болғалы оның натуўры яки қәлбеки түри де бар болғанына қарамай, оған қарсы гүрес неге ҳәзирги заманда кескин түс алды? Не себептен натуўры ҳәм қәлбеки информация усы күнге шекем жасап келмекте? Узақ жыллар баспасөзде “утка” деп жүргизилгенине қарамай, Дональд Трамп “фейк-ньюс” түсинигин айланысқа кириткенде, ол әлбетте класси-

[1] https://www.popmech.ru/technologies/news-520744-adobe-raz-i-navsegda-unichtozhit-feyk-nyus-i-plagiat/ Мурожаат: 19.11.2019

калық “газета үйрек” лерин нәзерде тутпаған еди. Солай екен, қашшаннан анық аталған нәрсени қайта атаўдан қандай мәни бар екен? Ҳақыйқатында, “фейк-ньюс” атамасы Трамп баянатынан алдын да бар еди, лекин ол бул терминди пүткиллей мемге айландырды. Бул мәселени жақсы түсинетуғын инсан сыпатында АҚШтың 45-президенти дәслеп медиа барлықтағы глобал өзгерислер ҳаққында сөз жүргизген. Солай екен, ол реал барлық пенен қатарма-қатар ҳәм гейде оның орнын басады. Кейинги жылларда медиа барлық барған сайын басқарыўға қайым болып қалмақта.

Медиа барлық кеше пайда болмаған ҳәм айырым қәнигелердиң пикиринше, компьютер технологияларының қосымша өними де емес. Ол информацияның жедел ҳәм ғалаба тарқатылыўы нәтийжесинде пайда болған, дәслеп күнделикли баспасөз арқалы, кейин ала радио ҳәм телевидение арқалы “улғайып” барған. Әне сонда-ақ “жедел информация” күнделикли турмыстан хабардар етип ғана қалмай, күнделикли турмыс ҳаққында өз вариантын да усынған. Дәслеп технологиялық факторларға, интернет-өнимлери тутыныўшылары арасында кең тарқалған интерактивлик ҳәм вульгар постмодернизм идеологиясы қосылғаннан соң болса, жаңа барлық сыпатында толық қәлиплесип болды, десек адаспаймыз. Оның оғада аўыр бөлимин жәмийет жасаўға көнлигип қалған барлық пенен тең ҳуқықлы болған альтернатив – медиа барлықты көриўди қәлеген адамлар қадағалаў астына алды. Ҳәмме көнлигип қалған “зеригерли” қәдриятлар ҳәм күнделикли әдеттеги барлықты сығып шығарған матрица мазмуны жағынан әне усындай тәризде қәлиплести. Оны тек тар шеңбердеги шахслар белгилеген ҳәм олар буны тек өз мақсетлеринен келип шығып қәлиплестирди.

Постмодернистик интерактив жәмийетте “фейк-ньюс” тек ғана тексерилген информация менен бир қатарда беккемленип қалған жоқ, ал белгили дәрежеде оның орнын басты да.[1] Көбирек бул жағдай жәмийетте ҳақыйқатқа болған зәрүрлик ҳәм талап төменлегени ақыбетинде жүз берди. Санаға сиңдириў ҳәм үгит-нәсият механизмлери сондай ислей баслады, яғный жәмийетлик майдандағы фейк жаңалықлар фактик мағлыўматлар қандай из қалдырса, сондай тәсир ете баслады. Хош, солай екен, жәмийет ушын фактчекинг керек пе?

[1] http://portal-kultura.ru/articles/best/235734-sad-raskhodyashchikhsya-feykov/

Фактчекинг қандай нәтийже береди?

Бүгинги медиа мәкан ашкара етилген қәлбекиликлер, манипуляциялар, натуўры информацияның көплигинен буўылып кеткендей түсиник оятады. Булардың барлығы жаңалықлар сыпатында усыналады. Бул өз гезегинде жәмийетшиликтиң фактлерди тексериў менен шуғылланатуғын шөлкемлердиң хызметлерине талап артыўына алып келди.

Бизге белгили, талап усынысларға зәрүрлик туўғызады. Ҳәттеки Google ҳәм Amazon fact-checkingди бәсекидеги абзаллық сыпатында ислетиўге қарар етти. Россия сыртқы ислер министрлиги де өз фактлерин тексериў хызметин жолға қойды.

Бирақ, медиа-мәканның трендлери тез өзгереди. Фактлерди тексериў хызметлери бир жылдан соң да соншелли керек бола ма? Бес жылдан кейин ше? Бул сораўларға жуўап бериў ушын фактлерди тексериў журналистикада қандай әмелге асырылыўын, бул процесс ҳәзир қандай ҳәм не ушын сондай екенлигин түсиниў керек.

Қандай да бир ўақыя жүз бергенлигин анықлаў ушын журналист ўақыяның еки бийғәрез тастыйығына ийе болыўы керек, деген көзқарас бар. Булар бир-бирине байланыслы болмаған бийғәрез тастыйықлар болыўы мақсетке муўапық. Мәселен, аўызеки ўақыя ҳәм видеосюжет болыўы мүмкин.

Еки тастыйыққа ийе болғаннан соң, журналист дәреклерди тексериўи лазым. Бул процесс – киши журналистлик тексериў есапланады. Бунда дәрек өзи усынған мағлыўматларды алыў имканиятына ийе болғанын ҳәм екинши дәрек пенен тиккелей байланысы жоқлығын анықлаўы зәрүр. Буның ушын журналист мәселени өзи изертлей баслайды, дәреклер ислейтуғын шөлкемлердиң ишки тәртибин сорап алады, мағлыўматлардың әмелде қандай екенлигин тастыйықлаў ушын картографиялық сервислер ҳәм ҳәммебап фотосүўретлер дәреклеринен пайдаланады. Улыўма, жедел дәстүрий хызметти әмелге асырады.

Ҳәр бир дәрек тәрепинен жеткизилген информацияны алыў имканияты барлығына толық исенгеннен кейин журналист алынған мағлыўматларды жәриялаўы мүмкин.

Социаллық тармақлар гүркиреп раўажланғаннан кейин, дәстүрий ҒХҚ пикир-таласлар бағдарында жәмийеттеги жетекшилер, блоггерлер менен бәсекилесе баслады. Әпиўайы, ел қатары инсан ушын блоггер тәрепинен билдирилген факт дәстүрий ҒХҚнан алынған информация сыяқлы әҳмий-

етли. Соның менен бирге блоггерлер журналистлик этикаға бойсынбайды ҳәм профессионал редакцияға қарағанда информацияны жедел жәриялаўға асығады. Бәсекиге турып бериў ушын ҒХҚ әсте-ақырын тексериў дәрежесин төменлетип барды. Нәтийжеде олар бәсекилеслер менен бир дәрежеге түсип қалды.

Фактлерди тексериў бойынша жуўапкерли шөлкемлер журналистиканы өз хызметлери жәрдеминде дәслепки дәрежеге қайтарған ҳалда бул машқаланы шешиўлери зәрүр. Бирақ ҳәзир бул сыяқлы шөлкемлерден ҳеш бири еки бийғәрез дәреклер анализи бойынша дәстүрий журналистлик тексериў өткермейди. Олар мәзи атына жазылған жумыс пенен шуғылланады – тек фактлерди ҳақыйқыйлық ҳәм жалған бағдарында тексереди.[1]

Ҳәзирги көринисте фактлерди тексериў қойылған ўазыйпаны шешпейди ҳәм журналистиканың басы берик көшеге алып кириўши бағдар есапланады. Фактлерди тексериў принципи журналистлик тексериўден артық нәтийжелирек усылды усыныс ете алмайды. Ўақыт өткен сайын баспалар фактлерден сондай пайдаланыўды үйренди, яғный мақалалар Fact Checking процесинен керекли нәтийже менен өтеди.

Сын ушын айрықша бағдар — фактлерди тексериў хызметин усыныўшы шөлкемлердиң коммерциялық тийкардағы хызмети. Дәстүрий ҒХҚ сыяқлы, бундай шөлкемлер реклама бериўшилер ҳәм басқа инвесторларға қараслы. Олар қайсы бир шегараларда баҳаға тәсир көрсетиў арқалы қосымша пайдаланыўшыларды тартыўы яки коммерциялық буйыртпаны орынлаўы мүмкин.

Соны есте тутыў керек, фактлерди тексериў бойынша шөлкемлерде әпиўайы ҒХҚда қандай болса, тап сондай журналистлер иследеди. Усы машқаланы латынша: “Quis custodiet ipsos custodes” — “Қараўылдың өзин ким қорықлайды?” деген гәп пенен тәрийплейди. Солай екен, қадағалаў шөлкемлери дүзилгенде “қараўыллар” өзлери қадағалайтуғын шахслардан айрықшаланыўы белгилеп қойылған. Олардың мағлыўмат дәрежеси, мақсетлери, социаллық тийислилиги, мәмлекетлик хызмет дәрежесиндеги орны түпкиликли парқланады. Фактлерди тексериў жағдайында болса шөлкемлер тап усындай адамлардан қуралады, олардың мағлыўматы, мақсетлери ҳәм таныс-билислери әпиўайы журналистлердики менен бир қыйлы болады. Америкалы сайлаўшылардың 62 пайызының пикиринше, олар тийкарында әпиўайы журналистлер ҳәм баянатларда “fact checking” сөзин келтиргенлери ушын-ақ қосымша жеңилликлерге ылайық емес.

[1] https://habr.com/ru/post/403005/ 29.11.2019

Енди қалай жасаў керек?

Бундай жағдайда мүмкин болған бирден-бир шешим – журналистлик тексериўди бийғәрез алып барыўды үйрениўден ибарат. Бул когнитив қәтелерди табыўға уқсас ўазыйпа есапланады.

Биринши гезекте информацияның бирлемши дәрегин табыў лазым. Усы орында итибарыңызды Имам Ал-Бухарий ҳәм оның "Саҳих ҳадислар"ине қаратамыз. Саҳих сөзи ҳәдистиң сапасы болып, "саҳих ҳәдис" дегени "қәтеден таза болған исенимли ҳәдис" деген мәнини аңлатады. Улама тәрепинен ҳәдислерди жыйыўы ҳәм ҳақыйқый тексериўи фактчекингниң өзине тән көриниси десек, қәте болмайды. Дәректи тексериў мәселесине келсек, егер ал-Бухарий қандай да бир кисиден бир неше жақсы ҳәдис жазып алса, соң сол кисиниң перзентине қант ўәде етип бермегенин яки алдағанын билсе, оннан жазып алған ҳәдислерин өширер екен. Әпиўайы нәрселерде ҳәттеки, жас баланы алдаўға уқыплы инсанның келтирген үгитлери менен билдирген пикирин гүманлы деп билер екен. Тап соған уқсап, фактчекингде егер мақаладағы пикир "аноним дәрек информациясына көре", деп көрсетилген болса, бул дәректе баян етилген фактлерди анық билиўи мүмкинлигин тастыйықлаўшы толықтырыўлар көрсетилиўи шәрт. Егер дәрек улыўма көрсетилмеген болса, онда материалдың тийкарғы тезислери бойынша Google излеў системасы арқалы излеў нәтийже бериўи мүмкин. Егер бирлемши дәректи табыў мүмкин болмаса, онда бул қәлбеки мағлыўмат яки ҳүждансыз журналисттиң дөретиўшилик өними есапланады. Ҳәр екеўи де бирдей жаман сапаға ийе. Әдетте бундай ҳалатларға Ozodlik.org тиң өзбек хызмети көп жол қояды ҳәм соның ақыбетинде де оларда берилетуғын материаллар ҒХҚ әлеминде исенимлилик дәрежесин жойытқан десек, қәте болмайды. Бул жағына терең пикир жүргизип, қандай шәраятта белгили бир дәректен көрсетип өтилген мағлыўматлар келиўи мүмкин екенлигин ойлап көриў керек.

Кейинги пайытларда алдаўдың ғалабаласқан жолы – партлаў яки оқ изи қалдырылған ағаш яки темир бөлекшесин көрсетип, анық бир адам оқ үзгени яки партлатқанын айтыўдан ибаратқа уқсас хабарлар оғада көбейди. Бундай информацияны таярлаўдың бирден-бир усылы – еки бийғәрез экспертизаны көз-көреки өткериўден ибарат. Егер экспертиза ҳаққындағы мағлыўматлар усынылмаған болса, онда бул орында жалған мағлыўмат (фейк) тийкарында сананы басқарыў ҳалаты көринис табады.

Ҳәр бир факт өз тарийхына, өз тексериў усылы, тәртиби ҳәмде ҳүжжетлер бойынша тийисли талапларға ийе. Манипуляцияның басқа дәстүрий усылы: айырым ҳүжжетлерди көрип шығыўға жол қоймаў ҳәм сол тийкарда қалған ҳүжжетлерден фактти белгили бир көринисте көрсетиў ушын пайдаланыў да әмелиятта бар.

Егер сиз журналистлик тексериў менен көптен бери шуғылланып атырған болсаңыз, атама ҳәм биринши абзацты оқыўда-ақ материалдың ҳақыйқыйлығын анықлай аласыз. Оларды мақала текстинен де тез табасыз. Лекин буның ушын ҳеш болмағанда ўақыт, қәлеўиңиз ҳәм күшиңизди қызғанбайтуғын дәрежеде мәпдар болыўыңыз керек.

Усы параграфта “фейк жаңалықларсыз жәмийет” теориясы ҳаққында айтар екенбиз, теманың ең басында айтылған пикирге ҳәм келтирилген тийкарларға көре, бундай жәмийет еле-бери қәлиплеспеўи ҳәм “фейк”лер жаманлық дәрежесиндеги элемент болса да, олардың пүткиллей жоғалыўы жәмийет турмысын ақ-қара сүўреттеги картинаға айландырып қояды. Егер сондай ҳалда қалдырылса, қәлбеки мағлыўматлар ҳәм дезинформация инсаниятқа мисли көрилмеген апатшылықлар жеткериўи мүмкин. Соған қарамай, “фейк” жаңалықлардың бәрше түрин бирден жойыўға болмайды. Өйтсе жәмийетте информация теңлиги бузылады ҳәм күнделикли социаллық турмыс зеригерли болып қалады. Лекин бул жағдай бизге елеберин қәўип салмаслығын төмендеги саўаллар анализи арқалы да билип алыў мүмкин:



Сүўрет 1: Фактчекингке қызығыў фейк ньюсларға қызығыў дәрежесиниң ярымына да жеткен жоқ.



Сүүрет 2: Фоторедакторларға зәрүрлик усы фотоның оригинал формасы қандай болғанын билиў зәрүрлигинен көре бираз жоқары.

Әмелий шынығыў ушын тапсырмалар

1. “Фейк”лерсиз турмысты қалай қыял етиўиңизди тәрийплең. Бундай турмыс образы сизиңше, жақсы яки жаман екенлигин тийкарлаң.

2. “Фейк”лерден таза болыўдың унамлы ҳәм унамсыз тәреплерин талқылап көриң.

3. Қәнигелердиң пикирлерин дәреклерди тексериў арқалы туўры яки натуўры екенлигин анализлең.

3.3. “FAKE NEWS” ҲАҚҚЫНДА ҚӘНИГЕЛЕР НЕ ДЕЙДИ?

Гилт сөзлер: *жала, жаза, демократия өлшеми, нызамшылық, редактор фильтри, медиа саўатлылық, тренинг.*

Шерзодхон Қудратхўжаев ӨзЖҒКУ ректоры, халықаралық Пресс клуб баслығы

– Технологиялардың жедел раўажланыўы информацияны бир пункттен екинши пунктке оғада тез ҳәм аңсат жеткериў имканын бермекте. Нәтийжеде, заманагөй коммуникация қураллары барған сайын тексерилмеген яки мыш-мышларға тийкарланып тарқатылып атырған информациялар менен толмақта. Жалған-жасалма, өтирик, қәлбеки мағлыўматлардан ибарат бундай фейк информациялар, интернеттиң, әсиресе социаллық тармақлардың пайда болыўы ақыбетинде ол аудиторияның өсиўине хызмет етиўши информация түрлеринен бирине айланды. Бүгин социаллық тармақларда додаланбайтуғын қадаған тема қалмады. Әлбетте, ҳәр бир инсан өз пикирине ийе, еркин пикирлеў ҳәм пикирди ғалаба билдириў ҳәмменің ҳуқықына киреди. Лекин сондай нәзик перделер бар, ҳәр ким қәлегенинше пикир билдире алмайды. Булар шахсый турмысқа араласыў, кимдидур мазақ қылыў, кимгудур қәўип салыў, кимгедур урыс жәриялаў. Бул ушын жуўапкерлик те бар екенин билип алыўымыз шәрт. Әне сондай ҳалатлар: инсанлардың шахсый турмысына араласыў, кимдидур өсек қылыў, үстинен күлиў, ар-намысын аяқ асты етиў, теманы жүзеки шайнаў, “деди-деди”лердиң көбейип барыўы бир пайытлары АҚШ тәжирийбесинде “Trash War” яғный ҒХҚдағы “тасландылар урысы” деп тәрийпленген. Демек, “тасландылар урыслары” бизге де жетип келипти дә. Негедур жаман нәрселер тез жетип келеди, жақсыларынан көре.

Бирақ додалаўшы инсанлар әне усындай ҳалатларды жеке басынан кеширмегенше, процесс қурбаны болыў қандай екенин биле алмайды.

– Нызамшылығымызда жала ушын жаза шаралары бар, лекин, жалған хабар тарқатыўға тийисли шаралар көзде тутылмаған, – дейди *тренер Наргис Қосимова.* – Әсиресе, социаллық тармақларда бундай "фейк", жалған хабарлардың тарқалыўы, гейде ҳәтте рәсмий түрде информация тарқататуғын интернет басылымлардың да бул хабарларды бөлисиўи байқалады. Журналистлер бул мәселеде абайлы болыўы, оқыўшы санын асыраман, деп халыққа натуўры мағлыўмат тарқатыўы информация майданындағы абыройына дақ келтиретуғынын түсиниўи керек.[1]

Өзбекстан Республикасы Нызамшылық палатасы Инновациялық раўажланыў, информация сиясаты ҳәм информациялық технологиялар мәселелери комитети баслығы Илҳом Абдуллаевтың айтыўынша, "фейк" информациялардың тарқалыўын қадағалаў, буның ушын жуўапкерлик, қәлбеки информацияның профессионаллар емес, пуқаралар тәрепинен тарқатылыўындағы ҳалатлар нызамда анық көрсетилиўи лазым.

"Өзин профессионал деп есаплайтуғын журналистлер узатып атырған ҳәр бир информациясының анықлығы ҳәм ҳақыйқыйлығын тексериўи лазым. Бул "Журналистлик кәсипти қорғаў ҳаққында"ғы нызамда да көрсетилген. "Фейк" информация белгили бир шахсқа бағдарланған болса, ол адам судқа шағыныўы, өз атын ақлап алыўы мүмкин. Лекин "фейк" пүткил баслы бир қатламның абыройын былғайтуғын, тәртипсизлик келтирип шығаратуғын хабар болса-ше? Олар ушын әдилликти ким қарар таптырады?" ─ дейди Абдуллаев.[2]

– Бара-бара адамлар өзлерине келген почта хабарларын тексермей қояды", – дейди социал тармақ бойынша жетекши қәнигелерден бири Авдив Овадья BuzzFeed Newske берген интервьюинде. – Нәтийжеде интернет

[1] Мўминова Г. Эмлаш 95 фоиз бўлган мамлакатда эпидемия тарқалиши кулгили//"Zarnews.uz"(13.08.2019 16:09)
[2] https://kun.uz › news › 2019/07/02

пайдаланыўшыларында “ҳақыйқатқа бийпарықлық” пайда болып, бара-бара ҳақыйқатты жалғаннан ажырата алыў дәрежеси жоғалып барады. Адамлар мәзи жаңалықларға итибар бермей қояды. Бул демократия ушын зәрүр болған өлшемлерден бири - пуқаралардың жәмийетлик-сиясий турмыстан хабардарлық дәрежесин кескин түсирип жибериўи мүмкин.

“Қәўип көринип турыпты, лекин ең жаманы мен оның менен гүресиў жолларын көрмей атырман. Инфокалипсисти тоқтатыў ушын интернет пенен беллесе алатуғын арнаўлы бағдарлама жаратыў лазым болады”, дейди Овадья.[1]

Литва журналистлер шөлкеми баслығы, узақ жыллар радиода “ҒХҚ анатомиясы” еситтириўин алып барған журналист, ПР ҳәм медиасаўатлылық бойынша қәниге Дайнис Радзевичиус өз тәжирийбесинен мысал келтиреди:

– Бул ўақыя бир неше жыл алдын жүз берген еди. Мен енди Орайлық Азиядан қайтқан пайытымда, сол жерлик кәсиплесим мени Трамптан жақсы интервью алғанлығым менен қутлықлады. “Қандай интервью, деп жаздым ҳайран қалып. Ол: қандайы неси, Россия ҒХҚда тарқалды-ғо, деп жуўап берди. Мәлим болыўынша, мен, Литванинг LRT каналы хабаршысы Радзявичус, Трамптан интервью алған емишпен. Ол болса “Жақында Балтық-бойы мәмлекетлери олардың қоңсысы Россия болған себепли, раўажлана алмай атырғанын айтты. Биз оларға Африка мәмлекетлерин өзлерине қоңсы етсин, деп мәсляҳәт берер едик. Керек болса, бул бағдарда жәрдем бериўимиз де мүмкин”, деп жуўап берген емиш.

Бул сол фейк.

Буны оқығанымда ҳәз етип күлдим. Өзимниң Фейсбуктағы бетимде, биринши́ден, Қурама Штатларында болмағанымды, екиншиден, Трамптан интервью алмағанымды жәрияладым. Ең қызығы неде, билесиз бе? Мени биринши болып қутлықлаған кәсиплесим маған жазды: интервью болған еди ғо? Мен: болмаған! Ол: бопты, лекин Трамп жақсы айтқан-ә? Мен: ол буны айтпаған! Ол: лекин пикир бәрибир жақсы. Сол ўақта мен жалған

[1] https://hightech.fm/2018/02/13/information_apocalypse

информация адамлардың пикирлеўине қалай тәсир көрсетиўи ҳаққында ойланып қалдым. Биз бәрибир тийкарында өзимиз көриўди, еситиўди қәлегенимизге исенеди екенбиз...”



Инсан табияты негизи “фейк”ке – яғный ненидур бөрттирип яки керисинше етип көрсетиўге бейим болады. Бүгин технологиялық прогресс нәтийжесинде усы бейимликти реал турмыста сәўлелендириў және де аңсатласты. Интернеттиң заман ҳәм мәкан билмес имканиятлары болса оның тез ҳәм кең тарқалыўына хызмет етти.

Маған қалса, “фейк ньюс”лер ақыбетинде информация аппокалипсиси еле өткен әсирде-ақ жүз берген еди, деген болар едим. II жәҳән урысы сол аппокалипсис еди, тийкарында. Радиода үгит, басылымлардың ғалабаласыўы ҳәм тек идеялар пропагандасына хызмет етиўи, кинотеатрларда қойылған көпшилик фильмлерде жасырын ҳәм гейде әшкара сиясий шақырықлар (әсиресе коммунистлерде) – “фейк ньюс”лер ақыбетинде миллионлар өлип кетти.

Бүгин информацияның көп ҳәм ҳәр түрлилиги адамды шаршатыўы тәбийий. Гей-гейде информациядан диета услап, өзинизге интернетсиз күн жәриялап турың.

Европа аўқамының инсан ҳуқықлары мәселелари бойынша комиссары Дунья Миятович “Ҳәзирги жаңа технологиялар дүньясында миллионлап инсанлар социаллық тармақлар арқалы журналистикаға тартылған бир пайытта, профессионал этиканы тәмийинлеў ўазыйпасы жаңалықлар ҳәм информацияны таңлаў ҳәмде фильтрден өткериў менен шуғыллаными ўшы редакторлар ҳәм басқа шахслардың жуўапкершилигине жүклениўи шәрт”- деп есаплайды.

Тийкарғысы, төмендегилер:

• Медиа ҳәм интернет саўатлылық бойынша билимлендириў бағдарламаларын раўажландырыў”

• Ҳәр түрли аудитория ушын информацияны тексериў платформаларын тарқатыў;

• Жәмийетшилик пикирин турақлы үйренип барыў;

• Медиа-базарды изертлеў ҳәм медиа тутыныў бойынша объектив мағлыўматларды бериў зәрүр.

ТТәжикстан ғәрезсиз ҒХҚ миллий асоциациясы баслығы Нуриддин Қаршибоев: “Бүгинги күнде фактчекингке журналистикадағы жаңа тренд яки қандайдур қупыя сыр сыпатында қараў ғалабаласқан. Фактчекинг – бул журналистика әлипбеси, ол тек жаңалықлар емес, ал аналитикалық материалларды да таярлаў сапасын асырыўшы әҳмийетли қурал саналады”. Бәлким, фактчекинг профессионал журналистикадан узақ болғанлар ушын расында да жаңа термин шығар, лекин журналистикада анықлық ҳәм исенимлиликти еле ҳеш ким бийкарлай алмаған.

Гуманитар илимлер бойынша Россия мәмлекетлик университети, ҒХҚ институты, Журналистика факультети ТРИТ кафедрасы доценти Максим Корнев “Фактлерди тексериў” түсиниги дәстүрий журналистикадан жаңа ғалаба хабар қуралларына кирип келди” - дейди. Анығырағы, редакция принциплеринен келип шыққан ҳалда: редактор фильтри журналист технологиясында зәрүрли шәрт. Усы технология этикалық принциплер менен белгиленеди: бийғәрезлик, объективлик, қалыслық, анықлық. Усы принциплерге бойсынған ҳалда аудитория исенимине ериседи ҳәм басылымның абыройы қәлиплеседи.

Ҳақыйқат исенимли дәлийллер менен қоллап-қуўатланатуғын ўақыя. Ҳәр түрли адамлар бир қыйлы ҳәдийсеге түрлише қараўлары мүмкин, лекин сиз фактлер менен таласа алмайсыз. Соның ушын факт тек анықланып емес, ал тексерилиўи, еки мәрте тексерилиўи ҳәм “гранитке тасланыўы” керек. Соның ушын дәлийллерди бузып көрсетиў объективлик ҳәм анықлыққа қарсы жынаят. Бул бийғәрезлик ҳәм қалыслыққа қарсы қасттан етилген жынаят болса, ең жаманы. Бул қасттан манипуляция етилген қурылыс болса, ол пүткиллей жаман.

Журналист, заманагөй журналистиканы раўажландырыў орайы директоры Саида Сулайманова темаға мүнәсибетин парадоксал пикир менен билдиреди: “Фейкньюс бул жәмийет ушын бир ўақыттың өзинде ҳәм зыян, ҳәм пайда. Медиаиммунитети төмен инсанларға бул әлбетте, зыян. Олар аңсат ғана “фейклер реаллығына” түсип қалады. Лекин медиасаўатлылығы раўажланған инсанды шалғытыў/алдаў қыйын. Онда сын пикирлеў раўажланған ҳәм соның ушын ол бәрше информацияларды қайта тексерип, дәреклерди салыстырып, пикирлерди анализлеп қабыл етеди. Яғный фейкньюс әйне усы жәмийет ўәкиллеринде медиаиммунитетии еле де күшейтеди”. Фейкньюс пенен

гүресе алатуғын факторлар бул билим, медиасаўатлылық, саламат скептецизм ҳәм фактчек.

Жоқары экономика мектеби үлкен оқытыўшысы, тренер ҳәм бизнес консультант Сергей Долгов – социаллық медиа технологиялардан қандай пайдаланыў кереклигин үйрететуғын қәниге сыпатында: “Заманагөй дүньяда оқыўшылар аз, тамашагөй болса көп, - дейди.

- Адамлар интерактивликке өш, олар журналистлик материалда сизди емес, өзин көриўди қәлейди. Медиа контент жаратыўда усы тәреплерге итибар бермес екенсиз, бәрше урыныўларыңыз зая кетеди. Дәстүрий ҒХҚ ушын информацияны барынша усыныў, рационаллық ҳәм қыяллық тән болса, бүгинги масс-медиа инсанлар сезимин ҳәрекетке келтириў, барлықты сәўлелендириўде олардың тиккелей қатнасын тәмийинлеўге умтылмақта. Интернет пайдаланыўшылары арасында виртуал яки толтырылған реаллық технологиялары, лонгрид, подкаст, пуш, комикс, лайфхак, чат-пот ҳәм басқа кең форматлар ғалабаласып атырғанының да себеби сонда.

“Жоқары экономика орайы” миллий изертлеў институты профессори, “Россия сегодня” халықаралық информация агентлиги мәслаҳәтшиси Олег Дмитриев: информацияны оператив узатыў пайытында гейде билмеген ҳалда фейклер де тарқалыўы тәбийий.

Футбол короли Пеленің өлими менен байланыслы ҳалатты алайық. Бул хабарды тарқатқан информация дәреги тийкарында факт емес, фактоид, яғный ҳақыйқат көринисиндеги жалған менен ис көрген. Ҳеш жерде тастыйықланбаған мағлыўматты сайтлар көширип баса берген. Нәтийжеде дезинформация жүз берди. Журналист ҳәр қандай шәраятта информацияны тексериўи шәрт. Плагиатлық, мыш-мышларға тийкарланып жуўмақ шығарыў қалыслық ҳәм ҳақыйқыйлықтың душпаны. Қыял етиң, жолаўшы самолёттиң қулап түскенине байланыслы видеоны қолға киргиздиңиз.

Сенсацияға ылайық тема. Итимал, усы видео эфирда кеткеннен соң, рейтингиңиз көтерилер. лекин ол қәлбеки болып шықса ше?! Қыйын аўҳалда қалыўыңыз анық. Хош, бундай жағдайларда қандай жол тутыў керек? Биринши́ден, сол ўақытта, сол маркадағы авиалайнер ҳаўада расында да болған ба я жоқ па, соны анықлаң. Интернетте дүнья бойлап әмелге асырылып атырған авиарейслер ҳаққында турақлы мағлыўмат бериўши сайтлар бар. Қала берсе, жуўапкер шөлкемлерден ўақыя бойынша рәсмий информация алыў керек. Туўры, жуўап кешигиўи мүмкин, лекин рәсмий дәреклерге адамлар бәрибир исенеди. Бир ўақыттың өзинде социаллық тармақлардан авиаапатшылық гүўаларын излеп көриң. Видеосъёмка яки фотосүўретти муқыятлап үйренип, самолёт қулаған орынды анықлаў да оғада әҳмийетли. Дезинформация менен аудиторияның өзи де гүресиўи мүмкин. Мәселен, мен информацияны бир емес, бир неше ҳәм илажы барынша түрли тиллердеги дәреклерден алыўды усыныс етемен. Факт ҳәм санларды салыстырыў арқалы фейкти аңсат анықлап алса болады. Умытпаң, ҳәр қандай журналистлик материалда белгили бир позиция болады. Лекин бул нәрсе абсолют жақсы яки жаман деўге тийкар бола алмайды.



Анджей Краевский (Польша) публицист, политолог, медиатренер:

Тәжирийбе: Биз поляклларға жақын күнлерден бери 308 мәмлекет катарында енди АҚШқа да визасыз шығыў мүмкин болды ҳәм дерлик сол күни-ақ, Польшаның тийкарғы мәмлекетлик телеканалы “Польшадан биринши турист Лос Анжелеске визасыз саяхат етти” темасындағы сюжетти эфирге узатты. Бул сюжетте сол турист жигиттиң телеканалларға сол темада интервью бериўи, польшалы белгили баскетболист пенен ушырасыўы, саяхаты менен байланыслы ҳәм т.б. жағдайлар сәўлеленген. Билесиз бе, бул жигит ким? Ол усы телеканал журналисти. Яғный мәлим болыўынша, бул шөлкемлестирилген сюжет еди. Қала берсе, 2019-жылы май айында Еврокомпания өткерилгенде де тап усы жигит белгиялы журналист сыпатында интервью берген. Демек, бул ТВ журналистлери зәрүр болса, сюжет ушын керекли роллерди де тез-тез ойнап турады. Зийрек тамашагөй буны байқаўы қыйын емес. Нәтийжеде ҒХҚ өз абыройын түсиреди. Мине, көрип турғаныңыздай, фейк тек интернет-

те емес, дәстүрий ҒХҚ ҳәтте мәмлекетлик телеканалда да ушыраспақта. Фейкньюс ҳәм жәмийет: Интернет журналистиканы тараў сыпатында соншелли әпиўайыластырды, енди қәлеген адам журналистликти ийелеўге ҳақылы. Фейкньюс көпшилик интернетте, профессионал емес журналистлердиң журналистлик материаллары ақыбетинде көбейди. Егер фейклер юмор ушын жаратылса мейли, бул оның ҳазарсыз көриниўи, лекин жәмийетлик сиясий тараўдағы дезинформацияны ҳазарсыз фейк деў мүшкил. Фейкньюстиң ҳәр қандай формасына емес, әйне дезинформацияға карсы гүресиў керек.

Усыныс: әдетте хабардың исенимлилигин оның дәреги статусына карап анықланады. Жоқарыдағы мысал бүгинги күнде абыройлы, рәсмий дәреклер де аудитория ҳәм рейтинг артынан қуўып фейкке жол қойып атырғанын көрсетти. Фейкньюс цивилизация ағымында жәмийет шалынған және бир социаллық кеселлик. Бул жәмийет усы күнге шекем қандай кеселликлерге ем таппаған. Пайыты келип, бунысын да емлейди. Ҳәзирше болса биз оқығымыз келгенин оқып, көргимиз келгенин көриў менен шекленемиз.

Әмелий шыныгыў ушын тапсырмалар

1. Қәнигелердиң пикирлерин талқылаң. Олардың қайсы бири әмелий жақтан ҳәзирги шәраятқа қолланыў мүмкинлигин тийкарлаң.

Бап бойынша қадағалаў саўаллары

1. Информациялық апокалипсис дегенде нени түсинесиз?
2. “Фейк” жаңалықларсыз жәмийет болыўы мүмкин бе?
3. “Фейк”лердиң алды алынбаса, не болады?
4. Факт чекингтен пайдаланыўдың қандай платформаларын билесиз?
5. Қәнигелердиң пикирине нелерди қосымша қылған болар единиз?

ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ:

1. Journalism, fake news & disinformation: handbook for journalism education and training. ЮНЕСКО. 2018.
2. Ильченко С.Н. Фейковая журналистика как элемент современной шоу-цивилизации. – Известия Уральского федерального университета. Сер.1.Проблемы образования, науки и культуры. Т. 153. 2016.
3. Иссерс О.С. Медиафейки: между правдой и мистификацией. Коммуникативные исследования. –М. 2014.
4. Макурин А.И., Возмищева М.А. Некоторые итоги деятельности Б. Обамы. – Гуманитарные научные исследования. № 11. Доступ: http://human.snauka.ru/2016/11/17653 (проверено 30.03.2019).
5. J. Soll, “The Long and Brutal History of Fake News,” POLITICO Magazine, 18-Dec-2016. [Online]. Available: http://politi.co/2FaV5W9. [Accessed: 02-Aug-2018].
6. Суходолов А.П. Феномен “фейковых новостей” в современном медиапространстве. – Евроазиатское сотрудничество: гуманитарные аспекты: материалы международной научно-практической конференции. -Иркутск: Изд-во.Байкальского государственного университета. 2017.
7. Корецкая О.В. Фейковые новости как объект изучения медиалингвистики (на материале англоязычных СМИ). -М. 2017.
8. Красовская Н.Р., Гуляев А. А., Юлина Г. Н. Фейковые новости как феномен современности// Власть. 2019.№4.
9. Комиссаров М. А. “Проблема распространения недостоверной информации в СМИ и социальных медиа” // Тезисы к выступлению на 20-й Центрально-Азиатской Конференции СМИ “Будущее журналистики”. https://www.osce.org›representative-on-reedom-of-media
10. Суходолов А.П. Феномен “фейковых новостей” в современном медиа пространстве// Евроазиатское сотрудничество: гуманитарные аспекты: материалы международной научно-практической конференции. -Иркутск: Изд-во Байкальского государственного университета, 2017.
11. Тертычный, А. А. Жанры периодической печати. уч.пос. – М., 2002.
12. Тоффлер Э. Третья волна. - Москва: АСТ, 2004.

13. Фатеева И.А. Социальные сети в аспекте медиабезопасности // сб. тезисов и статей Всероссийской научно-практической конференции (с международным участием) “Медиаобразование”. - М., 2014.
14. Bakshy E., Messing S., Adamic L. A. Exposure to Ideologically Diverse News and Opinion on Facebook // Science. 2015. Vol. 348. № 6239.
15. Gentzkow M., Alcott H. Social Media and Fake News in the 2016. Election // Journal of Economic Perspectives. 2017. Vol. 31. № 2 - Spring 2017
16. Kiernan R. With the rise of Fake News on Social Media, can Information Literacy impact how students evaluate information on their social media channels?
17. Master Thesis. Dublin Business School: [Электронный ресурс]. Режимдоступа:https://esource.dbs.ie/bitstream/handle/10788/3319/msc_kiernan_r_2017.pdf?sequence=1&isAllowed=y
18. Veerle G. Fake News in the Online World: An Experimental Study–Bachelor Thesis – Tilburg University: [Электронный ресурс].Режим доступа: http://arno.uvt.nl/show.cgi?fid=143285
19. Cabreza, Vincent. “Fake news also hounded 1896 Philippine revolution”. newsinfo.inquirer.net. Retrieved June 5, 2017.
20. Telecommunications Act (Cap. 323), retrieved from [1]on June 20, 2017.
21. Javier, Kristian. “Pangilinan Wants Facebook Penalized over Fake News”. philstar.com. Retrieved June 2, 2017.
22. Doshi, Vidhi (October 1, 2017). “India’s millions of new Internet users are falling for fake news – sometimes with deadly consequences”. Washington Post. Retrieved December 30,2017.

Интернет дереклери:

1. “Военные против фейков: Пентагон разрабатывает алгоритм для вычисления фальшивого контента”.
2. https://www.youtube.com/watch?v=RuTRxkyWdc0 Мурожаат: 14.12.2019
3. [Электронный ресурс]. Режим доступа: https://www.dropbox.com
4. https://www.popmech.ru/technologies/news-520744-adobe-raz-i-navsegda-unichtozhit-feyk-nyus-i-plagiat/ Мурожаат: 19.11.2019
5. https://news.rambler.ru/other/41616357-mezhdunarodnyy-opyt-borby-s-feykami-na-kogo-ravnyaetsya-rossiya/?updated

6. http://portal-kultura.ru/articles/best/235734-sad-raskhodyashchikhsya-feykov/
7. https://habr.com/ru/post/403005/ 29.11.2019
8. https://hackastory.com
9. https://adespresso.com/blog/instagram-statistics/
10. https://www.newswhip.com/2017/06/top-media-publishers-oninstagram/
11. https://www.stopfake.org

АВТОРЛАР ХАҚҚЫНДА:

Муратова Нозима Фахритдиновна

Өзбекстан журналистика ҳәм ғалаба коммуникациялар университетиниң Илимий ислер ҳәм инновациялар бойынша проректоры.

Доцент, ғалаба коммуникациялар бойынша илимлер докторы – PhD, халықаралық журналистика магистри. Медиабилимлендириў, онлайн журналистикада мультимедиалық, медиада жасалма интеллект тараўында илимий изленис алып барады.

Германияның DW Academy ҳәм Университет бирге ислесиўинде шөлкемлестирилген Ташкенттеги “Медиаменеджмент Мектеби” директоры.

Германияның InWent (GIZ) шөлкеми халықаралық журналистика бойынша тренери сертификаты ҳәмде “Журналистикада ең жақсы IT оқытыўшы” дипломы ийеси. Онлайн журналистика, ғалаба хабар қураллары ҳәм информациялық саўатлылық, журналистикада жойбарластырыў бойынша оқыў ҳәм методикалық қолланбалар авторы. UzReportTV телеканалындағы “Digital Evolution” телебағдарламасы авторы ҳәм баслаўшысы (2018), “Region Inform” интернет мәлимлеме агентлиги редакторы (2009-2010), ictnews.uz интернет басылымының медиа-мәсләҳәтшиси (2011), TENDERWEEK.com интернет-жойбары басшысы. ОБСЕ, UNESCO, GIZ, АБР, ПРООН, TACIS халықаралық жойбарларының эксперти.

Тошпўлатова Назира Қурбановна

ӨзЖҒКУ, медиа теориясы ҳәм әмелияты кафедрасы баслығы, филология илимлери кандидаты, доцент. ӨзМУ (ТашДУ) журналистика факультетин питкерген. “Журналистиканың халықаралық ҳуқықый тийкарлары” (2012), “Журналистика психологиясы” (2013), “Өзбекстан ҒХҚда балалар темасы сәўлелениўиниң ҳуқықый тийкарлары” (2014, авторлықта), “Аналитикалық журналистика” (2019) оқыў қолланбалары, “Журналистиканың ҳуқықый тийкарлары” (2019, авторлықта) сабақлығы авторы. “Дўстлик” ордени ийеси.

Алимова Гулноза Бахшуллоевна

ӨзЖҒКУ санлы медиа ҳәм интернет журналистикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы, 2008-жылда ӨзМЖТУ халықаралық журналистика факультетиниң бакалавр, 2010-жылда ӨзМУ журналистика факультети магистратура қәнигелигин питкерген. 2018-жылда интернет журналистикасы бағдарында филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) дәрежесин алған. ҒХҚның барлық түрлеринен әмелий тәжирийбеге ийе.

Н.Ф.Муратова, Н.К.Тошпўлатова, Г.Б.Алимова

FAKE NEWS: МЕДИАДА ДЕЗИНФОРМАЦИЯ

Журналистика ҳәм коммуникация тараўлары студентлери ушын қолланба

Ташкент – “Инновацион ривожланиш нашриёт-матбаа уйи” – 2020

Редактор: Ш.Кушербаева
Тех. Редактор: А.Мойдинов
Корректор: Ш.Миркасимова
Компьютер вёрсткаси: Ж.Абдужалилов

Баспа лиц. AI № 009, 20.07.2018.
Баспаға рухсат берилди 28.02.2020 Формат 60x84 1/8.
Гарнитура “Times New Roman” Офсет басылым.
Шәртли баспа табақ. 13,5. Баспа табағы. 13,0.
Тираж 500. Буйыртпа №12.

“Инновацион ривожланиш нашриёт матбаа уйи” М.У.К. типографиясында басылды
100066, г. Ташкент, Алмазар көшеси, 171.